




BAGIKAN   

Awit pituwase dosa iku pati, balik sih peparinge Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita.

Rum 6:23

Pinujia Gusti Allah iya Ramane Gusti kita Yesus Kristus kang marga saka gunging sih palimirmane wis nglairake kita maneh tumuju marang urip kang kebak ing pangarep-arep lumantar wungune Gusti Yesus Kristus saka ing antarane wong mati.

1 Petrus 1:3

Awit dene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan nanging nduwenana urip langgeng.

Yokhanan 3:16



Sugeng rawuh ing alih basa Jawi saking [www.GotQuestions.org](http://www.GotQuestions.org)!

## Wangsulan pitaken-pitaken Kitab Suci!

Kita mboten nampi pitaken-pitaken ingkang katujokaken kita salebeting basa Jawi ing wekdal punika. Menawi panjenengan saged nyerat lan maos basa Inggris, panjenengan saged ngintunaken pitaken panjenengan dhateng - <http://www.gotquestions.org/Bible-Questions.html>.

Urutaken ing ngandap lembaran-lembaran ingkang saged kita sadiyakaken salebeting basa Jawi.

### Kabar kabingahan

#### [Manggih Gesang Langgeng?](#)

#### [Kados pundi kulo nampi pangapunten saking Gusti?](#)

#### [Kula satunggaling Muslim, kening punapa kula kepengin dados tiyang Kristen?](#)

#### [Punapa artosipun nampeni Yesus dados Juruwilujeng pribadi panjenengan?](#)

#### [Punapa punika Margining Kawilujengan saking serat Rum?](#)

#### [Punapa ingkang dipun wastani dados Kristen lair enggal?](#)

#### [Punapa punika rancangan kawilujengan?](#)

#### [Punapa punika Kristen?](#)

#### [Punapa punika pandonganing tiyang dosa?](#)

#### [Punapa punika agami ingkang sae tumrap kula?](#)

#### [Punapa wonten gesang sasampunipun pejah?](#)

#### [Punapa namung Gusti Yesus margi tumuju ing Swarga?](#)

#### [Kadospundi kula saged pikantuk kayektosaning Gusti Allah?](#)

#### [Punapa punika sekawan angger-anggering karohanen?](#)

#### [Kadospundi kula mangertos kanthi leres bilih kula badhe lumebet ing Swarga manawi kula pejah?](#)

#### [Kawula nembe kemawon masrahaken kapitadosan kawula wonten ing Yesus ... sapunika kados pundi?](#)

Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sih rahmat marga pracaya lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah, iku dudu wohing panggawemu: Aja ana wong kang gumunggunng.

Efesus 2:8-9

Sabab manawa sarana tutukmu kowe ngakoni yen Gusti Yesus iku Gusti lan atimu pracaya yen Gusti Allah wus mungokake Panjenengane saka ing antarane wong mati, kowe bakal kapitulungan rahayu.

Rum 10:9

Nanging Gusti Allah wus ngatingalake sihe marang kita, awit Sang Kristus wus nglampahi seda kanggo kita, nalika isih padha kawengku ing dosa.

Rum 5:8



---

**Pitaken ingkang wigatos sanget**

**Sinten to Yesus Kristus punika?**

**Punapa Gusti Allah punika wonten? Punapa wonten buktinipun bab wontenipun Gusti Allah?**

**Punapa Yesus punika Gusti Allah? Punapa Yesus nate nelakaken bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah?**

**Punapa Gusti Allah punika nyata? Kadospundi kula saged sumerep supados yakin bilih Gusti Allah punika nyata?**

**Punapa tegesipun gesang?**

**Punapa tiyang Kristen lan tiyang Muslim nyembah Gusti Allah ingkang sami?**

**Punapa Kakristenan punika lan punapa kapitadosan Kristen punika?**

**Punapa punika kawicaksananipun Gusti Allah? Punapa ingkang kakersakaken dening Gusti Allah?**

**Punapa Kitab Suci punika saestu Pangandikanipun Gusti Allah?**

**Punapa kaallahanipun Kristus wonten sesambetanipun kaliyan Kitab Suci?**

**Punapa kawilujengan punika namung karena kapitadosan, utawi karena kapitadosan lan pandamel?**

**Punapa tiyang Kristen kedah nuhoni toret ing Prajanjian Lawas?**

**Sinten to Roh Suci punika?**

**Kadospundi kula saged mangertos karsanipun Gusti Allah tumrap gesang kula?**

**Kadospundi kula saged ngungguli dosa ing salebeting gesang Kakristenan kula?**

**Manawi kula mlebet agama Kristen, kulawarga kula badhe boten ngakeni kula lan kula badhe kasiksa sanget ing kabudayan kula.**

**Kenging punapa kula boten kaparengaken nglalu?**

---

**Pitaken-pitaken ingkang paling sering dipun takekaken**

**Sepisan kawilujengaken tansah kawilujengaken?**

**Punapa ingkang kadadosan sasampunipun pejah?**

**Punapa katentreman ingkang langgeng punika nyondhongi ing Kitab Suci?**

**Punapa wigatosipun baptisan Kristen?**

**Punapa Kitab Suci mucal bab Trinitas?**

**Kados punapa panyawanging tiyang Kristen tumrap tumindak nglalu? Kados pundi miturut Kitab Suci bab nglalu?**

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab seks saderengipun pernikahan?

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab dedana saprasadasa?

Kitab Suci ngandika punapa bab pernikahan antawis suku bangsa?

Kadospundi pangandikanipun Kitab Suci bab pegatan lan pernikahan malih?

Punapa wanita pikantuk dados pandhita? Punapa ingkang kapangandikakaken dening Kitab Suci bab wanita ing paladosan?

Punapa punika kanugrahan wicanten ngangge basa roh?

Kitab Suci ngandika punapa bab ngombe alkohol/anggur?

Punapa pangandikanipun Kitab Suci ngengingi botoh? Punapa botoh punika dosa?

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab nggaret badan (tato)?

Punapa sato-kewan saged lumebet ing Swarga? Punapa sato-kewan gadhah roh?

Ing pundi Gusti Yesus sadangunipun tigang dinten antawis sedanipun lan wungunipun?

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab dinosaurus? Punapa dinosaurus wonten ing Kitab Suci?

Sinten semahipun Kain? Punapa semahipun Kain punika adik estrinipun?

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab tumindak jindik? Punapa jindik punika dosa?

Parancangan – punapa punika dosa miturut Kitab Suci?

---

Wangsulan pitaken-pitaken Kitab Suci!

© Copyright 2002-2014 Got Questions Ministries  
www.gotquestions.org/Jawi - Wangsulan pitaken-pitaken Kitab Suci

## Manggih Gesang Langgeng?

---

### Pitaken: Manggih Gesang Langgeng?

**Wangsulan:** Kitab Suci maringi margi ingkang cetha tumuju gesang langgeng. Kapisan, kita kedah ngakeni bilih kita dosa dhumateng Gusti: “Marga kabeh wong wis padha gawe dosa sarta konkatan ing kamulyaning Allah” (Rum 3:23). Kita sampun nindakaken sadaya samukawis ingkang mboten dipun keparengaken dening Gusti, ingkang murugaken kita pantes nampi paukuman. Margi sadaya dosa kita wekasanipun kita lumawan dhumateng Gusti ingkang langgeng, mila namung paukuman ingkang langgeng ugi ingkang pantes. “Awit pituwase dosa iku pati, balik sih peparinge Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita.” (Rum 6:23)

Nanging, Yesus Kristus, ingkang tanpa dosa (1 Petrus 2:22), Putraning Allah ingkang langgeng sampun dados manungsa (Yokhanan 1:1, 14) lan seda kangge ngruwat dosa kita. “Nanging Gusti Allah wus ngatingalake sihe marang kita, awit Sang Kristus wus nglampahi seda kanggo kita, nalika isih padha kawengku ing dosa” (Rum 5:8). Yesus Kristus seda wonten ing kajeng salib (Yokhanan 19:31-42), nanggél paukuman ingkang pantesipun kangge kita (2 Korintus 5:21). Tigang dinten salajengipun Panjenenganipun wungu saking sedanipun (1 Korintus 15:1-4), mbuktekaken kamenanganipun saking dosa lan pejah. “Pinujia Gusti Allah iya Ramane Gusti kita Yesus Kristus kang marga saka gunging sih palimirmane wis nglairake kita maneh tumuju marang urip kang kebak ing pangarep-arep lumantar wungune Gusti Yesus Kristus saka ing antarane wong mati” (1 Petrus 1:3).

Lumantar kapitadosan, kita kedah nilaraken dosa lan wangsul dhumateng Sang Kristus kangge kawilujengan (Lelampahaning Para Rasul 3:19). Menawi kita masrahaken kapitadosan kita wonten ing Panjenenganipun, pitados bilih sedanipun wonten ing kajeng salib punika kangge ngruwat dosa kita, kita bade kaapunten lan nampi prajanjian gesang langgeng ing swarga. “Awit dene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan nanging nduwenana urip langgeng” (Yokhanan 3:16). “Sabab manawa sarana tutukmu kowe ngakoni yen Gusti Yesus iku Gusti lan atimu pracaya yen Gusti Allah wus mungokake Panjenengane saka ing antarane wong mati, kowe bakal kapitulungan rahayu” (Rum 10:9). Kapitadosan piyambakan wonten ing pamungkasan pakaryanipun Kristus ing kajeng salib namung punika margi tumuju dateng gesang langgeng! “Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sih rahmat marga pracaya lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah, iku dudu wohing pangawemu: Aja ana wong kang gumunggung” (Efesus 2:8-9).

Menawi panjenengan kepingin nampi Yesus Kristus dados Juruwilujeng panjenengan, punika satunggaling conto pandonga. Enget, pandonga punika utawi pandonga sanesipun mboten bade damel wilujenging panjenengan. Namung kapitadosan wonten ing Kristus ingkang saged milujengaken panjenengan saking dosa. Pandonga punika cara ingkang gampil kangge ngetingalaken dhumateng Gusti kapitadosan panjenengan dateng Panjenenganipun lan pamatur nuwun tumrap kawilujengan panjenengan peparingipun Gusti. “Duh Gusti, kawula rumaos bilih kawula sampun dosa dhumateng Paduka lan pantes nampi paukuman. Nanging Yesus Kristus sampun nanggél paukuman ingkang kedahipun kawula tanggel, saengga lumantar kapitadosan dhumateng Panjenenganipun kawula saged kaapunten. Kawula mratobat saking dosa kawula lan masrahaken kapitadosan kawula wonten in Paduka kangge kawilujengan. Matur nuwun dene Paduko sampun maringi pangapunten lan kanugrahan – sih rahmating gesang langgeng! Amin!

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Manggih Gesang Langgeng?



## Kados pundi kulo nampi pangapunten saking Gusti?

---

### Pitaken: Kados pundi kulo nampi pangapunten saking Gusti?

**Wangsulan:** Lelampahaning Para Rasul 13:38 nyariosaken, “Milanipun ndadosna ing kauninganipun para saderek, margi saking Panjenenganipun punika panjenengan sadaya sami kawartosan bab pangapunteing dosa.”

### Punapa punika pangapunten lan kenging punapa kula mbetahaken?

Tembung “pangapunten” tegesipun mbusak ngantos resik, paring pangapunten, mbatalaken utang. Nalika kita lepat dhumateng satunggaling tiyang, kita nyuwun pangapunten saking tiyang kalawau, supados sesambetan kita saged kapulihaken malih. Pangapunten mboten dipun sukakaken margi tiyang ingkang nyuwun pangapunten punika pantes dipun apunten. Mboten wonten satunggal kemawon tiyang ingkang pantes kaapunten. Pangapunten punika pawujudan saking tresno, kamirahan lan sih rahmat. Pangapunten punika pancasan mboten mendhem sengit tumrap samukawis ingkang katindakaken dening tiyang dhumateng panjenengan.

Kitab Suci martosaken dhumateng kita bilih kita sadaya mbetahaken pangapunten saking Gusti. Kita sadaya sampun dosa. Kohelet 7:20 nyariosaken, “Sanyatane ing bumi iki ora ana wong kang mursid: Kang nglakoni penggawe becik lan ora tau nglakoni dosa!” 1 Yokhanan 1:8 nyariosaken, “Saupama kita padha ngaku ora duwe dosa, dadi padha ngapusi awak kita dhewe lan ora kadunungan ing kayekten.” Sadaya dosa puniko sajatosipun pambalilo dhumateng Gusti (Jabur 51:6). Saengga, kita sanget mbetahaken pangapunten saking Gusti. Menawi dosa-dosa kita mboten kaapunten, kita sadaya badhe nglampahi kasangsaran langgeng ingkang katempuhaken karana dosa-dosa kita (Matius 25:46; Yokhanan 3:36).

### Pangapunten – Kados pundi anggen kula ngupados?

Kita ngaturaken panuwun, Gusti ingkang Maha asih lan Maha mirah, kepingin sanget paring pangapunten dhumateng dosa-dosa kita. 2 Petrus 3:9 nyariosaken, “Panjenengane nyabari kowe, sebab karsane aja nganti ana wong kang nemu bilai, nanging supaya kabeh wong padha bali sarta mratobat. Gusti kepingin paring pangapunten dhumateng kita, milanipun Panjenenganipun nyawisaken margi pangapuntenan kangge kita.

Namung satunggal paukuman ingkang adil tumrap dosa-dosa kita inggih punika pejah. Bagian kapisan saking serat Rum 6:23 nyariosaken, “Awit pituwase dosa iku pati ....” Pejah ingkang langgeng punika pituwase saking dosa-dosa kita. Gusti, wonten ing rancanganipun ingkang sampurna, rawuh dados manungsa, Yesus Kristus (Yokhanan 1:1,14). Yesus seda wonten ing kajeng salib nanggal paukuman ingkang kedahipun kita tanggel – pejah. 2 Korintus 5:21 mucal kita, “Panjenengane kang ora tepang karo dosa wus kadosakake marga saka kita, supaya ana ing Panjenengane kita kabenerake dening Gusti Allah.” Yesus seda wonten ing kajeng salib supados nggantosaken kita nampi paukuman ingkang kedahipun kita tampi! Wonten ing Allah, sedanipun Yesus nyawisaken pangapunteing dosa kangge saising jagad. 1 Yokhanan 2:2 martosaken, “Lan Panjenengane iku kang dadi pangruwate dosa kita, lan ora ngemungake dosa kita bae, nanging malah iya dosane wong sajagad kabeh.” Wungunipun Yesus martosaken kaunggulanipun saking dosa lan pejah (1 Korintus 15:1-28). Pinujia Gusti, karana sedanipun lan wungunipun Yesus Kristus, bagian kapindo saking Rum 6:23 dados kasunyatan, “Awit pituwase dosa iku pati, balik sih peparinge Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang Kristus Yesus Gusti kita.”

Punapa panjenengan sami kersa nampi pangapunten tumrap dosa-dosa panjenengan? Punapa panjenengan rumaos lepat ingkang mboten saged ical ing salebeting manah? Pangapunten tumrap dosa-dosa panjenengan sumadia menawi panjenengan masrahaken manah lan kapitadosan panjenengan wonten ing Yesus Kristus. Efesus 1:7 nyariosaken, “Sabab iya ana ing Panjenengane marga saka rahe, kita kaparingan tetebusan, yaiku pangapunteing dosa, manut gunging sih-rahmate.” Yesus ngluwari utang dosa kita supados kita saged kaapunten. Inggih perlu panjenengan tindakaken inggih punika namung nyuwun pangapunten dhumateng Gusti wonten ing Yesus Kristus, pitados bilih Yesus sampun seda kangge ngruwat panjenengan, lan Gusti bade paring pangapunten dhumateng panjenengan. Yokhanan 3:16-17 isi wartos endah punika, “Awit dene Gusti Allah anggone ngasih marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting supaya saben wong

kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng. Sabab Gusti anggone ngutus Kang Putra ngrawuhi jagad iku ora supaya ngadili marang jagad, nanging supaya mitulungi rahayu marang jagad.”

### **Pangapunten – gampil sanget?**

Leres, gampil sanget. Panjenengan mboten saged nindakaken punapa-punapa kangge ngupados pangapunten. Panjenengan mboten saged tumbas pangapunten saking Allah. Panjenengan namung saged nampeni, kalayan kapitadosan, saking sih rahmat lan kamirahanipun Gusti. Menawi panjenengan sumadia nampi Yesus Kristus dados Juru wilujeng panjenengan lan nampeni pangapunten saking Gusti, panjenengan saged ndedonga kalayan pandonga punika. Pandonga punika, utawi pandonga sanesipun, mboten bade milujengaken panjenengan. Namung pitados dhumateng Yesus Kristus ingkang nyawisaken pangapuntening dosa. Pandonga punika namung cara kangge mujudaken kapitadosan panjenengan dhumateng Gusti lan kangge ngaturaken panuwun dhumateng Panjenenganipun karana pangapunten ingkang dipun paringaken panjenengan. “Duh Gusti, kawula rumaos bilih kawula sampun dosa dhumateng Paduka lan kawula pantes kaukum. Nanging Yesus sampun nanggél paukuman ingkang kedahipun kawula tanggel saengga kalayan kapitadosan dhumateng Panjenenganipun kawula saged kaapunten. Kawula mratobat saking dosa-dosa kawula lan pitados dhumateng Panjenenganipun kangge kawilujengan kawula. Matur nuwun dene Paduka sampun paring pangapunten! Amin!

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

### **[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Kados pundi kulo nampi pangapunten saking Gusti?

## Kula satunggaling Muslim, kenging punapa kula kepengin dados tiyang Kristen?

---

### **Pitaken: Kula satunggaling Muslim, kenging punapa kula kepengin dados tiyang Kristen?**

**Wangsulan:** Mbokmenawi aspek ingkang paling ngremenaken saking sesambetan antawisipun Islam lan Kristen inggih punika punapa ingkang dipun cariyosaken Qur'an bab Yesus. Qur'an mratelakaken bilih Allah ngintunaken Yesus lan nyengkuyung Panjenenganipun sarana Roh Suci (Sura 2:87), bilih Allah mulyakaken Yesus (Sura 2:253), bilih Yesus punika sae bebudenipun lan tanpa dosa (Sura 3:46; 6:85; 19:19), bilih Yesus punika kawungokaken saking seda (Sura 19:33-34), bilih Allah ngutus Yesus mbangun satunggaling agama (Sura 42:13), sarta bilih Yesus kaangkat dhateng Swarga (Sura 4:157-158). Mila, tiyang Muslim ingkang saestu, leresipun ngulinakaken kaliyan piwucalipun Yesus sarta mituruti (Sura 3:48-49; 5:46).

Piwucalipun Gusti Yesus kacathet dening para sakabatipun, ingkang rinci sanget, ing salebeting Kitab Injil. Sura 5:111 mratelakaken bilih para sakabat kaparingan wahyu dening Gusti Allah supados pitados ing Gusti Yesus lan piwucalipun. Sura 61:6, 14 nyumuripi kekalihipun Yesus lan para sakabatipun minangka ingkang mbiyantu Allah. Minangka abdinipun Allah, para sakabatipun Yesus gadhah cathetan sacara leres lan rinci bab piwucalipun Gusti Yesus. Qur'an njurungi para tiyang Muslim supados ngugemi lan miturut dhateng kekalihipun Torat lan Injil (Sura 5:44-48). Manawi Yesus tanpa dosa, sadaya prakawis ingkang dipun wucalaken punika saestu leres. Manawi para sakabatipun Yesus punika abdinipun Gusti Allah, para sakabat kalawau gadhah cathetan bab piwucalipun Gusti Yesus sacara leres lan rinci.

Langkung Mohammad, Allah, ing salebeting Qur'an, njurungi tiyang Muslim supados sinau bab Injil. Allah boten paring dhawuh manawi Injil punika awon. Mila saking punika, salinaning Injil ing jamanipun Mohammad saged dipun pitados lan leres. Wonten kathah salinan Injil ingkang ngrumiyini jaman Mohammad langkung 450 tahun. Sacara harafiah wonten ewon ayat saking Injil. Mbandingaken salinan paling kina, salinan saking jamaning Mohammad, lan salinan sasampunipun jamaning Mohammad – katingal cetha sanget bilih sadaya salinan Injil punika cocok sanget punapa ingkang dipun cariyosaken bab Gusti Yesus lan piwucalipun. Saestu boten wonten bukti bilih Injil punika awon. Mila saking punika, kita saged mangertos kanthi yakin bilih sadaya ingkang dipun wucalaken dening Gusti Yesus punika leres, bilih piwucalipun kanthi rinci kacathet ing Injil, sarta bilih Allah sampun njagi kaleresaning Injil.

Punapa bab-bab ingkang kacathet ing Injil ngengingi Yesus? Ing Yokhanan 14:6, Yesus ngandika, "Aku iki dalane sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sija kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora ,etu ing Aku." Gusti Yesus mucalaken bilih Panjenenganipun punika margi ingkang tumuju dhateng Gusti Allah. Ing Matius 20:19, Yesus ngandika bilih Panjenenganipun badhe kasalib, kasedani, lan badhe wungu saking seda ing tigang dintenipun. Injil kanthi cetha nyathet punika wau minangka kadadosan saleresipun ingkang sampun kanyana dening Gusti Yesus (Matius bab 27-28, Markus bab 15-16, Lukas bab 23-24, Yokhanan bab 19-21). Kenging punapa Yesus, nabining Allah ingkang agung, marengaken Sariranipun kasedani? Kenging punapa Allah marengaken punika? Gusti Yesus ngandika bilih boten wonten katresnan ingkang langkung ageng katimbang ngurban-aken gesang panjenengan tumrap mitra panjenengan (Yokhanan 15:13). Yokhanan 3:16 nyariosaken bilih Gusti Allah ngasih kita ngantos maringaken Yesus dados kurban tumrap kita.

Kenging punapa kita perlu Yesus ngurbanaken gesangipun tumrap kita? Punika kunci bendenipun antawisipun Islam lan Kristen. Islam mucal bilih Allah ngadili kita adedasar dhateng punapa tumindak sae kita langkung kathah saking tumindak awon kita. Kakristenan mucal bilih boten wonten sok sintena ingkang saged nglintoni tumindak awonipun kaliyan tumindak ingkang sae. Sanadyan manawi saged nglintoni kathah tumindak awon kaliyan kathah tumindak sae, Allah punika mutlak lan sampurna kasucianipun satemah Panje-nenganipun boten saged marengaken sinten kemawon lumebet ing Swarga ingkang sampun tumindak sanadyan namung dosa tunggal. Allah, sampurna lan suci, boten saged mareng-aken punapa kemawon ingkang kirang sampurna lumebet ing Swarga. Bab punika nilaraken kita sadaya wonten ing margi ingkang tumuju ing kalanggengan ing neraka. Tuntutan kasucianipun Allah satunggaling pakungan ingkang langgeng tumrap dosa. Awit saking punika Yesus kedah dados kurban tumrap kita.



Kados dene Qur'an mucalaken, Yesus punika tanpa dosa. Kadospundi manungsa saged gesang tanpa tumindak dosa sanadyan namung sepisan? Punika mokal. Kadospundi salajengipun Yesus nyampurnakaken punika? Yesus punika langkung saking manungsa, Yesus piyambak ngandika bilih Panjenenganipun punika dados satunggal kaliyan Gusti Allah (Yokhayan 10:30). Gusti Yesus mratelakaken Sariranipun minangka Allahing Toret (Yokhanan 8:58). Injil kanthi cetha mucalaken bilih Yesus punika Allah ingkang manjelma manungsa (Yokhanan 1:1, 14). Gusti Allah pirsu bilih kita sadaya sampun dosa lan awit saking punika boten saged lumebet ing Swarga. Allah pirsu bilih margi satunggal-satunggalipun kita saged kaapunte inggih punika utang dosa kita karuwat. Allah pirsu bilih namung Panjenenganipun ingkang saged ngluwari tanpa wates. Allah manjelma dados manungsa – Yesus Kristus – nilaraken gesang ingkang tanpa dosa (Sura 3:46; 6:85; 19:19), mucal ba-bab kasampurnan, lan seda tumrap kita, kangge ngluwari paukumaning dosa kita. Allah nindakaken punika awit Panjenenganipun ngasihi kita, awit Panjenenganipun nger-sakaken nglampahi kalanggengan di Swarga sesarengan Panjenenganipun.

Lajeng, punapa tegesipun punika tumrap panjenengan? Yesus kurban ingkang sampurna tumrap dosa kita. Allah nawekaken dhumateng kita sadaya pangapunte lan karahayon manawi kita purun klayan gampil nampeni peparingipun tumrap kita (Yokhanan 1:12), pitados Gusti Yesus dados Juruwilujeng ingkang masrahaken gesangipun tumrap kita – para mitranipun. Manawi panjenengan masrahaken kapitadosan panjenengan ing Gusti Yesus minangka Juruwilujeng panjenengan, panjenengan badhe pikantuk jaminan sakwetahipun saking gesang langgeng ing Swarga. Gusti Allah badhe paring pangapunteing dosa panjenengan, nyucekaken manah panjenengan, ngenggalaken roh panjenengan, maringi gesang kaluberan ing jagad, lan gesang langgeng ing jagad ing wekdal ngajeng. Kadospundi kita saged nolak kanugrahan ingkang endah punika? Kadospundi kita saged nyingkur Gusti Allah ingkang sampun ngasihi kita ngantos ngurbanaken Sasiranipun tumrap kita?

Manawi panjenengan boten yakin kaliyan punapa ingkang panjenengan pitadosi, kita ngaturi panjenengan ngucapaken pandonga dhumateng Gusti Allah punika; “Dhuh Gusti, mugi mitulungi kawula supados mangertos punapa ingkang leres. Mugi mitulungi kawula ningali ingkang lepat. Mugi mitulungi kawula supados mangertos pundi margi ingkang leres tumuju karahayon.” Gusti Allah badhe tansah nampeni pandonga.

Manawi panjenengan kepengin nampeni Gusti Yesus dados Juruwilujeng panjenengan, matur kanthi prasaja dhumateng Gusti Allah, sacara lisan utawi sacara batos, sarta matur Panjenenganipun bilih panjenengan nampeni kanugrahan karahayon lumantar Yesus. Manawi panjenengan kepengin ngaturaken pandonga, punika contonipun: “Dhuh Gusti Allah, maturuwun awit sampun ngasihi kawula. Maturuwun sampun ngurbanaken sarira Paduka tumrap kawula. Maturuwun sampun sumadya paring pangapunte lan karahayon. Kawula nampeni kanugrahan karahayon lumantar Gusti Yesus. Kawula pitados Gusti Yesus minangka Juruwilujeng kawula. Kawula ngasihi Paduka Gusti sarta masrahaken badan kawula dhumateng Paduka. Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Kula satunggaling Muslim, kenging punapa kula kepengin dados tiyang Kristen?

## **Punapa artosipun nampeni Yesus dados Juruwilujeng pribadi panjenengan?**

---

### **Pitaken: Punapa artosipun nampeni Yesus dados Juruwilujeng pribadi panjenengan?**

**Wangsulan:** Punapa panjenengan sampun nate nampeni Gusti Yesus Kristus dados Juruwilujeng pribadi panjenengan? Saderengipun panjenengan mangsuli, kaparenga kula nerangaken pitaken kalawau. Kados dene mangertosi saleresipun bab pitaken punika, ingkang utami panjenengan ugi kedah mangertosi “Yesus Kristus,” “pribadi” lan “Juruwilujeng.”

Sinten Yesus Kristus punika? Kathah tiyang kepingin sumerep dene Yesus Kristus punika tiyang sae, guru agung, utawi malah nabining Allah. Mesthi kemawon sadaya wau leres sanget tumrap Gusti Yesus, nanging tiyang-tiyang mboten negesaken sinten Gusti Yesus ing saleresipun. Kitab Suci nyariosaken dhumateng kita bilih Yesus punika Gusti Allah ingkang manjilma ing kadagingan, Allah dados manungsa (Yokhanan 1:1,14). Allah rawuh ing donya memucal kita, maluyakaken kita, ngleresaken kita, paring pangapunten dhumateng kita – lan seda kangge kita! Yesus Kristus punika Gusti Allah, ingkang nitahaken sadaya samukawis, Allah ingkang Maha kwaos. Punapa panjenengan sampun nampeni Yesus ingkang punika?

Punapa Juruwilujeng punika lan kening punapa kita mbetahaken Juruwilujeng? Kitab Suci nyariosi kita bilih kita sadaya sampun dosa, kita sadaya sampun nglampahi tumindak dosa (Rum 3:10-18). Karana dosa kita punika, kita pantes nampi duka lan pangadilaning Allah. Namung paukuman ingkang tanpa wates ingkang pantes tumrap dosa ingkang sampun kalampahi lumawan dhumateng Gusti ingkang maha kwaos lan langgeng (Rum 6:23; Wahyu 20:11-15). Karana punika mila kita mbetahaken Sang Juruwilujeng!

Yesus Kristus, rawuh ing donya lan seda ing panggenan kita. Sedanipun Yesus, inggih Allah ingkang manjilma ing kadagingan, dados satunggaling pangruwat ingkang tanpa wates tumrap dosa-dosa kita (2 Korinta 5:21). Yesus seda supados nanggél paukumaning dosa kita (Rum 5:8). Yesus sampun nglunasi regining dosa kita saengga kita mboten kedah nglunasi malih. Wungunipun Gusti Yesus saking seda ngyektosaken bilih sedanipun sampun cekap kangge ngruwat paukumaning dosa kita. Karana punika inggih namung Yesus punika satunggaling Juruwilujeng (Yokhanan 14:6; Lelampahanipun Para Rasul 4:12)! Punapa panjenengan pitados bilih Yesus punika Juruwilujeng panjenengan?

Punapa Yesus Juruwilujeng “pribadi” panjenengan? Kathah tiyang nyipati Kakristenan punika namung saking wujuding gereja, upacara agama ingkang katingal, temtu sanes lelampahaning dosa. Punika sanes Kakristenan. Kakristenan ingkang sajatos inggih punika sesambetan sacara pribadi kaliyan Yesus Kristus. Nampeni Yesus dados Juruwilujeng panjenengan pribadi artosipun masrahaken diri pribadi panjenengan wonten ing kapitadosan lan kayakinan dhumateng Panjenenganipun. Mboten wonten satunggal kemawon tiyang ingkang bade wilujeng wonten ing kapitadosan sanes. Mboten wonten satunggal kemawon tiyang ingkang bade kaapunten karana nindakaken tumindak ingkang katemtokaken. Namung wonten satunggal cara kawilujengaken inggih punika nampeni Gusti Yesus sacara pribadi dados Juruwilujeng panjenengan, ngyakini bilih sedanipun Gusti Yesus punika dados sarana pangruwating dosa panjenengan, lan wungunipun Panjenengan-ipun dados tanggél gesang langgeng (Yokhanan 3:16). Punapa Yesus saestu dados Juruwilujeng pribadi panjenengan?

Menawi panjenengan kepingin nampeni Yesus Kristus dados Juruwilujeng pribadi panjenengan, panjenengan saged matur dhumateng Gusti sarana tembung ing ngandap punika. Enget, ngucapaken pandonga punika utawi pandonga sanes mboten bade milujengaken panjenengan. Namung pitados dhumateng Kristus ingkang saged milujengaken panjenengan saking dosa. Pandonga punika nelakaken dhumateng Gusti Allah kapitadosan panjenengan wonten ing Panjenenganipun lan pamaturnuwun dene Panjenenganipun sampun nyawisaken kawilujengan kita. “Duh, Gusti, kawula rumaos bilih kawula sampun dosa lumawan dhumateng Paduka lan pantes kaukum. Nanging Yesus Kristus sampun nanggél paukuman ingkang pantesipun kawula tanggél saengga lumantar kapitadosan wonten ing Panjenenganipun kawula saged kaapunten. Kawula wangsul saking dosa kawula lan masrahaken kayakinan kawula wonten ing kawilujengan Panjenengan. Kawula nampeni Yesus dados Juruwilujeng kawula ingkang pribadi! Maturnuwun Gusti dene Paduka paring kabingahan endah lan pangapunten – peparinging gesang langgeng! Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

[\*\*Wangsul ing lembaran basa Jawi\*\*](#)

Punapa artosipun nampeni Yesus dados Juruwilujeng pribadi panjenengan?

## Punapa punika Margining Kawilujengan saking serat Rum?

---

### Pitaken: Punapa punika Margining Kawilujengan saking serat Rum?

**Wangsulan:** Margining Kawilujengan saking serat Rum inggih punika cara kangge sasarengan migunakaken Injil kawilujengan sarana ayat-ayat saking serat Rum ing Kitab Suci. Punika cara ingkang prasaja sarta kiyat sanget kangge njlentrehaken kenging punapa kita perlu kawilujengan, kadospundi Gusti paring kawilujengan, kadospundi kita saged nampi kawi-lujengan, sarta punapa dasaripun kawilujengan.

Ayat kapisan saking margining kawilujengan saking serat Rum inggih punika Rum 3:23, “Marga kabeh wong wus padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah.” Kita sadaya sampun dosa. Kita sadaya sampun nindakaken samukawis ingkang mboten kaparengaken dening Gusti Allah. Mboten sok tiyanga ingkang tanpa dosa. Rum 3:10-18 maringi gambaran ingkang jlimet bab kados punapa dosa katingal wonten ing gesang kita. Ayat kapindo wonten Margining Kawilujengan saking serat Rum, Rum 6:23, mucal dhumateng kita bab pituwasing dosa – “Awit pituwase dosa iku pati, balik sih-peparinge Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita.” Paukuman ingkang tampi karena dosa kita inggih punika pejah. Mbonten namung pejah sacara badaniah, nanging pejah langgeng!

Ayat kaping tiga wonten Margining Kawilujengan saking serat Rum kaping saking Rum 6:23 pethilan wingking, “balik sih-peparinge Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita.” Rum 5:8 nyuraosaken, “Nanging Gusti Allah wus ngatingalake sihe marang kita, awit Sang Kristus wus nglampahi seda kanggo kita, nalika kita isih pada kawengku ing dosa.” Yesus Kristus seda kangge kita! Sedanipun Yesus dados pangruwating dosa kita. Wungunipun Yesus nelakaken bilih Gusti Allah marengaken sedanipun Yesus dados pangruwating dosa kita.

Ayat kaping sekawan ngendelaken margining kawilujengan saking serat Rum wonten ing Rum 10:9, “Sabab, manawa sarana tutukmu kowe ngakoni yen Gusti Yesus iku Gusti, lan atimu pracaya yen Gusti Allah wus mungokaken Panjenengane saka ing antarane wong mati, kowe bakal kapitulungan rahayu.” Sabab sedanipun Yesus punika karena kita, sadaya ingkang kedah kita tindakaken inggih punika namung pitados dhumateng Panjenenganipun, pitados bilih sedanipun dados pangruwating dosa kita – mila kita badhe kawilujengaken! Rum 10:13 nyuraosaken malih, “Awitdene sapa kang nyebut Asmaning Pangeran bakal kapitulungan rahayu.” Yesus seda dados pangruwating paukumaning dosa kita lan nulungi kita saking kalanggenganing pejah. Kawilujengan, pangapunteing dosa, kasadiakaken tumrap sok sintena ingkang purun pitados ing Yesus Kristus minangka Gusti sarta Juruwilujeng.

Wawasan kaping gangsal saking margining kawilujengan saking serat Rum. Rum 5:1 ngandhut warta endah makaten, “Mulane kita kang wus padha kabenerake awit saka pracaya, kita padha urip kalawan rukun karo Gusti Allah marga dening Gusti kita, Gusti Yesus Kristus.” Lantaran Yesus Kristus kita saged gadah sesambetan kang rahayu kaliyan Gusti Allah. Rum 8:1 mucal kita, “Kang iku, sakiki wis ora ana paukuman maneh tumrap wong kang padha ana ing Sang Kristus Yesus.” Amargi sedanipun Yesus karena kita, kita mboten nate kaukum karena dosa kita. Wekasanipun, kita kaparingan prajanjianing Gusti Allah punika saking Rum 8:38-39, “Sabab aku mesthekake, sanadyan pati utawa urip, para malaekat apa para panguwasa, kang saiki ana utawa kang bakal ana, apa para panguwasa kang ana ing dhuwur utawa ing ngisor, lan sadhengah titah liyane, ora bakal bisa megatake kita saka ing sihe Gusti Allah, kang ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita.”

Punapa panjenengan purun ndherek margining kawilujengan saking serat Rum? Manawi makaten, punika wonten pandonga ingkang prasaja ingkang saged panjenengan dongakaken dhumateng Gusti Allah. Ngucapaken pandonga punika sarana kangge ngunjukaken dhumateng Gusti Allah bilih panjenengan masrahaken kawilujengan panjenengan dhumateng Yesus Kristus. Tembung-tembung punika piyambak mboten badhe milujengaken panjenengan. Namung kapitadosan dhumateng Yesus Kristus ingkang saged paring kawilujengan! “Duh Gusti, kawula rumaos bilih kawula sampun dosa lumawan dhumateng Paduka satemah kawula pantes kaukum. Nanging Gusti Yesus Kristus sampun nanggél paukuman ingkang pantesipun kawula tanggel supados lumantar kapitadosan wonten ing Panjenenganipun kawula saged kaapunte. Karena pitulungan Paduka, kawula wangsul malih saking dosa kawula sarta masrahaken kapitadosan kawula dhumateng Paduka kangge kawilujengan. Maturnuwun dene Paduka paring karahayon lan

pangapunten – inggih peparing gesang langgeng! Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa punika Margining Kawilujengan saking serat Rum?

## Punapa ingkang dipun wastani dados Kristen lair enggal?

---

### Pitaken: Punapa ingkang dipun wastani dados Kristen lair enggal?

**Wangsulan:** Punapa ingkang dipun wastani dados Kristen lair enggal? Bagian utami saking Kitab Suci tumrap wangsulan saking pitaken punika inggih punika Yokhanan 3:1-21. Gusti Yesus Kristus ngandika dhumateng Nikodemus, pangajenging Parisi lan warganing Sanhedrin (panguwaos Yahudi). Nikodemus manggihi Gusti Yesus ing wanci dalu. Nikodemus gadah pitakenan tumrap Gusti Yesus.

Nalika Gusti Yesus ngandika kaliyan Nikodemus, Panjenenganipun mangsuli, "Satemen-temene pituturKu ing kowe: Wong manawa ora kalairake maneh mesthi ora bisa weruh Kratoning Allah. Unjoke Nikodemus: "Tiyang sampun sepuh makaten anggenipun saged lair kadospundi? Punapa saged lumebet masih dhateng guwa-garbaning biyungipun, lajeng kalairaken malih?" Paring wangsulane Gusti Yesus: "Satemen-temene pituturKu ing kowe: Wong manawa ora kalairake saka banyu lan Roh, mesthi ora bisa lumebu marang Kratoning Allah. Apa kang lair saka ing daging iku daging lan kang lair saka ing Roh, iku roh. Aja gumun, dene Aku pitutur ing kowe: Kowe kudu padha kalairake maneh" (Yokhanan 3:3-7).

Patrapan "lair malih" ing saleresipun "lair saking inggil." Nikodemus gadah kabetahan ingkang nyata. Piyambakipun betah gantosing manah—gantosing karohanen. Lair enggal, kalairaken malih, punika pakaryaning Gusti Allah satemah lumantar margi punika tiyang pitados saged kaparingan gesang langgeng (2 Korinta 5:17; Titus 3:5; 1 Petrus 1:3; 1 Yokhanan 2:29; 3:9; 4:7; 5:1-4, 18). Yokhanan 1:12,13 nelakaken bilih "lair malih" ugi nuwuhaken gagasan "dados putraning Allah" lumantar kapitadosan ing asmanipun Gusti Yesus Kristus.

Pitaken ingkang pinanggih ing nalar inggih punika, "Kenging punapa tiyang mbetahaken lair malih?" Rasul Paulus wonten ing Efesus 2:1 ngandika, "Kowe biyen padha mati marga saka panerak-panerak lan dosa-dosamu." Tumuju tiyang Rum wonten ing serat Rum 3:23, Rasul Paulus nyerat, "Marga kabeh wong wus padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah." Mila, sok sintena mbetahaken lair malih supados dosanipun kaapunten lan nggadahi sesambetan kaliyan Gusti Allah.

Kadospundi bab punika saged dumados? Efesus 2:8,9 nyebataken, "Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah, iku dudu wohing panggawemu: aja ana wong kang gumunggung." Menawi wonten satunggaling tiyang ingkang "kawilujengaken" piyambakipun sampun kalairaken malih, karohanenipun kaanyaraken, lan sapunika dados putraning Allah miturut pranataning lair enggal. Pitados ing Yesus Kristus, Panjenenganipun ingkang sampun ngruwat paukumaning dosa nalika Panjenenganipun seda wonten ing kajeng salib, punika ingkang dipun pikajengaken "lair malih" sacara karohanen. "Dadi sapa kang ana ing sang Kristus, iku dadi titah anyar ...." (2 Korinta 5:17a).

Menawi panjenengan dereng nate pitados bilih Gusti Yesus Kristus punika Juruwilujeng panjenengan, punapa panjenengan purun nenimbang tuwuhipun Roh Suci ingkang wawan sabda ing salebeting manah panjenengan? Panjenengan perlu lair malih. Punapa panjenengan purun nedonga pandonganing pratobatan lan dados titah enggal wonten ing Kristus, dinten punika? "Nanging sapa bae kang nampani Panjenengane iku diparingi wewenang dadi para putraning Allah iya iku kang padha pracaya marang asmane, kang laire ora saka getih, iya ora saka pakaremaning daging utawa saka karepe wong lanang, nanging saka ing Allah" (Yokhanan 1:12-13).

Menawi panjenengan kepingin nampeni Yesus Kristus dados Juruwilujeng panjenengan lan purun lair enggal, punika wonten conto pandonga ingkang prasaja. Enget, ngucapaken pandonga punika utawi pandonga sanes mboten badhe milujengaken panjenengan. Namung pitados dhumateng Kristus ingkang saged milujengaken panjenengan saking dosa. Pandonga punika cara ingkang prasaja tumrap panjenengan nelakaken kapitadosan dhumateng Panjenenganipun lan pamaturnuwun konjuk Panjenenganipun ingkang sampun paring kawilujengan dhumateng panjenengan. "Duh Gusti, kawula rumaos bilih kawula sampun dosa wonten ing ngarsa Paduka lan pantes kaukum. Nanging Yesus Kristus sampun nanggul paukuman ingkang kedahipun kawula tanggel satemah sarana kapitadosan wonten ing Panjenenganipun kawula saged kaapunten. Kawula nilaraken dosa kawula lan

masrahaken kapitadosan kawula dhumateng Paduka kangge kawilujengan. Maturnuwun dene Paduka paring kabingahan sarta pangapunten – paring gesang langgeng! Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

**[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Punapa ingkang dipun wastani dados Kristen lair enggal?

## Punapa punika rancangan kawilujengan?

---

### Pitaken: Punapa punika rancangan kawilujengan?

**Wangsulan:** Punapa panjenengan luwe? Sanes luwe sacara badaniah, nanging punapa panjenengan ngraosaken luwe bab langkung ingkang wonten ing gesang panjenengan? Punapa punika bab ing salebeting manah panjenengan ingkang dereng nate damel marem? Menawi makaten, Yesus punika marginipun! Pangandikane Gusti Yesus, “Aku iki roti panguripan; sing sapa marani Aku, iku ora bakal luwe maneh, sarta sing sapa pracaya marang Aku, iku ora bakal ngelak maneh” (Yokhanan 6:35).

Panjenengan bingung? Panjenengan dereng nate manggih margi utawi tujuan salebeting gesang? Punapa katingalipun kados dene tiyang ingkang kapejahan lampu lan mboten saged manggih gantosipun? Menawi makaten, namung Yesus punika marginipun. Yesus paring dhawuh, “Aku iki pepadhanging jagad; sing sapa ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduweni padhanging urip” (Yokhanan 8:12).

Panjenengan nate ngraosaken kados kakuncen saking gesang? Punapa panjenengan sampun nyobi sawetawis kori, lan namung manggih kakosongan ing sawingkinging kori lan mboten migunani? Punapa panjenengan ngupados margi tumuju satunggaling gesang ingkang migunani? Menawi makaten, Yesus punika marginipun! Yesus ngandika, “Aku iki lawange; sapa kang lumebune metu ing Aku, iku bakal kapitulungan rahayu, sarta bakal lumebu lan metu, apadene bakal nemu pangonan” (Yokhanan 10:9).

Punapa tiyang sanes sami ngendelaken panjenengan wonten ing kasisahan? Punapa pasrawungan panjenengan kraos cethek lan kosong? Punapa raosipun sadaya tiyang namung nyobi mendhet kauntungan saking panjenengan? Menawi makaten, Yesus punika marginipun! Yesus ngandika, “Iya Aku ini pangon kang utama. Pangon kang utama iku ngetohake nyawane kanggo wedhus-wedhuse.... Aku ini pangon yang utama sarta Aku niteni kang dadi wedhus-wedhusKu lan wedhus-wedhusKu pada wanuh marang Aku” (Yokhanan 10:11, 14).

Panjenengan kwatos kaliyan punapa ingkang badhe kadadosan sasampunipun gesang punika? Panjenengan bosen wonten ing salebeting gesang panjenengan tumrap bab-bab ingkang namung kebak ing sesakit lan karisakan? Punapa kadang kala panjenengan rumaos gojak-gajek punapa gesang punika migunani? Punapa panjenengan kepingin gesang sasampunipun panjenengan pejah? Menawi makaten, Yesus punika marginipun! Yesus ngandika, “Iya Aku iki patangen lan kauripan. Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati. Lak sok wonga kang urip sarta pracaya marang Aku, iku ora bakal mati ing salawas-lawase. Kowe apa pracaya marang iku?” (Yokhanan 11:25-26).

Punapa margi punika? Punapa kaleresan punika? Punapa gesang punika? Yesus paring wangsulan, “Aku iki dalane sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku” (Yokhanan 14:6).

Luwe ingkang panjenengan raosaken punika luwe ing karohanen, lan namung saged kaisi dening Yesus. Inggih namung Yesus kemawon ingkang saged ngusir pepeteng. Yesus punika gapura tumuju kamaremaning gesang. Yesus punika kanca lan pangen ingkang panjenengan padosi. Yesus punika gesang – ing jagad punika lan ing wekdal ngajeng. Yesus punika margining kawilujengan!

Dasaripun panjenengan kraos luwe, dasaripun panjenengan rumaos ical ing satengahing pepeteng, dasaripun panjenengan mboten saged manggih piguna salebeting gesang, punika karena panjenengan tebih saking Gusti Allah. Kitab Suci nyariosaken dhumateng kita bilih kita sadaya sampun dosa, lan lajeng tebih saking Gusti (Pangaduh 7:20; Rum 3:23). Kakosongan ingkang panjenengan raosaken ing manah panjenengan punika raosing kecalan Gusti saking gesang panjenengan. Kita katitahaken supados nggadahi sesambetan kaliyan Gusti. Nanging karena dosa kita, kita kapisahaken saking sesambetan punika. Malahan langkung awon malih, dosa kita badhe murugaken kita kapisahaken saking Gusti tumrap sadaya kalanggengan, gesang punika lan ing wekdal ngajeng (Rum 6:23; Yokhanan 3:36).

Kadospundi bab punika saged kapecahaken? Yesus punika marginipun! Yesus piyambak nanggél dosa kita (2 Korinta 5:21). Yesus seda nggantosaken kita (Rum 5:8), nanggél paukuman ingkang pantesipun kangge kita. Tigangdintenipun, Yesus wungu saking seda,



mbuktekaken kamenanganipun saking dosa lan pejah (Rum 6:4-5). Kangge punapa Panjenenganipun nindakaken punika? Yesus piyambak sampun paring wangsulan tumrap pitaken punika, “Ora ana katresnan kang gedhene ngluwahi katresnaning wong kang ngetohake nyawane kanggo nglabuhi mitra-mitrane” (Yokhanan 15:13). Yesus seda supados kita saged gesang. Menawi kita masrahaken kapitadosan wonten ing Yesus, pitados bilih sedanipun kangge ngruwat dosa kita – sadaya dosa kita kaapunte lan kaimbah resik. Salajengipun raos luwe karohanen kita kamaremaken. Pepadang badhe kagesangaken. Kita badhe lumebet ing gesang ingkang migunani. Kita badhe mangertosi kanca sejatos ingkang leres lan pangen ingkang sae. Kita badhe mangertosi bilih kita badhe nggadahi gesang sasampunipun kita pejah – gesang katangekaken wonten ing swarga sarta kalanggengan kaliyan Yesus!

“Awitdene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng” (Yokhanan 3:16).

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa punika rancangan kawilujengan?

## Punapa punika Kristen?

### Pitaken: Punapa punika Kristen?

**Wangsulan:** Kamus Webster netepaken tiyang Kristen inggih punika “tiyang ingkang ngakeni pitados bilih Gusti Yesus punika Kristus utawi ingkang dasaring agaminipun saking piwucaling Gusti Yesus.” Kadang kala punika dados pambukaning pangertosan ingkang sae tumrap punapa punika Kristen, kados dene kathah tetapan-tetapan kadonyan, punika radi lepat sakedik jalaran sesambetan ingkang leres kaliyan kayektosan saking kitab suci inggih punika punapa ingkang dipun wastani dados tiyang Kristen.

Tembung Kristen nate kaginakaken kaping tiga wonten ing Prajanjian Enggal (Lelakune Para Rasul 11:26; Lelakune Para Rasul 26:28; 1 Petrus 4:16). Pandherekipun Yesus Kristus ingkang kasebat “Kristen” wonten ing Antiokhia (Lelakune Para Rasul 11:26) sabab lelampahan, pakaryan, sarta wicantenipun kados dene Kristus. Aslinipun kaginakaken dening tiyang-tiyang Antiokhia ingkang mboten kawilujengaken ingkang dados satunggaling sebatan pangina ingkang kaginakaken kangge ngece Kakristenan. Dene saleresipun “kalebet ing kempalaning Kristus” utawi “panganut utawi pandherekipun Kristus,” punika ingkang sami kaliyan ingkang katetepaken sacara Kamus Webster.

Emanipun sasampunipun sawatawis wekdal, tembung “Kristen” sampun kecalan kathah kayektosan lan asring mboten kaginakaken malih tumrap tetiyang ingkang agaminipun utawi nggadahi wewatek ingkang sae bijinipun kangge nggantosaken lair malih ingkang saleresipun dados pandherekipun Yesus Kristus. Kathah tiyang ingkang mboten pitados sarta yakin dhumateng Yesus Kristus njurungaken awakipun piyambak Kristen kalayan gampil sabab tetiyang kalawau kesah dhateng gereja utawi gesang ing satengahing bangsa “Kristen”. Ananging kesah dhateng gereja, ngladosi sakedik langkung untung saking panjenengan, utawi dados tiyang sae mboten ndadosaken panjenengan tiyang Kristen. Menawi satunggaling guru injil ing satunggaling wekdal nyariosaken, “Kesah dhateng gereja mboten damel tiyang dados Kristen sakalangkung saking kesah dhateng garasi damel tiyang dados montor.” Dados warganing gereja, ndhatengi paladosan sacara tetep, sarta nyawis-aken wekdal tumrap padamelan ing gereja mboten saged damel panjenengan dados Kristen.

Kitab Suci paring piwucal dhumateng kita bilih pakaryan ingkang sae ingkang kita tindakaken mboten saged damel kita katampi dening Gusti Allah. Titus 3:5 nyariosaken dhumateng kita bilih punika “ora marga saka panggawe becik kang wus kita lakoni, nanging marga saka sih-rahmate sarana padusan kalairan kaphindo lan marga saka kaanyarake dening Sang Roh Suci.” Dados, tiyang Kristen punika, satunggaling tiyang ingkang sampun kalairaken malih dening Gusti Allah (Yokhanan 3:3; Yokhanan 3:7; 1 Petrus 1:23) sarta sampun masrahaken kapitadosan lan kayakinan wonten ing Gusti Yesus Kristus. Efesus 2:8 nyariosaken dhumateng kita bilih punika “Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iki saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah.” Tiyang Kristen ingkang sajatos inggih punika tiyang ingkang nggetuni dosanipun sarta masrahaken kapitadosan lan kayakinan wonten ing Yesus Kristus piyambak. Kayakinanipun mboten nuruti agami utawi matrapaken tetepaning kasusilan, utawi ngurutaken punapa ingkang angsal lan mboten angsal katindakaken.

Tiyang Kristen ingkang sajatos inggih punika pribadi ingkang sampun masrahaken kapitadosan lan kayakinanipun wonten ing pribadining Yesus Kristus lan pitados bilih Panje-nenganipun seda kasalib supados ngruwat dosa sarta wungu malih ing tigangdintenipun supados ngangsalaken kamenangan ing atasipun pejah lan paring gesang langgeng dhumateng sadaya tiyang ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun. Yokhanan 1:12 nyariosaken dhumateng kita: “Nanging sapa bae kang nampani Panjenengane iku diparingi wewenang dadi para putraning Allah iya iku kang padha pracaya marang asmane.” Tiyang Kristen ingkang sajatos tamtu kemawon dados putraning Allah, saestu dados bagian kulawarganing Allah, sarta tiyang ingkang sampung kaparingan gesang enggal wonten ing Kristus. Tanda bilih tiyang punika Kristen sajatos inggih punika ngasihi sasaminipun lan nuhoni sabdaning Gusti Allah (1 Yokhanan 2:4; 1 Yokhanan 2:10).

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

**Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Punapa punika Kristen?

## Punapa punika pandonganing tiyang dosa?

---

### **Pitaken: Punapa punika pandonganing tiyang dosa?**

**Wangsulan:** Pandonganing tiyang dosa inggih punika pandonganing pribadi ingkang ndedonga dhumateng Gusti Allah nalika tiyang wau mangertos bilih piyambakipun punika tiyang dosa lan mbetahaken Juruwilujeng. Ngucapaken pandonganing tiyang dosa mboten bade ngampungaken prakawis ingkang kasandang. Pandonganing tiyang dosa namung saged ngasilaken manawi saestu ngunjukaken punapa ingkang dipun sumerepi, mangertosi, lan dipun pitados bab karisakanipun lan mbetahaken kawilujengan.

Wawasan kapisan pandonganing tiyang dosa inggih punika pangertosan bilih kita sadaya tiyang dosa. Rum 3:10 nyuraosaken, “Iya kaya kang wus katulisan, wiraose: “Ora ana wong kang bener, siji bae ora ana.” Kitab Suci sampun medharaken kanthi cetha bilih kita sadaya dosa. Kita sadaya tiyang dosa ingkang perlu sih-rahmat lan pangapunten saking Gusti Allah (Titus 3:5-7). Karana dosa kita, kita pantes nampi paukuman langgeng (Matius 25:46). Pandonganing tiyang dosa punika nyuwun piwelas kangge gantosing pangadilan. Panyuwun sih-rahmat kangge gantosing duka.

Wawasan kaping kalih pandonganing tiyang dosa punika saserepan tumrap punapa ingkang sampun katindakaken Gusti Allah satemah maluyakaken kita saking kawontenan kebak ing dosa lan nyasar. Gusti Allah manjelma kadagingan lan dados manungsa wonten ing Pribadi Yesus Kristus (Yokhanan 1:1,14). Yesus mucal kita bab kayektosaning Gusti Allah lan gesang wonten ing margining kayektosan sacara sampurna sarta gesang tanpa dosa (Yokhanan 8:46; 2 Korinta 5:21). Yesus lajeng seda wonten ing kajeng salib nggantosaken kita, nanggal paukuman ingkang pantesipun kita tanggel (Rum 5:8). Yesus wungu saking seda supados mbuktakaken kamenanganipun tumrap dosa, pejah, sarta neraka (Kolose 2:15; 1 Korinta bab 15). Karana sadaya punika wau, kita saged nampani pangapuntening dosa sarta kaparingan prajangi wisma langgeng ing Swarga – menawi kita sami purun masrahaken kapitadosan kita wonten ing Yesus Kristus. Kita sadaya kedah pitados bilih sedanipun sarta wungunipun Gusti Yesus saking seda kangge nggantosi kita (Rum 10:9-10). Kita saged kawilujengaken sarana sih-rahmat piyambak, lumantar kapitadosan piyambak, wonten ing Yesus Kristus piyambak. Efesus 2:8 nyuraosaken, “Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iki saka sih-rahmat marga pracay; lan iku dudu wohing pambudidaya-mu, nanging peparinge Gusti Allah.”

Ngucapaken pandonganing tiyang dosa punika cara ingkang prasaja matur dhumateng Gusti Allah bilih panjenengan sumende wonten ing Yesus Kristus ingkang dados Juruwilujeng panjenengan. Mboten wonten tembung ingkang “gaib” ingkang dados dasaring kawilujengan. Namung kapitadosan dhumateng sedanipun Gusti Yesus sarta wungunipun ingkang saged milujengaken kita. Menawi panjenengan mangertos bilih panjenengan punika tiyang dosa lan perlu kawilujengaken lantaran Yesus Kristus, punika conto pandonganing tiyang dosa ingkang saged panjenengan aturaken dhumateng Gusti Allah: “Duh Gusti, kawula rumaos bilih kawula tiyang dosa. Kawula sumerep bilih kawula pantes nampani paukumaning dosa kawula. Ewa samanten, kawula yakin bilih Yesus Kristus punika Juruwilujeng kawula. Kawula pitados bilih sedanipun lan wungunipun Gusti Yesus kaparingaken tumrap pangapuntening dosa kawula. Kawula pitados wonten ing Gusti Yesus sarta Yesus piyambak ingkang dados Gusti lan Juruwilujeng pribadi kawula. Matur-nuwun Gusti, dene milujengaken lan paring pangapunten dhumateng kawula. Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa punika pandonganing tiyang dosa?

Punapa punika pandonganing tiyang dosa?

## Punapa punika agami ingkang sae tumrap kula?

---

### Pitaken: Punapa punika agami ingkang sae tumrap kula?

**Wangsulan:** Restoran ingkang nyajekaken tetedhan kanthi cepet nyengsemaken kita sarana nyukani palilah dhumateng kita kangge pesen tetedhan kita sacara pas kaliyan punapa ingkang kita kepengini. Sawetawis warung kopi kanthi sombong nawekaken satus raos ingkang benten lan warni-warni kopi. Malah manawi tumbas griya lan montor, kita saged pados satunggal kanthi pilihan lan kautamen ingkang kita kepengini. Kita mboten saged gesang langkung dangu namung wonten donyaning soklat, vanili lan strawberry. Pilihan punia raja! Panjenengan saged manggih bab-bab ingkang panjenengan kepengini miturut kapribaden ingkang panjenengan senengi sarta betahaken piyambak.

Lajeng kadospundi kaliyan agami ingkang leres tumrap panjenengan? Kadospundi kaliyan agami ingkang bebas saking kalepatan, mboten gadah panyuwun, sarta mboten ngawrataken lantaran kathahing karepotan nindakaken lan mboten nglampahi? Tebih saking punika, kados ingkang sampun kula terangaken, nanging punika agami ingkang kapilih kados dene raos es krim ingkang dipun remeni.

Kathah suwanten-suwanten ingkang lelaban narik kawigatosan kita, lajeng kening punapa saben tiyang kedah nimbang-nimbang Yesus ing sangingiling, kados dene, Muhammad utawi Konfusius, Buddha, utawi Charles Taze Russell, utawi Joseph Smith? Sasampunipun sadaya wau, punapa sadaya margi mboten nuntun dhumateng swarga? Saleresanipun inggih punika sadaya agami mboten nuntun dhumateng Swarga sami kemawon kados mboten sadaya margi badhe nuntun dumugi Jakarta.

Yesus piyambak ngandika sarana wibawaning Gusti Allah amargi Gusti Yesus piyambak sampun ngawonaken pepejah. Muhammad, Konfusius, lan sanesipun ing pakuburanipun saben dinten, nanging Yesus, sarana kakiyataning Panjenenganipun piyam-bak, tindak medal saking teleng palimengan tigang dinten sasampunipun seda wonten kajeng salib ingkang kejem ing serat Rum. Sadengah tiyang ingkang gadhah kakiyatan ngungguli pepejah pantes kita gatosaken. Sadengah tiyang ingkang gadhah kakiyatan ngungguli pepejah pantes kita pirengaken.

Katerangan ingkang ngiyataken wungunipun Yesus kathah sanget. Kaping pisan, wonten langkung saking gangsalatus mripat dados seksi wungunipun Kristus! Kathah sanget mripat ingkang nyeksekaken. Gangsalatus suwanten mboten saged kalirwakaken. Punika ugi ingkang dados jalaranipun kuburan ingkang kosong; mengsah-mengsahipun Yesus saged kanthi gampang ngendelaken sadaya wicantenan bab wungunipun kanthi ngabaraken sedanipun, ngrisak badanipun, nanging mboten wonten layon ingkang saged kadamel nyebaraken kabar kalawau dening tiyang-tiyang wau! Kuburan sampun kosong! Punapa para sakabab sampun nyolong sariraning Panjenenganipun? Mokal. Kangge ngalang-alangi sadaya ingkang saged kadadosan, pakuburanipun Yesus kajagi kanthi kiyat dening saradadu. Kanthi nimbang bilih para pandherekipun ingkang paling raket sampun mlajeng karena ajrih nalika Panjenenganipun kacepeng lan kasalib, mesthi kemawon mokal manawi sapantha nelayan ingkang sami ajrih punika satunggal mbaka satunggal aben ajeng nglawan prajurit ingkang sampun kalatih lan winucal punika. Kayektosanipun bilih wungunipun Yesus mboten saged kajlentrehaken!

Sepisan malih, sinten kemawon ingkang gadhah kakiyatan ngungguli pepejah pantes kapirengaken. Yesus sampun mbuktekaken kakiyatanipun ngungguli pepejah, mila saking punika, kita perlu mirengaken punapa ingkang dados Sabdanipun. Yesus nelakaken bilih namung Panjenenganipun punika margining kawilujengan (Yokhanan 14:6). Panjenenganipun sanes satunggaling margi, Panjenenganipun sanes satunggal saking antawisipun kathah margi, nanging Yesus punika marginipun.

Lan punika bab ingkang sami ingkang dipun sabdakaken Yesus, “He, wong kang kasayahan lan kamomotan, padha mrenea, Aku bakal gawe ayemmu” (Matius 11:28). Jagad punika awrat lan gesang punika angel. Kathah ing antawis kita ingkang gampang sanget kawutahaken rahipun, katatoni, lan ajrih ing paperangan. Setuju? Lajeng punapa ingkang panjenengan kersakaken? Kawaluyan utawi namung agami? Juruwilujeng ingkang gesang utawi satunggal saking antawisipun para “nabi” ingkang sampung pejah? Sesambetan ingkang sayektos utawi uparaca ingkang kosong? Yesus sanes satunggaling pilihan—Panje-nenganipun punika pilihan!

Yesus punika “agami” ingkang leres manawi panjenengan ngupados pangapunten (Lelakune Para Rasul 10:43). Yesus punika “agami” ingkang leres manawi panjenengan ngupados sesambetan ingkang sayektos kaliyan Gusti Allah (Yokhanan 10:10). Yesus punika “agami” ingkang leres manawi panjenengan ngupados griya ingkang langgeng ing Swarga (Yokhanan 3:16). Pasrahaken kapitadosan panjenengan wonten ing Yesus Kristus ingkang Juruwilujeng panjenengan – panjenengan mboten badhe getun! Pitadosa bilih Panjenenganipun paring pangapunten tumrap dosa panjenengan – panjenengan mboten badhe kakuciwakaken.

Manawi panjenengan kepengin gadhah “sesambetan ingkang sae” kaliyan Gusti Allah, punika wonten conto pandonga. Enget, ngucapaken pandonga punika utawi pandonga sanesipun mboten badhe milujengaken panjenengan. Namung pitados ing Kristus ingkang saged milujengaken panjenengan saking dosa. Pandonga punika namung satunggaling cara ingkang prasaja kangge nelakaken kapitadosan panjenengan dhumateng Gusti Allah wonten ing Panjenenganipun lan pamaturnuwun dhumateng Panjenenganipun tumrap kawilujengan panjenengan. “Duh Gusti, kawula rumaos bilih kawula sampun dosa lumawan dhumateng Paduka lan pantes kaukum. Nanging Yesus Kristus sampun nanggél paukuman ingkang kedahipun kawula tanggel supados lumantar kapitadosan dhumateng Panjenenganipun kawula saged kaapunten. Kawula wangsul malih saking dosa lan masrahaken kapitadosan kawula dhumateng Paduka karena kawilujengan. Matur nuwun duh Gusti awit Paduka paring karahayon lan pangapunten – peparinging gesang langgeng! Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa punika agami ingkang sae tumrap kula?

## Punapa wonten gesang sasampunipun pejah?

---

### Pitaken: Punapa wonten gesang sasampunipun pejah?

**Wangsul:** Punapa wonten gesang sasampunipun pejah? Kitab Suci nyuraosai kita, “Manungsa ingkang lair saking tiyang estri, cekak umuripun, tuwuk ing kasisahan, mekar kados dene sekar lajeng alum, icalipun kados wewayangan, boten saged lestantun. Manungsa manawi sampun pejah, punapa saged gesang malih” (Ayub 14:1-2, 14)?

Kados denen Ayub, meh sadaya kita sampun katantang dening pitaken punika. Leresipun kadadosan punapa ingkang kita alami sasampunipun kita pejah? Punapa kita saged ngendelaken gesang kita kanthi gampang? Punapa gesang punika kados dene kori ingkang saged mubeng dhateng lan wangsul malih dhateng jagad supados saged gayuh karahayon? Punapa sadaya tiyang kesah tumuju panggenan ingkang sami, punapa tumuju ing panggenan ingkang benten? Punapa saestu wonten swarga lan naraka, punapa namung wonten ing pikiran?

Kitab Suci dhumateng kita bilih boten namung wonten gesang sasampunipun pejah, nanging gesang langgeng ingkang mulya bilih “Nanging kaya kang katulisan wiraose: ”Kang ora tau kadeleng ing mripat, lan ora tau karungu ing kuping, sarta kang ora tau tuwuh ing atining manungsa: kabeh wus kacawisake dening Gusti Allah marang kang padha nresnani Panjenengane iku” (1 Korinta 2:9). Yesus Kristus, Allah ing salebeting daging, rawuh ing jagad maringi kita ganjaran gesang langgeng punika. “Mangka Panjenengane iku sinudukan marga saka anggon kita padha mbalela, Panjenengane karemuk marga saka piala kita; ganjaran paukuman kang nekakake karahayon tumrap kita iku kadhawahake ing Panjenengane, sarga marga saka bilur-bilure kita banjur padha dadi waras” (Yesaya 53:5).

Yesus nanggél paukuman ingkang pantes kangge kita lan ngurbanaken gesangipun. Tigang dinten sasampunipun, Panjenenganipun nelakaken kamenanganipun saking pejah sarana miyos saking pasareanipun, ing salebeting Roh lan kadagingan. Panjenenganipun netep ing jagad sekawandasa dinten lan kaseksen dening ewon tiyang saderengipun miyos dhateng dalemipun ingkang langgeng wonten ing swarga. Rum 4:25 nyariosaken, “Yaiku Gusti Yesus kang wus kaulungake awit saka panerak kita, sarta kawungokake awit saka anggon kita padha kabenerake” (Rum 4:25).

Wungunipun Sang Kristus punika kadadosan ingkang kacathet kanthi sae. Rasul Paulus nantang para tiyang sarana pitaken bab para seksi tumrap kaleresanipun, lan boten wonten satunggal kemawon ingkang saged nelakaken kapitadosanipun. Wungunipun Gusti Yesus punika landesan kapitadosanipun tiyang Kristen; sabab Kristus sampun wungu saking seda, kita saged gadhah kapitadosan bilih kita, ugi, badhe katangkaken.

Paulus ngengetaken sawetawis tiyang Kristen wiwitan ingkang boten pitados bab punika: “Anadene kang dakwartakake, manawa Sang Kristus kawungokake saka ing antarane wong mati, yagene ing antaramu kok ana kang ngarani manawa ora ana tangine wong mati? Yen ora ana tangine wong mati, dadi Sang Kristus iya ora kawungokake” (1 Korinta 15:12-13).

Namung Kristus wiwitaning asiling panen ingkang agung ing antawisipun tiyang ingkang badhe katangkaken supados gesang malih. Pejah sacara badaniah dhateng langkung satunggal tiyang, Adam, saking sinten kita sadaya kasambetan. Nanging ingkang murugaken sadaya sampun kapundhut dados kulawarganing Gusti Allah lumantar kapitadosan ing Yesus Kristus badhe kaparingan gesang enggal (1 Korinta 15:20-22). Namung karena Gusti sampun ngawungokaken saliranipun Yesus, badan kita ugi badhe katangkaken manawi Yesus wangsul malih (1 Korinta 6:14).

Sanajan wekasanipun kita sadaya badhe katangkaken, nanging boten saben tiyang saged sesarengan lumebet ing swarga. Pilihan tetap kedah katetapaken dening pribadi kita piyambak ing salebeting gesang punika kangge nemtokaken ing pundi mangke kita badhe nampi kalanggengan. Kitab Suci nyuraosaken bilih sampun katetapaken tumrap kita badhe pejah namung kaping sapisan, lan sasampunipun punika badhe wonten pangadilan (Ibrani 9:27). Sok sintena ingkang sampun nindakaken kaluhuraning budi badhe lumebet ing kalanggengan gesang ing swarga, nanging tiyang ingkang boten pitados badhe kakintun ing kalanggengan paukuman, utawi neraka (Matius 25:46).



Neraka, kadosdene swarga, boten namung wonten ing pratelan kemawon, nanging Kasunyatan, lan saestu nyata, panggenan. Panggenan ing pundi kasangsaran badhe kaalami tanpa kendhat, dukaning Gusti Allah kang langgeng. Para tiyang wau badhe nahan pangraos, mental, lan panyiksaning badan, ngraosaken kasangsaran saking raos isin, getun, lan jijik.

Neraka katerangaken kadosdene luweng ingkang tanpa dasar (Lukas 8:31, Wahyu 9:1), lan segantening latu, mbakar mawi welirang, ing pundi warganing jagad badhe nglampahi dinten panyiksan sarta dalu salami-laminipun (Wahyu 20:10). Ing salebeting neraka, ing mrika badhe wontenipun panangis lan keroting untu, dados pratanda kasedihan ingkang sanget lan kanepson (Matius 13:42). Punika satunggaling panggenan “ing pundi cacing boten nate pejah lan latu boten nate sirna” (Markus 9: 48). Gusti Allah boten mundhut wekdal kangge seneng-seneng salebeting teleng palimengan punika, nanging ngersakaken para tiyang supados wangsul malih saking margining kajahatan satemah saged gesang (Yehekiel 33:11). Nanging Panjenenganipun boten badhe meksa kita supados miturut; manawi kita milih nolak Panjenenganipun, Panjenenganipun kagungan pilihan sakedhik ingkang kaparingaken kita punapa ingkang kita kepingini – gesang dados bagianing Panjenenganipun.

Gesang ing jagad punika satunggaling ujian – cecawisan kangge wekdal ing ngajeng. Tumrap tiyang pitados, punika gesang langgeng wonten ing sacelakipun Gusti Allah. Lajeng kadospundi kita nindakaken kasaan lan saged nampeni gesang langgeng punika? Namung wonten satunggal margi – lumantar kapitadosan sarta kayakinan wonten ing Putraning Allah, Yesus Kristus. Gusti Yesus tumuli ngandika, “Iya Aku ini patangen lan kauripan, sing sapa percaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati. Lan sok wonga kang urip sarta percaya marang Aku, iku ora bakal mati ing salawas-lawase. Kowe apa percaya marang iku?” (Yokhanan 11:25-26).

Peparing gesang langgeng punika kasadiyakaken kangge sadaya tiyang, nanging punika mbetahaken panyelakan diri kita tumrap pakaremaning kadonyan lan ngurbanaken diri katur Gusti Allah. “Sing sapa percaya marang Sang Putra, iya nduweni urip langgeng, nanging sing sapa ora mituhu marang Sang Putra, iku bakal ora weruh ing urip, nanging malah langgeng anggone kataman ing bebenduning Allah” (Yokhanan 3:36). Kita boten badhe kaparingan wekdal kangge mratobat saking dosa kita sasampunipun pejah karena yen kita pepanggihan aben ajeng kaliyan Gusti Allah, kita boten badhe gadhah pilihan kajawi namung pitados dhumateng Panjenenganipun. Panjenenganipun ngersakaken kita sowan wonten ing ngarsanipun kaliyan pitados lan ngasihi sapunika. Manawi kita nampeni sedanipun Yesus Kristus dados pangruwating dosa lumawan lan mbalela dhumateng Gusti Allah, kita mesthi kajamin boten namung gesang migunani ing jagad, nanging ugi gesang salaminipun rumaket ing Sang Kristus.

Manawi panjenengan kepingin nampeni Yesus Kristus dados Juruwilujeng panjenengan, punika wonten satunggaling conto pandonga. Enget, ngucapaken pandonga punika utawi pandonga sanes boten badhe milujengaken panjenengan. Namung pitados dhumateng Kristus ingkang saged milujengaken panjenengan saking dosa. Pandonga punika cara ingkang prasaja kangge nelakaken dhumateng Gusti Allah menggah kapitadosan ing Panjenenganipun lan pamaturnuwun dhumateng Panjenenganipun tumrap kawilujengan panjenengan. “Duh Gusti, kawula rumaos bilih kawula sampun dosa lumawan dhumateng Paduka lan kawula pantes kaukum. Nanging Yesus Kristus sampun nanggél paukuman ingkang pantes kawula tanggel satemah lumantar kapitadosan ing Panjenenganipun kawula saged kaapunten. Kawula wangsul malih saking dosa kawula lan masrahaken kapitadosan kawula dhumateng Panjenenganipun kangge kawilujengan. Maturnuwun menggahing karahayon lan pangapunten Paduka – peparing ing gesang langgeng! Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa wonten gesang sasampunipun pejah?

Punapa wonten gesang sasampunipun pejah?

## Punapa namung Gusti Yesus margi tumuju ing Swarga?

---

### Pitaken: Punapa namung Gusti Yesus margi tumuju ing Swarga?

**Wangsulan:** “Dasaripun kula tiyang sae, saengga kula kepengin mlebet swarga.” “Inggih, lajeng kula nindakaken bab ingkang awon, nanging kula nindakaken langkung kathah bab ingkang sae, lan kula kepengin mlebet swarga.” “Gusti Allah boten kepengin ngintunaken kula dhateng neraka namung karana kula boten gesang sarana dedasar Kitab Suci. Wekdal sampun gantos!” “Namung tiyang ingkang saestu awon kadosdene nyiksa lare alit lan mejahi ingkang kalebetaken dhateng neraka.”

Punika sadaya dasar ingkang umum ing antawisipun tiyang kathah, nanging kasunyatanipun, sadaya wau palsu. Setan, tataning donya, ngrancang gagasan-gagasan punika ing sirah kita. Piyambakipun, lan sok sintena ingkang ngetut wingking ing marginipun, mengsahipun Gusti Allah (1 Petrus 5:8). Setan tansah nyamar dados ingkang sae (2 Korinta 11:14), nanging piyambakipun ngendalekaken sadaya pikiran ingkang boten nderek Gusti Allah. “Yaiku wong kang ora pracaya, kang angen-angene wus dipicakake dening allahé jaman iki, temahan wong mau ora padha ndeleng cahyaning injile kamulyane Sang Kristus, kang dadi citrane Gusti Allah” (2 Korinta 4:4).

Goroh namawi pitados bilih Gusti Allah boten nganggep dosa ingkang alit, lan bilih neraka punika kacadangaken tumrap “tiyang awon.” Sadaya dosa misahaken kita saking Gusti Allah, sanadyan namung “goroh alit tumrap samukawis ingkang sae”. Saben tiyang sampun nglampahi dosa, lan boten wonten satunggal kemawon ingkang cekap sae kangge nggayuh kratoning swarga piyambak (Rum 3:23). Ngupados swarga boten adedasar punapa kasaanen kita langkung kathah tinimbang karisakan kita; kita sadaya badhe nyasar manawi makaten. “Nanging manawa bab iku kalakone awit saka sih-rahmat, dadine wus ora margi saka panggawe maneh, sabab yen ora mangkono, kang diarani sih-rahmat iku wus dudu sih-rahmat maneh” (Rum 11:6). Kita boten badhe saged tumindak sae supados manggih margi dhumateng swarga (Titus 3:5).

“Padha lumebua metu ing lawang kang ciyut, awit amba lawange lan jembar dalane kang anjog ing karusakan, mangka akeh wong kang padha metu ing kono” (Matius 7:13). Sanadyan manawi saben tiyang gesang ing salebeting dosa, lan pitados dhumateng Gusti Allah punika boten kondang, Gusti Allah boten badhe tumindak. “Kowe biyen padha dumunung ana ing kono, awit kowe ngenut lakuning donya iki, lan mbangun-miturut marang panguasane Karajan awang-awang, yaiku roh kang saiki lagi nandukake dayane ana ing satengahé para wong duraka” (Efesus 2:2).

Nalika Gusti Allah nitahaken jagad, punika sampurna. Sadaya sae. Lajeng Panjenenganipun ngasta Adam lan Hawa, sarta paring kamardikan kangge nemtokaken piyambak punapa ingkang dipun kepengini, satemah saged milih punapa badhe ndherek lan ngabekti dhumateng Gusti Allah punapa boten. Nanging Adam lan Hawa, ingkang wiwitan katitahaken dening Gusti Allah, sampun kagodha Setan supados boten mituhu dhumateng Gusti Allah, lan sami nglampahi dosa. Punika ingkang misahaken Adam lan Hawa (lan sadaya tiyang ingkang wonten sasampunipun Adam lan Hawa, kalebet kita) saking kawontenan ingkang saged nutup sesambetan kaliyan Gusti Allah. Panjenenganipun sampurna lan boten saged kendel wonten satengahipun dosa. Dene kita, tiyang dosa boten saged nebihaken punika saking kita piyambak. Satemah, Gusti Allah ingkang mbucal saengga kita saged manunggil kaliyan Panjenenganipun ing swarga. “Awitdene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng” (Yokhanan 3:16). “Awitdene pituwase dosa iku pati, balik sih-peparinge Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita” (Rum 6:23). Yesus sampun miyos satemah Panjenenganipun saged mucal kita bab margi punika lan seda karana dosa kita satemah kita boten kedah nglampahi pejah. Tigang dinten sasampunipun seda, Panjenenganipun miyos saking pamakaman (Rum 4:25), nelakaken bilih Panjenenganipun piyambak sampun mimpang saking seda. Panjenenganipun dados lantaran saking jurang pamisah antawisipun Gusti Allah lan manungsa satemah kita saged nggadha sesambetan pribadi kaliyan Panjenenganipun manawi kita pitados namung dhumateng Panjenenganipun.

“Wodene menggah gesang langgeng punika manawi tiyang sami wanuh kaliyan Paduka, Allah ingkang sajati piyambak, sarga dhateng Yesus Kristus utusan Paduka” (Yokhanan 17:3). Kathah sanget tiyang ingkang pitados dhumateng Gusti Allah, malah Setan ugi.

Nanging kangge nampeni kawilujengan, kita kedah wangsul dhumateng Gusti Allah, damel sesambetan pribadi, nilar sadaya dosa kita lan ndherek Panjenenganipun.

Kita kedah pitados dhumateng Gusti Yesus kaliyan sadaya ingkang kita gadahi lan kita tindakaken. “Yaiku kabeneraning Allah kang awit saya pracaya marang Gusti Yesus Kristus tumrap kabeh wong kang padha pracaya, awit ora ana beda-bedane” (Rum 3;22). Kitab Suci mucalaken bilih boten wonten margi sanes ingkang milujengaken kajawi nglangkungi Kristus. Gusti Yesus ngandika wonten ing Yokhanan 14:6, “Aku iki dalane sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku.”

Inggih namung Gusti Yesus margining kawilujengan sabab namung Panjenenganipun ingkang saged ngruwat paukumaning dosa kita (Rum 6:23). Boten wonten kapitadosan sanes ingkang mucal lebeting utawi agenging dosa lan pituwasiipun. Boten wonten kapitadosan sanes ingkang nawekaken pangruwat ingkang tanpa wates tumrap dosa ingkang saged kasadiyahaken dening Gusti Yesus. Boten wonten “pamanggih kapitadosan” sanes dene Gusti Allah manjilma manungsa (Yokhanan 1:1, 14) – namung satunggal-satunggaling margi kangge nebus utang ingkang tanpa wates. Yesus kedah dados Gusti Allah supados Panjenenganipun saged ngruwat utang kita. Yesus kedah dados manungsa supados Panjenenganipun saged seda. Kawilujengan namung kasadiyahaken lumantar kapitadosan dhumateng Gusti Yesus Kristus! “Kaliyan malihboten wonten karahayon wonten ing sintena kemawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika boten wonten asma sanesipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa, ingkang dados margining karahayon kita” (Lelakone Para Rasul 4:12).

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa namung Gusti Yesus margi tumuju ing Swarga?

## Kadospundi kula saged pikantuk kayektosaning Gusti Allah?

---

### Pitaken: Kadospundi kula saged pikantuk kayektosaning Gusti Allah?

**Wangsulan:** Supados saged pikantuk “kayektosan” saking Gusti Allah, ingkang kapisan kita kedah mangertos punapa punika “lepat”. Wangsulani punika dosa. “Wus padha nyimpang kabeh, kabeh wus bejad ora ana kang gawe becik, sijia bae ora ana” (Jabur 14:3). Kita sampun mbalela lumawan dhateng dhawuhipun Gusti Allah; kita sampun “padha nglambrang kaya wedhus” (Yesaya 53:6).

Kabar ingkang awon inggih punika bilih pituwasing dosa punika pejah. “Dene wong kang nglakoni dosa, iku kang kudu mati” (Yehekiel 18:4). Kabar kabingahanipun inggih punika bilih sihipun Gusti Allah sampun ngetutaken kita satemah mbekta kawilujengan tumrap kita. Gusti Yesus ngandika bilih tujuaning Panjenenganipun inggih punika “nggoleki lan mitulungi rahayu marang wong kang katriwal” (Lukas 19:10), lan Panjenenganipun ngandika tujuaning Panjenenganipun karampungaken nalika Panjenenganipun seda wonten kajeng salib mawi tembung, “Wus rampung!” (Yokhanan 19:30).

Gadhah sesambetan ingkang sae kaliyan Gusti Allah kawiwitan sarana ngakeni dosa panjenengan. Lajeng sowan dhumateng Gusti Allah kanthi ngasoraken manah lan ngakeni dosa (Yesaya 57:15) lan netepaken manah nilaraken dosa. “kalawan tutuk wong anggone ngakoni pracaya, sarta kapitulungan rahayu” (Rum 10:10).

Pamratobat punika kedah kasarengi kapitadosan. Utaminipun, kapitadosan bilih pangurbanan sedani punika Gusti Yesus lan wungunipun ingkang ngeramaken punika sampun samesthinipun Panjenenganipun dados juruwilujeng panjenengan. “Sabab, manawa sarana tutukmu kowe ngakoni yen Gusti Yesus iku Gusti, lan atimu pracaya yen Gusti Allah wus mungokake Panjenengane saka ing antarane wong mati, kowe bakal kapitulungan rahayu” (Rum 10:9). Kathah malih bagian-bagian ingkang micantenaken bab kabetahaning kapitadosan, kados dene Yokhanan 20:27; Lelakone Para Rasul 16:31; Galatia 2:16; 3:11, 26; sarta Efesus 2:8.

Dados yektos ing ngarsanipun Gusti Allah punika bab ingkang kedah dados tanggapan panjenengan ing atasipun punapa ingkang sampun katindakaken dening Gusti Allah tumrap panjenengan. Panjenenganipun maringi juruwilujeng, Panjenenganipun nyawisaken kurban supados ngrembat dosa kita (Yokhanan 1:29), lan Panjenenganipun paring prajanjani dhateng panjenengan: “Anadene saben wong kang nyebut asmane Pangeran iku bakal kepitulungan rahayu” (Lelakone Para Rasul 2:21).

Gegambaran ingkang endah menggah pamratobat lan pangapuntèn inggih punika pasemon bab anak ingkang royal (Lukas 15:11-32). Anak ingkang langkung enem ngawut-awut peparingipun bapakipun kanthi tumindak dosa ingkang ngisin-isinaken (ayat 13). Nalika piyambakipun ngrumaosi tumindakipun ingkang lepat, piyambakipun lajeng netepaken kangge wangsul dhateng griyanipun (ayat 18). Piyambakipun narimah bilih boten badhe nimbang-nimbang langkung dangu malih dados anak (ayat 19), nanging piyambakipun lepat. Bapakipun suka ing manah dene anakipun wangsul saking pambalelanipun (ayat 20). Sadaya kaapuntèn, lan kawontenaken bujana (ayat 24).

Gusti Allah tansah netepi prajanjani, kalebet ugi prajanjani paring pangapuntèn. “Manawa para wong mursid sesambat marang Pangeran Yehuwah, banjur dipiyarsakake, sarta padha diluwari saka ing sakehing rerubede” (Jabur 34:18).

Manawi panjenengan kepengin pikantuk kayektosaning Gusti Allah, punika wonten conto pandonga. Enget, ngucapaken pandonga punika utawi pandonga sanes boten badhe milujengaken panjenengan. Namung pitados dhumateng Sang Kristus ingkang badhe milujengaken panjenengan saking dosa. Pandonga punika cara ingkang prasaja kangge ngatingalaken dhumateng Gusti Allah menggah kapitadosan panjenengan wonten ing Panjenenganipun lan pamaturnuwun tumrap kawilujengan panjenengan ingkang kacawisaken. “Duh Gusti, kawula rumaosi bilih kawula sampun dosa ing ngarsa Paduka lan pantes kaukum. Nanging Yesus Kristus sampun nanggèl paukuman ingkang pantes kawula tanggal satemah lantaran kapitadosan ing Panjenenganipun kawula saged kaapuntèn. Kawula wangsul malih saking dosa kawula lan masrahaken kapitadosan menggah kawilujengan kawula dhumateng Paduka. Matur nuwun Gusti tumrap pangapuntèn lan sih-rahmat Paduka – sih-rahmating gesang langgeng! Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

**[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Kadospundi kula saged pikantuk kayektosaning Gusti Allah?

## Punapa punika sekawan angger-anggering karohanen?

---

### Pitaken: Punapa punika sekawan angger-anggering karohanen?

**Wangsulan:** Sekawan Angger-anggering Karohanen inggih punika satunggaling cara tetunggilan ngrembag kabar kabingahan bab kawilujengan ingkang kasadiyakaken lumantar kapitadosan ing Gusti Yesus Kristus. Punika cara ingkang prasaja kangge ngrembag bab katerangan ingkang wigatos ing pinanggih ing salebeting Injil dados sekawan bab.

Ingkang kapisan saking Sekawan Angger-anggering Karohanen inggih punika, “Gusti Allah ngasihi panjenengan lan kagungan rancangan ingkang endah tumrap gesang panjenengan.” Yokhanan 3:16 nyariosaken dhumateng kita, “Awitdene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng.” Yokhanan 10:10 maringi dedasar bab rawuhipun Gusti Yesus, “Aku iki teka supaya wedhus-wedhus padha duwea urip, kanthi kaluberan.” Punapa ingkang ngalang-alangi kita saking sihipun Gusti Allah? Punapa ingkang menggak kita saking gesang ingkang kaluberan?

Ingkang kaping kalih saking Sekawan Angger-anggering Karohanen inggih punika, “Manungsa punika karisak dening dosa lan awit saking punika kapisahaken saking Gusti Allah. Dene pituwaspun, kita boten saged mangertosi rancangane Gusti Allah kang endah tumrap gesang kita.” Rum 3:23 nerangaken bab punika, “Marga kabeh wong was padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah.” Rum 6:23 maringi pitedah bab pituwasing dosa dhumateng kita makaten, “awit pituwase dosa iku pati.” Gusti Allah nitahaken kita supados kita nggadahi sesambetan kaliyan Panjenenganipun. Nanging, manungsa mbekta dosa wonten ing jagad, lan awit saking punika kapisahaken saking Gusti Allah. Kita sampun ngrisak sesambetan kaliyan Panjenenganipun awit saking punika Gusti Allah kaping kita nggadahi sesambetan malih. Kadospundi caranipun?

Ingkang kaping tiga saking Sekawan Angger-anggering Karohanen inggih punika, “Inggih namung Gusti Yesus punika katetepaning Gusti Allah tumrap dosa kita. Lumantar Gusti Yesus Kristus, kita saged nampi pangapunteaning dosa kita lan kadadosan sesambetan ingkang sae kaliyan Gusti Allah.” Rum 5:8 nyariosaken dhumateng kita, “Nanging Gusti Allah was ngatingalake sihe marang kita, awit Sang Kristus was nglampahi seda kanggo kita, nalika kita isih padha kawengku ing dosa.” 1 Korinta 15:3-4 maringi pitedah dhumateng kita bab punapa ingkang kita betahaken supados saged mangertos lan pitados supados kawilujengaken, “... yen Sang Kristus was nglampahi seda marga saka dosa-dosa kita, nyondongi surasaning Kitab Suci, manawa Panjenengane was kasarekake, sarta ing telung dinane was kawungokake, cundhuk karo surasaning Kitab Suci...” Yesus piyambak ngandika bilih namung Panjenenganipun punika margining kawilujengan wonten Yokhanan 14:6, “Aku iki dalane sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku.” Kados pundi kita saged nampeni peparing ingkang endah, inggih kawilujengan punika?

Ingkang kaping sekawan saking Sekawan Angger-anggering Karohanen inggih punika, “Kita kedah masrahaken kapitadosan kita dhumateng Gusti Yesus Kristus kang Juruwilujeng supados kita nampi peparing kawilujengan lan mangertos rancangan endah saking Gusti Allah tumrap gesang kita.” Yokhanan 1:12 nerangaken bab punika tumrap kita, “Nanging sapa bae kang nampani Panjenengane iku diparingi wewenang dadi para putraning Allah iya iku kang padha pracaya marang asmane.” Lelakone Para Rasul 16:31 kanthi cetha nyuraos-aken bab punika, “Kula aturi pitados dhateng Gusti Yesus Kristus, temah panjenengan badhe wilujeng, panjenengan dalah brayat panjenengan!” Kita saged kawilujengaken sarana sih-rahmat piyambak, lantaran kapitadosan piyambak, wonten ing Gusti Yesus Kristus piyambak (Efesus 2:8-9).

Manawi panjenengan kepengin pitados ing Gusti Yesus Kristus dados Juruwilujeng panjenengan, panjenengan saged ngucapaken tembung ing ngandhap punika dhumateng Gusti Allah. Ngucapaken tembung punika boten badhe milujengaken panjenengan, nanging pitados ing Sang Kristus ingkang badhe milujengaken! Pandonga punika namung cara prasaja kangge matur dhumateng Gusti Allah menggahing kapitadosan wonten ing Panjenenganipun lan pamaturnuwun tumrap kawilujengan ingkang kacawisaken kangge kita. “Duh Gusti, kawula rumaos bilih kawula sampun dosa wonten ing ngarsa Paduka lan pantes kaukum. Nanging Yesus Kristus sampun nanggél paukuman yang kedahipun

kawula tanggel satemah lumantar kapitadosan wonten ing Panjenenganipun kawula saged kaapunten. Kawula wangsul malih saking dosa kawula lan masrahaken kapitadosan kawula dhumateng Paduka tumrap kawilujengan kawula. Maturnuwun dhu Gusti dene Paduka sampun paring sih-rahmat lan pangapunten – inggih paring gesang langgeng! Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa punika sekawan angger-anggering karohanen?



## **Kadospundi kula mangertos kanthi leres bilih kula badhe lumebet ing Swarga manawi kula pejah?**

---

### **Pitaken: Kadospundi kula mangertos kanthi leres bilih kula badhe lumebet ing Swarga manawi kula pejah?**

**Wangsulan:** Punapa panjenengan mangertos kanthi saestu bilih panjenengan kagungan gesang langgeng lan bilih panjenengan badhe lumebet ing Swarga manawi panjenengan pejah? Gusti Allah kepengin panjenengan yakin! Kitab Suci nyuraosaken: “Anggonku nulis prakara iki mau kabeh marang kowe iku, supaya kowe kang padha pracaya marang asmane Putraning Allah padha sumurupa, yen kowe kabeh iku padha nduweni urip langgeng” (1 Yokhanan 5:13). Upaminipun panjenengan ngadeg sacelakipun Gusti Allah sapunika lan Panjenenganipun ndangu panjenengan, “Ana apa dene Aku marengake kowe lumebu ing Swarga?” Panjenengan badhe matur punapa? Mbokmanawi panjenengan boten mangertos badhe atur wangsulan punapa. Punapa ingkang panjenengan perlu mangertos bilih Gusti Allah ngasihi kita lan sampun nyawisaken margi ingkang saged kita mangertosi kanthi saestu ing pundi kita badhe nglampahi kalanggengan. Kitab Suci nelakaken margi punika: “Awitdene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng” (Yokhanan 3:16).

Inggang kapisan kita kedah mangertos bab ingkang nahan kita ing Swarga. Sababipun inggih punika – sipating dosa kita ingkang ngalang-alangi sesambetan kita kaliyan Gusti Allah. Kita punika tiyang dosa karena sipat lan karena pilihan. “Marga kabeh wong wus padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah” (Rum 3:23). Kita boten saged wilujeng piyambak. “Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iki saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah, iku dudu wohing panggawemu: aja ana wong kang gumunggung” (Efesus 2:8-9). Kita pantes pejah lan kacemplungaken ing neraka. “Awit pituwase dosa iku pati” (Rum 6:23).

Gusti Allah punika suci sarta namung lan kedah ngukum dosa, nanging Panjenengan-ipun ngasihi kita lan paring pangapunten tumrap dosa kita. Pangandikane Gusti Yesus: “Aku iki dalane sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wing siji-sija kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku” (Yokhanan 14:6). Yesus seda ing kajeng salib karena kita: “Sabab Gusti Yesus Kristus uga wus nglampahi seda sapisan marga dosa kita kabeh, Panjenengane kang tanpa kaluputan kanggo wong-wong kang kaluputan, supaya kita padha bisa kasowanake marang ing ngarsane Allah: Panjenengane kasedanan mungguh ing kadagingan, nanging kagesangake mungguh ing Roh” (1 Petrus 3:18). Yesus sampun kawungokaken saking seda: “Yaiku Gusti Yesus kang wus kaulungake awit saka panerak kita, sarta kawungokake awit saka anggon kita padha kabenerake” (Rum 4:25).

Mila, wangsul dhateng pitaken wiwitan – “Kadospundi kula saged mangertos kanthi leres bilih kula badhe lumebet ing Swarga manawi kula pejah?” Wangsulaniupun kados makaten – pitados ing Gusti Yesus Kristus lan panjenengan badhe wilujeng (Lelakune Para Rasul 16:31). “Nanging sapa bae kang nampani Panjenengane iku diparingi wewenang dadi para putraning Allah iya iku kang padha pracaya marang asmane” (Yokhanan 1:12). Panjenengan saged nampi gesang langgeng kadosdene sih-rahmat. “balik sih-peparinge Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita” (Rum 6:23). Panjenengan saged gesang ingkang migunani sapunika. Gusti Yesus ngandika: “Aku iki teka supaya wedhus-wedhus padha duwea urip kanthi kaluberan” (Yokhanan 10:10). Panjenengan saged nglampahi kalanggengan wonten ing Swarga kaliyan Gusti Yesus, karena Panjenenganipun sampun prajani: “Dene manawa Aku wus mrana lan wus nyawisake papan kanggo kowe, tumuli Aku bakal bali lan ngajak kowe menyang ing papan padunungan-Ku, supaya ing ngendi padunungan-Ku, kowe iya padha ana ing kono uga” (Yokhanan 14:3).

Manawi panjenengan kepengin nampeni Gusti Yesus Kristus dados Juruwilujeng panjenengan lan nampi pangapunten saking Gusti Allah, punika wonten pandonga ingkang supados panjenengan saged ndedonga. Ngucapaken pandonga punika utawi pandonga sanesipun boten badhe milujengaken panjenengan. Namung pitados ing Gusti Yesus Kristus ingkang saged nyawisaken pangapuntening dosa. Pandonga punika cara ingkang prasaja kangge nelakaken dhumateng Gusti Allah menggah kapitadosan panjenengan tumrap Panjenenganipun lan pamaturuwun dene sampun paring pangapunten. “Duh Gusti, kawula mangertos bilih kawula sampun dosa dhumateng Paduka lan pantes kaukum. Nanging Gusti Yesus Kristus sampun nanggél paukuman ingkang pantes kawula

Kadospundi kula mangertos kanthi leres bilih kula badhe lumebet ing Swarga manawi kula pejah?

tanggél satemah karena kapitadosan dhumateng Panjenenganipun kawula saged kaapunte. Kawula wangsul malih saking dosa kawula lan masrahaken kapitadosan kawula dhumateng Paduka kangge kawilujengan. Maturnuwun Gusti dene Paduka paring sih-rahmat lan pangapunte! Amin!”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Kadospundi kula mangertos kanthi leres bilih kula badhe lumebet ing Swarga manawi kula pejah?

## **Kawula nembe kemawon masrahaken kapitadosan kawula wonten ing Yesus ... sapunika kados pundi?**

---

### **Kawula nembe kemawon masrahaken kapitadosan kawula wonten ing Yesus ... sapunika kados pundi?**

Sugeng! Panjenengan sampun damel satunggaling pancasan ngewahi gesang! Mbok menawi panjenengan taken, “Sapunika kados pundi? Kados pundi anggen kawula miwiti lelampahan kawula kaliyan Gusti?” Wonten gangsal langkah ingkang kasebat ing ngandap ingkang kaparingaken panjenengan langsung saking Kitab Suci. Menawi panjenengan gadah pitaken wonten ing lelampahan panjenengan, kersoa nuweni - <http://www.gotquestions.org/Jawi>.

#### **1. Yakin bilih panjenengan saestu mangertos kawilujengan.**

1 Yokhanan 5:13 nyariosaken dhumateng kita, “Anggonku nulis prakara iki mau kabeh marang kowe iku, supaya kowe kang padha pracaya marang asmane Putraning Allah padha sumurupa, yen kowe kabeh iku padha nduweni urip langgeng” Allah ngersakaken kita mangertos bab kawilujengan. Allah ngersakaken kita gadah kapitadosan tumrap pangertosan ingkang ngyakinaken bilih kita punika sampun kawilujengaken. Cekakipun, mangga kita sami ningali kunci pokok saking kawilujengan:

(a) Kita sadaya sampun nglampahi dosa. Kita sadaya sampun nindakaken samukawis ingkang mboten ngremenaken Gusti (Rum 3:23).

(b) Karana dosa kita, kita pantes kaukum kalayan kapisahaken saking Gusti (Rum 6:23).

(c) Yesus seda wonten ing kajeng salib supados ngruwat paukuman kita saking dosa (Rum 5:8; 2 Korintus 5:21). Yesus seda nggantosi kita, nanggél paukuman ingkang pantes kangge kita. Wungunipun mbuktekaken bilih sedanipun Yesus punika cekap kangge ngruwat dosa kita.

(d) Gusti Allah maringi pangapunten lan kawilujengan dhumateng sadaya tiyang ingkang masrahaken kapitadosanipun wonten ing Yesus – pitados bilih sedanipun Yesus kangge ngruwat dosa kita (Yokhanan 3:16; Rum 5:1; Rum 8:1).

Punika pitedah bab kawilujengan! Menawi panjenengan masrahaken kapitadosan wonten ing Yesus Kristus kang Juruwilujeng panjenengan, panjenengan kawilujengaken! Sadaya dosa panjenengan kaapunten lan janjinipun Gusti mboten bade nilar panjenengan utawi nyupekaken panjenengan (Rum 8:38-39; Mathew 28:20). Enget, kawilujengan panjenengan aman wonten ing Yesus Kristus (Yokhanan 10: 28-29). Menawi panjenengan pitados bilih Yesus piyambak dados Juruwilujeng panjenengan, milo panjenengan saged pikantuk teteping manah bilih panjenengan bade sesarengan kalayan Gusti wonten kalangengan ing swarga!

#### **2. Ngupados gereja ingkang sae mucal bab Kitab Suci.**

Sampun mikiraken bilih gereja punika bangunanipun. Gereja punika tiyangipun. Penting sanget bilih tiyang pitados ing Gusti Yesus Kristus punika sesrawungan satunggal lan satunggalipun. Punika satunggaling tujuan gereja ingkang utami. Sapunika menawi panjenengan masrahaken kapitadosan wonten ing Gusti Yesus Kristus, kita saestu kasurung manggih satunggaling gereja ingkang pitados dhumateng Kitab Suci ing sacelaking panjenengan lan ngandika kaliyan panditanipun. Kajengipun piyambakipun sumerep bilih panjenengan punika nembe pitados Yesus Kristus.

Tujuan ingkang kapindo saking gereja inggih punika mucal bab Kitab Suci. Panjenengan saged sinau kadospundi migunakaken pepakening Gusti Allah ing gesang panjenengan. Kitab Suci punika ngawrat werdining gesang Kristen ingkang rahayu miwah santoso. 2 Timotius 3:16-17 nyariosaken, “Sakehing tulisan kang diwangsitake dening Gusti Allah iku pancen migunani kanggo memulang, kanggo melehake, kanggo mbangun wewatekan tuwin kanggo nggulawenthah ing sajroning kayekten. Marga saka mangkono saben wong kagungane Gusti Allah iku disamektani kanggo nindakake samubarang kang becik.”

Tujuan kaping tiga saking gereja inggih punika pangibadah. Pangibadah punika wujud pamaturnuwun dhumateng Gusti Allah tumrap sadaya ingkang sampun katindakaken

dening Gusti! Gusti sampun milujengaken kita. Gusti ngasihi kita. Gusti nyawisaken Saliranipun kangge kita. Gusti nuntun lan mimpin kita. Kadospundi dene kita mboten ngaturaken panuwun dhumateng Panjenenganipun? Gusti Allah punika suci, adil, maha asih, maha mirah, lan kebak ing sih rahmat. Wahyu 4:11 nyariosaken, “Duh Pangeran saha Gusti Allah kawula, Paduka ingkang sayogya tampi pamuji sarta kaurmatan sarta panguwaos, amargi Paduka sampun nitahaken samukawis, sarta amargi saking karsa Paduka, samukawis punika wonten lan dumados.”

### **3. Cawisaken wekdal saben dinten sumaos ing Gusti Allah.**

Migunani sanget tumrap kita nyawisaken wekdal saben tinden sumaos ing Gusti Allah. Sawenehing tiyang nyebat “wekdal wening”. Sanesipun nyebataken “kewajiban,” amargi punika satunggaling wekdal ing pundi kita nyawisaken diri kita namung tumuju dhumateng Gusti. Sawetawis tiyang langkung remen nyawisaken wekdal ing wanci enjing, saweneh tiyang langkung remen ing wanci sonten. Punika mboten dados prakawis punapa kemawon panjenengan nyebataken wekdal punika utawi kala punapa panjenengan nindakaken. Prakawisipun inggih punika bilih panjenengan sacara tetep nyawisaken wekdal kagem Gusti. Kawontenan ingkang kados pundi ingkang damel kita nyawisaken wekdal kagem Gusti?

(a) Pandonga. Pandonga punika sarana ingkang prasaja matur dhumateng Gusti. Matur dhumateng gusti bab kaprihatinan lan peperangan batin panjenengan. Nyenyuwun supados Gusti paring kawicaksanan lan panuntun dhumateng panjenengan. Nyenyuwun supados Gusti karsa nyekapi kabetahan panjenengan. Matur dhumateng Gusti sapinten agenging panjenengan ngasihi Panjenenganipun lan sapinten agenging pangurmatan panjenengan ing atasipun sadaya ingkang sampun Panjenenganipun tindakaken tumrap panjenengan. Punika sadaya prakawis isining pandonga.

(b) Maos Kitab Suci. Kangge nambahi wewucal bab Kitab Suci ing gereja, Sekolah Minggu, lan/utawi pasinaon Kitab Suci – panjenengan perlu maos Kitab Suci piyambak. Kitab Suci isi sadaya bab ingkang panjenengan betahaken kangge seserepan supados rahayu ing gesang kakristenan. Kitab Suci isi panuntuning Gusti Allah kadospundi mendhet pancasan ingkang wicaksana, kadospundi nyumurupi kersaning Gusti, kadospundi ngladosi sesami, lan kadospundi ngindakaken sacara karohanen. Kitab Suci punika Sabdanipun Gusti tumrap kita. Kitab Suci punika saestunipun buku piwucaling Gusti Allah bab kadospundi kita gesang ngremenaken Panjenenganipun lan ndadosaken kabingahan tumraping tiyang pitados.

### **4. Mbangun sesambetan kaliyan sesami ingkang saged nulungi karohanen panjenengan.**

1 Korintus 15:33 nyariosaken dhumateng kita, “Kowe aja padha kesasar: Sesrawungan kang ala iku ngrusak padatan kang becik.” Kitab Suci punika kebak ing pepenget bab pangaribawa awon ingkang saged katularaken sesami dhumateng kita. Nelasaken wekdal kaliyan tiyang ingkang tumindak dosa bade murugaken kita kagoda nindakaken padamelan dosa ugi. Sipat makaten ingkang wonten ing sacelak kita bade “kaseka ngantos resik” saking kita. Punika sababipun dene bab punika penting sanget kangge kita sesambetan kaliyan sesami ingkang ngasihi Allah lan ugi setya dhumateng panjenenganipun.

Cobi manggihi satunggal utawi kalih kanca, mbok menawi saking gereja panjenengan, ingkang saged nulungi panjenengan lan ngagengaken manah panjenengan (Ibrani 3:13; 10:24). Nyuwun supados kanca panjenengan ngormati lan njagi tanggungjawab panjenengan ing wekdal wening panjenengan, paladosan panjenengan, lan lampah panjenengan kaliyan Gusti. Takekaken menawi panjenengan ugi saged nindakaken bab ingkang sami dhumateng para kanca panjenengan. Artosipun mboten kok lajeng panjenengan kedah ngladosi sadaya kanca panjenengan ingkang mboten tepang yen Gusti Yesus punika Juruwilujengipun.

Lajengaken sesrawungan lan ngasihi kanca wau. Cekakipun kajengipun para kanca wau sumerep bilih Yesus sampun ngewahi gesang panjenengan lan panjenengan mboten saged tumindak kados dene kala rumiyin. Nyenyuwuna dhumateng Gusti supados maringi wekdal tumrap kanca panjenengan saged tetepangan kaliyan Gusti Yesus.

### **5. Kabaptis.**

Kathah tiyang pamanggih ingkang klintu tumrap baptis. Tembung “baptis” artosipun kacemplungaken ing toya. Baptis punika nelakaken ing ngajeng tiyang kathah sacara Kitab Suci, kapitadosan enggal panjenengan wonten ing Kristus lan prasetya panjenengan nderek Panjenenganipun. Padamelan nyemplungaken ing toya nggambaraken kakuburaken

sesarengan Kristus. Padamelan ngentasaken saking toya gambaran wungunipun Kristus. Kabaptis punika nepangaken panjenengan kaliyan sedanipun Gusti Yesus, kakubur, lan wungu malih (Rum 6:3-4).

Baptis mboten milujengaken panjenengan. Baptis mboten ngruwat dosa penjenengan. Baptis punika langkah mituhu ingkang prasaja/gampil, nelakaken ing ngajenging tiyang kathah kapitadosan panjenengan wonten ing Sang Kristus piyambak tumrap kawilujengan. Baptis punika penting amargi nelakaken pamituhu – nerangaken ing ngajenging tiyang kathah kapitadosan wonten ing Sang Kristus lan prasetya panjenengan dhumateng Panjenenganipun. Menawi panjenengan sumadiya kabaptis, panjenengan kedah matur dhateng pandita.

---

### **Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Kawula nembe kemawon masrahaken kapitadosan kawula wonten ing Yesus ... sapunika kados pundi?

## Sinten to Yesus Kristus punika?

### Pitaken: Sinten to Yesus Kristus punika?

**Wangsulan:** Sinten to Yesus Kristus punika? Boten sami kaliyan pitaken, “Punapa Gusti Allah punika wonten?”, sakedhik sanget tiyang ingkang sampun nakekaken punapa Yesus Kristus punika wonten. Bab punika sacara umum katampi bilih Yesus saestu satunggaling tiyang ingkang lumampah ing lumahing jagad ing Israel meh 2000 tahun kapengker. Pawicantenan bab punika kawiwitan nalika bab sadaya jati-dirinipun Gusti Yesus karembag. Meh saben agama ageng mucal bilih Yesus punika satunggaling nabi, utawi guru ingkang pinter, utawi satunggaling tiyang ingkang saleh. Prakawisipun inggih punika, Kitab Suci nyuraosaken dhateng kita bilih Yesus punika sanget langkung sae katimbang nabi, guru ingkang pinter, utawi tiyang ingkang saleh.

C.S. Lewis ing bukunipun Mere Christianity nyerat kados makaten: “Ing mriki kula nyobi ngalang-alangi sok sintena saking pangucap bab ingkang saestu bodho bilih tiyang asring ngucapaken bab Panjenenganipun [Yesus Kristus]: “Kula wantun nampeni Yesus dados guruning kasusilan, nanging kula boten saged nampi panegesaniipun bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah.” Punika satunggaling bab ingkang kedah kita sangkal. Satunggaling tiyang ingkang namung manungsa lan cariyos bab warni-warni, Gusti Yesus ngandika tiyang punika mboten saged dados guru kasusilan ingkang agung. Piyambakipun badhe dados edan -- ingkang sami kemawon kaliyan tiyang ingkang cariyos bilih piyambak-ipun punika tigan ingkang kagodog – utawi sanesipun piyambakipun badhe dados iblising neraka. Panjenengan kedah ndhawahaken pilihan. Salah satunggal tiyang punika, inggih punika, Putraning Allah, utawi sanesipun tiyang edan utawi bab ingkang langkung awon... Panjenengan saged ngunci piyambakipun karana bodhonipun, panjenengan saged ngidoni piyambakipun lan mejahi piyambakipun karana piyambakipun punika iblis; utawi panjenengan saged sujud ing sukunipun lan nyebat piyambakipun Gusti lan Allah. Nanging mangga kita boten sami mendhet pancasan punapa kemawon gandheng kaliyan panyengkuyung ingkang sajatosipun namung kosong menggah bab wontenipun tiyang ingkang dados satunggaling guru manungsa ingkang agung. Piyambakipun boten nyukani pilihan punika tumrap kita. Piyambakipun boten gadhah tujuan kados ngaten.”

Lajeng, Gusti Yesus nerangaken Panjenenganipun punika sinten? Sinten ta Panjenenganipun punika miturut Kitab Suci? Ingkang kapisan, mangga kita sami nyimak pangandikanipun Gusti Yesus ing Yokhanan 10:30, “Aku lan Sang Rama iku siji.” Wiwitanipun katingalipun punika boten sami kaliyan Gusti Allah. Nanging, ningali wangsulanipun tiyang-tiyang Yahudi dhateng punapa ingkang kapangandikakaken Panjenenganipun, “Anggonku arep mbenturi Kowe iku ora marga panggawe kang utama, nanging marga anggonMu nyenyamah marang Gusti Allah, iya iku amarga Kowe iku manungsa kok madhakake awakMu karo Gusti Allah” (Yokhanan 10:33). Tiyang Yahudi mangertos pangandikanipun Gusti Yesus ingkang nyamekaken Sariranipun kaliyan Gusti Allah. Ing ayat-ayat salajengipun, Yesus boten nate ngleresaken wangsulanipun tiyang Yahudi kanthi pangandika, “Aku ora madhakake karo Gusti Allah.” Punika mratandhani bilih Yesus saestu ngandika Panjenenganipun punika Gusti Allah kanthi ngandika, “Aku lan Sang Rama iku siji” (Yokhanan 10:30). Yokhanan 8:58 punika conto sanesipun. Paring wangsulane Gusti Yesus, “Satemen-temene pituturKu marang kowe: Sadurunge Rama Abraham dumadi, Aku wus ana!” Malih, tanggapanipun tiyang-tiyang Yahudi lajeng sami mendheti watu kangge mbenturi Gusti Yesus (Yokhanan 8:59). Yesus nerangaken jatining Sariranipun dene “Aku” punika kapatrapaken saking Prajanjian Lawas ingkang nyebutaken Gusti Allah (Pangentasan 3:14). Kenging punapa malih tiyang Yahudi kepengin mbenturi watu Gusti Yesus manawi Panjenenganipun boten ngandika bab-bab ingkang dipun pitados dening tiyang Yahudi nyenyamah, inggih punika, nyamekaken kaliyan Gusti Allah?

Yokhanan 1:1 nyuraosaken makaten “Sang Sabda iku Gusti Allah” Yokhanan 1:14 nyuraosaken bilih, “Sang Sabda wus dadi daging.” Punika cetha nerangaken bilih Gusti Yesus punika Allah ingkang manjilma manungsa. Tomas sakabatipun Yesus punika ngaturi Gusti Yesus, “Gusti kawula tuwin Allah kawula” (Yokhanan 20:28). Yesus boten nglepataken piyambakipun. Rasul Paul nerangaken Panjenenganipun makaten, “... Allah kang Mahaagung sarta Pamarta kita Gusti Yesus Kristus” (Titus 2:13). Rasul Petrus nyuraosaken ingkang sami, “..Gusti Allah sarta Pamarta kita Gusti Yesus Kristus” (2 Petrus 1:1). Gusti Allah Sang Rama nyeksekaken bab jatining Sariranipun Gusti Yesus ugi, “Nanging tumrap Sang Putra Panjenengane ngandika: “Dhuh, Allah, dhampar Paduka punika langgeng salaminipun, lantaran kaprabon Paduka punika lantaraning kaleresan.”

Prajanjian lawas mecakake bab kaalahane Sang Kristus, “Amarga ana bayi kang wus miyos kanggo kita ana putra kang wus kaparingake marang kita, lambanging pamrentahan ana ing pamidhangane, lan asmane sinebut: Penasehat Elok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman.”

Lajeng, C.S. Lewis nyeksekaken, pitados dene Gusti Yesus punika guru ingkang sae sanes pilihan. Yesus saestu lan boten saged dipun sangkal malih bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah. Manawi Panjenenganipun punika sanes Gusti Allah, mila Panjenengan-ipun punika ngapusi, makaten ugi sanes nabi, guru ingkang sae, utawi tiyang ingkang saleh. Ing salebeting nyobi nerangaken pangandikanipun Gusti Yesus, para “sarjana” jaman samangke mastani “kayektosan bab sejarahipun Yesus” boten kathah ingkang nyariosaken bab-bab sipatipun Gusti Yesus ing Kitab Suci. Sinten ta kita punika dene bebantahan kaliyan Sabdaning Gusti Allah bab punapa ingkang kapangandikakaken punapa ingkang boten kapangandikakaken dening Gusti Yesus? Kadospundi “sarjana” ingkang jarakipun kalihewu tahun saking Gusti Yesus gadhah wawasan ingkang langkung sae ngantos dumugi punapa ingkang kapangandikakaken lan boten kapangandikakaken dening Yesus tinimbang tiyang ingkang gesang, ngladosi, lan dipun wucal dening Yesus piyambak (Yokhanan 14:26)?

Kenging punapa pitaken bab kayektosan jatining Sariranipun Gusti Yesus wigatos sanget? Kenging punapa dene bab punapa Yesus punika Gusti Allah dados kawigatosan? Alasan ingkang paling wigatos bilih Yesus kedah dados Gusti Allah inggih punika manawi Panjenenganipun sanes Gusti Allah, sedanipun boten badhe saged ngluwari dosaning jagad (1 Yokhanan 2:2). Namung Gusti Allah ingkang saged ngluwari pakuman tanpa wates (Rum 5:8; 2 Korinta 5:21). Yesus kedah dados Gusti Allah supados Panjenenganipun saged mundhati utang kita. Yesus kedah dados manungsa supados Panjenenganipun saged seda. Karahayon kacawisaken namun langkung pitados ing Gusti Yesus Kristus! Sipat ka-Allah-anipun Gusti Yesus inggih punika kenging punapa namung Panjenenganipun punika margining karahayon. Sipat kaalahanipun Gusti Yesus inggih punika bilih Panjenenganipun ngandika, “Aku ini dalane sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku” (Yokhanan 14:6).

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Sinten to Yesus Kristus punika?

## **Punapa Gusti Allah punika wonten? Punapa wonten buktinipun bab wontenipun Gusti Allah?**

---

### **Pitaken: Punapa Gusti Allah punika wonten? Punapa wonten buktinipun bab wontenipun Gusti Allah?**

**Wangsulan:** Punapa Gusti Allah punika wonten? Kula saestu katarik bilih kathah sanget kawigatosan ingkang kasokaken dhateng bebantahan bab punika. Penelitian ingkang pungkasan nyariosaken dhateng kita bilih langkung saking 90% tiyang ing sajagad ing wek-dal punika pitados wontenipun Gusti Allah utawi wontenipun kakiyatan ingkang langkung inggil. Nanging, kadospundia tanggeljawabipun kapasrahaken dhateng sinten kemawon ingkang pitados bilih Gusti Allah punika wonten kaliyan kadospundi mbuktekaken bilih Gusti Allah punika saestu wonten. Kangge kula, kula kinten kedah mangertos cara sanes.

Nanging, wontenipun Gusti Allah boten saged kabuktekaken punapa dene kaselaki. Dene Kitab Suci nyariosaken bilih kita kedah nampi kanthi pitados saestu bilih Gusti Allah punika wonten, “Nanging manawa tanpa pracaya mokal yen ndadekake keparenging Allah. Jalaran sing sapa sowan marang ngarsane Gusti Allah iku kudu pracaya manawa Gusti Allah iku ana, sarta maringi ganjaran marang wong kang padha temen-temen ngupaya marang Panjenengane” (Ibrani 11:6). Manawi Gusti Allah ngersakaken, Panjenenganipun saged miyos kanthi gampil sarta mbuktekaken dhateng salumahing jagad bilih Panjenenganipun wonten. Nanging manawi makaten, kapitadosan punika boten badhe kabetahaken malih. “Pangandilane Gusti Yesus: “Amarga kowe wus ndeleng Aku, temah kowe kumandel. Rahayu wong kang padha ora ndeleng nanging kumandel” (Yokhanan 20:29).

Punika boten ateges, kadospundia, bilih boten wonten bukti wontenipun Gusti Allah. Kitab Suci nerangaken, “Langit nyaritakake kamulyaning Allah, sarta akasa mratelakake yeyasane astane, rina ngluhurake pawarta iku ganti gumanti, lan wayah bengi medharake kawruh ganti gumanti. Ora ana pawarta lan ora ana tembung, ora keprungu swarane” (Jabur 19:1-4). Sumangga panjenengan mirsani lintang-lintang, mangertos bab jembaring jagad, ngamat-amati kaelokaning alam, ningali endahing pletheking surya – sadaya punika wau mratelakaken wontenipun Gusti Allah ingkang yeyasa. Manawi punika dereng cepak, ugi cetha wontenipun Gusti Allah ing salebeting manah kita piyambak. Kohelet 3:11 nyariosaken dhateng kita, “... malah atine padha kaparingan kalanggengan ...”

Minangka tambahan tanggapaning Kitab Suci bab wontenipun Gusti Allah, wonten tanggapan sacara nalaring manungsa. Ingkang kapisan, inggih punika tanggapan ontologis. Rancangan ingkang kawentar piyambak saking tanggapan ontologis dasaripun migunakaken rancanganing Gusti Allah kangge mbuktekaken wontenipun Gusti Allah. Kawiwitan sarana tetepaning Gusti Allah kados dene “bilih pundi ingkang boten langkung ageng saged dipun mangertosi.” Bab punika lajeng dipun tanggapi bilih wonten langkung ageng katimbang boten wonten, lan awit saking punika ingkang ageng piyambak saged dipun mangertosi kedah wonten. Manawi Gusti Allah boten wonten lajeng Gusti Allah boten badhe dados dipun mangertosi ingkang paling ageng – nanging punika badhe ndadosaken bebantahan bab pangertosaning Gusti Allah. Ingkang kaping kalih inggih punika tanggapan teologis. Tanggapan teologis bilih saking wiwitan jagad ngalingalaken kados satunggaling rancangan kaelokan, ing ngriku mesthi satunggaling rancangan Ka-allah-an. Contonipun, manawi donya ajeg atusan mil langkung celak utawi langkung tebih saking surya, punika boten badhe saged nyanggi gesangingpun samangke. Manawi kawontenan ing atmosfir ajeg benten sawetawis persen titik, saben ingkang gesang ing donya badhe pejah. Pepalang saking molekul protein tunggal kabentuk sacara kaleresan inggih punika 1 ding 10243 (punika 10 dipun kantheni 243 O’s). Sel tunggal awujud saking mayuta-yuta molekul protein.

Tanggapan ingkang pinanggih ing nalar ingkang kaping tiga tumrap wontenipun Gusti Allah inggih punika kasebat tanggapan kosmologis. Saben pituwas mesthi wonten sababipun. Jagad punika sarta sadaya bab ing lebetipun punika satunggaling pituwas. Mesthi wonten ingkang murugaken samukawis sanesipun punika wonten. Bab ingkang “tanpa-sabab” inggih punika Gusti Allah. Tanggapan ingkang kaping sekawan inggih punika kasumurupan minangka tanggapan kasusilan. Saben kabudayan nglangkungi sejarah ingkang nggadhahi kathah bentuking ukum. Saben tiyang gadhah pangraos badhe leres lan lepat. Mejahi, ngapusi, nyolong, sarta tumindak tanpa kasusilan sacara umum badhe katolak. Saking pundi pangraos leres lan lepat punika dhateng manawi boten saking



## Gusti Allah ingkang suci?

Sadaya saking punika, Kitab Suci nyariosaken dhumateng kita bilih manungsa badhe mbucal seserepan bab Gusti Allah ingkang resik lan boten saged kaselaki sarta minangka gantosipun pitados ing pagorohan. Rum 1:25 mratelakaken, “Awitdene iya padha nglironi kayektene Gusti Allah kalawan barang pulasan, padha ngluhurake sarta ngabekti marang pepadhang tumitah, nglalekaken marang kang nitahake, kang mesthine padha pinuji puji ing salawas-lawase. Amin.” Kitab suci ugi mratelakaken bilih manungsa tanpa dasar boten pitados ing Gusti Allah, “Awitdene kang ora katingal ana ing Gusti Allah, iya iku kakiyatane kang langgeng lan kaallahane, iku wiwit dumadine jagad bisa kasumurupan saka ing pakaryane, satemah wong-wong padha ora bisa diarani tanpa kaluputan” (Rum 1:20).

Manungsa ngugemi boten pitados ing Gusti Allah amargi “boten ilmiah” utawi “amargi boten wonten buktinipun.” Dasar ingkang leres inggih punika bilih tiyang ngakeni bilih Gusti Allah punika wonten, tiyang-tiyang wau inggih kedah sadhar bilih piyambakipun tanggeljawab dhateng Gusti Allah lan mbetahaken pangapunten saking Gusti Allah (Rum 3:23; 6:23). Manawi Gusti Allah wonten, lajeng kita kedah tanggeljawab punapa ingkang kita tindakaken tumrap Panjenenganipun. Manawi Gusti Allah boten wonten, lajeng kita saged tumindak punapa kemawon ingkang kita kepengini tanpa kuwatos bab paukumaning Gusti Allah dhumateng kita. Kula pitados bilih saking punika ewah-ewahan kiyat sanget anggenipun kacepengi dening kathah masyarakat kita – nyukani manungsa pilihan bab kapitadosan tumrap Gusti Allah ingkang nitahaken sadayanipun. Gusti Allah wonten lan wekasanipun sadaya tiyang sumerep bilih Panjenenganipun punika wonten. Kasunyatanipun bilih sawetawis tiyang ingkang nyelaki wontenipun Gusti Allah punika saleresipun arupi satunggaling tanggapan tumrap wontenipun Gusti Allah.

Keparenga kula ngaturi satunggal tanggapan ingkang pungkasan tumrap wontenipun Gusti Allah. Kados pundi kula sumerep bilih Gusti Allah punika wonten? Kulo sumerep bilih Gusti Allah punika wonten awit kula matur dhumateng Panjenenganipun saben dinten. Kula boten mirengaken suwantening Panjenenganipun paring wangsul dhateng kula, nanging kula ngraosaken peparingipun, kula ngraosaken panuntunipun, kula ngraosaken sihipun dhumateng kula, kula kepengin panglipuranipun. Bab-bab ingkang sampun kelampahan ing gesang kula ingkang boten badhe wonten katerangan kajawi saking Gusti Allah. Gusti Allah sampun sacara elok sanget anggenipun paring karahayon dhumateng kula lan nggantosi gesang kula ingkang boten saged kula pitulungi kajawi ngakeni lan memuji wontenipun Gusti Allah. Boten wonten satunggal-satunggal saking tanggapan-tanggapan punika salebeting lan saking manungsa piyambak saged ngujuk-ujuki sok sintena ingkang nolak ngakeni punapa ingkang sacara prasaja sampung cetha. Pungkasanipun, wontenipun Gusti Allah kedah katampi sarana kapitadosan (Ibrani 11:6). Kapitadosan ing Gusti Allah punika sanes untung-untungan ingkang ngawur, punika langkah ingkang aman tumuju panggenan ingkang padhang ing pundi 90% tiyang sami sumadya.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa Gusti Allah punika wonten? Punapa wonten buktinipun bab wontenipun Gusti Allah?

## **Punapa Yesus punika Gusti Allah? Punapa Yesus nate nelakaken bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah?**

---

### **Pitaken: Punapa Yesus punika Gusti Allah? Punapa Yesus nate nelakaken bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah?**

**Wangsulan:** Yesus boten nate kacathet ing Kitab Suci manawi ngandika kanthi cetha, “Aku iki Allah.” Punika boten ateges, kados pundia, bilih Panjenenganipun boten nerangaken bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah. Mendhet conto Sabdanipun Gusti Yesus ing Yokhanan 10:30, “Aku lan Sang Rama iku siji.” Ing panyawang wiwitan, punika katingal-ipun kados boten nerangaken punika Gusti Allah. Ewa semanten, sumangga mirsanana tanggapanipun tiyang Yahudi tumrap pangandikanipun Gusti Yesus punika, “Anggonku arep mbenturi Kowe iku ora marga panggawe kang utama, nanging marga anggonmu nyenyamah marang Gusti Allah, iya iku amarga Kowe iku manungsa kok madhakake awakmu karo Gusti Allah” (Yokhanan 10:33). Tiyang Yahudi mangertos pangandikanipun Yesus ingkang nerang-aken bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah. Ing ayat salajengipun Yesus boten nate ngleresaken punapa ingkang dipun cariyosaken dening tiyang Yahudi, “Aku ora nerangake manawa Aku iki Allah.” Punika nedahaken bilih Yesus saestu ngandika Panjenenganipun punika Gusti Allah sarana katerangan, “Aku lan Sang Rama iku siji” (Yokhanan 10:30). Yokhanan 8:58 satunggaling conto sanes. Paring wangsulane Gusti Yesus: “Satemen-temene pituturku marang kowe: Sadurunge Rama Abraham dumadi, Aku wus ana!” Ing kono wong-wong banjur padha njupuki watu, arep mbenturi Panjenengane; nanging Panjenengane ngoncati, sarta nilar Padaleman Suci (Yokhanan 8:59). Kenging punapa tiyang Yahudi badhe sami mbenturi Gusti Yesus kaliyan watu manawi Panjenenganipun boten ngandika bab ingkang dipun pitadosi dening tiyang Yahudi nyenyamah, nyamekaken, nerangaken bilih Panjenenganipun punika Gusti Allah?

Yokhanan 1:1 nyariosaken makaten “Sang Sabda iku Gusti Allah.” Yokhanan 1:14 nyariosaken makaten “Sang Sabda wus dadi daging.” Punika nerangaken kanthi cetha bilih Gusti Yesus punika Gusti Allah ingkang manjilma. Lelakone Para Rasul 20:28 nyariosaken dhateng kita, “Mulane padha reksanen awakmu sarta pepanthan kabeh, amarga kowe kang pada dipiji dening Sang Roh Suci dadi pamong kang kakarsakake ngengon pasamuwaning Allah kang kadarbe sarana rahe kang Putra piyambak.” Sinten ingkang ndarbeni pasamuwan kanthi rahipun piyambak? Gusti Yesus Kristus. Lelakone Para Rasul 20:28 nerangaken bilih Gusti Allah mundhut pasamuwan kanthi rahipun piyambak. Awit saking punika, Yesus punika Gusti Allah!

Tomas sakabatipun ngaturi Gusti Yesus, “Gusti sarta Allah kawula” (Yokhanan 20:28). Yesus boten ngleresaken piyambakipun. Titus 2:13 njurungi kita supados nengga rawhipun Gusti lan Pamarta kita – Yesus Kristus (pirsani ugi 2 Petrus 1:1). Ing Ibrani 1:8, Sang Rama ngandika bab Gusti Yesus, “Nanging tumrap Sang Putra Panjenengane ngandika: “Dhuh, Allah, dhampar Paduka punika langgeng salaminipun, lan kaprabon Paduka punika lantaraning kaleresan.”

Ing kitab Wahyu, satunggaling malaekat paring dhawuh dhateng Rasul Yokhanan supados namung nyembah Gusti Allah (Wahyu 19:10). Ing sawetawis ayat Kitab Suci Gusti Yesus nampi panyembah (Matius 2:11; 14:33; 28:9, 17; Lukas 24:52; Yokhanan 9:38). Panjenenganipun boten nate ngutus tiyang supados nyembah Panjenenganipun. Manawi Yesus sanes Gusti Allah, Panjenenganipun mesthi ngandika dhateng para tiyang wau supados sampun nyembah Panjenenganipun, kados dene malaekat ing Wahyu. Wonten kathah ayat sanesipun lan bagian saking Kitab Suci ingkang nerangaken bab ka-allahanipun Yesus.

Dasar ingkang paling wigatos bilih Gusti Yesus kedah dados Gusti Allah inggih punika manawi Panjenenganipun sanes Gusti Allah, sedanipun boten badhe badhe nyekapi kangge ngruwat paukuman dosaning jagad punika (1 Yokhanan 2:2). Namung Gusti Allah ingkang saged ngluwari paukuman tanpa wates. Namung Gusti Allah ingkang saged ngluwari dosaning jagad (2 Korinta 5:21), pejah, lan kawungokaken – mbuktekaken kamenanganipun saking dosa lan pepejah.

---

[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa Yesus punika Gusti Allah? Punapa Yesus nate nelakaken bilih Panjenenganipun  
punika Gusti Allah?

## **Punapa Gusti Allah punika nyata? Kadospundi kula saged sumerep supados yakin bilih Gusti Allah punika nyata?**

---

### **Pitaken: Punapa Gusti Allah punika nyata? Kadospundi kula saged sumerep supados yakin bilih Gusti Allah punika nyata?**

**Wangsulan:** Kita sumerep bilih Gusti Allah punika nyata awit Panjenenganipun sampun ngatingalaken Sariranipun dhumateng kita sarana tiga cara: ing salebeting titahipun, Sabdanipun, sarta Putranipun, Yesus Kristus.

Bukti ingkang paling dasar wontenipun Gusti Allah sacara gampil saking punapa ingkang sampun Panjenenganipun titahaken. “Awitdene kang ora katingal ana ing Gusti Allah, iya iku kakiyatane kang langgeng lan kaallahane, iku wiwit dumadine jagad bisa kasumurupan saka ing pakaryane, satemah wong-wong padha ora bisa diarani tanpa kaluputan” (Rum 1:20). “Langit nyaritakake kamulyaning Allah, sarta akasa mratelakake yeyasaning astane” (Jabur 19:1).

Manawi kula manggih jam tangan ing satengahing lapangan, kula boten badhe nganggep bilih punika “muncul” boten saking pundia kemawon utawi bilih punika sampun tansah wonten. Adedasar rancanganing jam punika, kula badhe nganggep mesthi gadhah pangrancang. Nanging kula sumerep rancangan ingkang langkung sae lan teliti ing jagad sacelak kita. Ukuran wekdal kita boten kadasaraken ing jam tangan, nanging wonten ing pakaryaning astanipun Allah – teteping puteraning jagad (sarta sedian radioaktif saking sesium-133 atom). Pameran rancangan sajagad ingkang sae, lan tanggapan kangge Pangrancang ingkang Pinter.

Manawi kula manggih satunggaling pesen mawi sandi, kula badhe pados ahlining pamaos sandi kangge mitulungi mecahaken sandinipun. Panganggep kula bilih wonten satunggaling tiyang pinter ingkang ngintunaken pesen punika, ingkang nyiptakaken sandi kalawau. Kadospundi ruwetipun “sandi” DNA ingkang kita beta ing saben sel ing salebeting badan kita? Punapa karuwetan lan tujuaning DNA punika boten mratelakaken kapinteraning Panyerating sandi punika?

Boten namung Gusti Allah sampun ngasta karuwetan sarta kawontenaning jagad sacara alus, Panjenenganipun ugi sampun nanem raosing kalanggengan ing salebeting manah saben tiyang (Kohélet 3:11). Manungsa nggadhahi sipat tanggap ingkang langkung tumuju ing gesang katimbang katingal ing mripat, ingkang wontenipun langkung inggil katimbang kadonyan ing sadinten-dinten punika. Pangraos kalanggengan kita piyambak mujudaken sakirang-kirangipun wonten ing kalih prakawis: panembahan lan damel aturan.

Saben tatanan nglangkungi sejarah ingkang sampun kabiji kapesthening aturan kasusilanipun, ingkang sami nggumunakenipun saking satunggal kabudayan tumuju kabudayan salajengipun. Contonipun, katresnan ingkang sae punika kajunjung ing sajagad, dene pakaryaning panggoroh punika kaipat-ipat ing sajagad. Kasusilan ingkang umum punika – pangertosan sajagad bab leres lan lepat punika – titik tumuju Kasusilan Manambah ingkang Maha Kuwaos ingkang maringi kita kawratan ingkang makaten.

Ing bab ingkang sami, manungsa sajagad, tanpa nyimak kabudayan, tansah ngolah cara pangibadah. Tujuaning pangibadah mbokmanawi benten-benten, nanging pangraos ing “kakiyatan ingkang langkung inggil” punika bagian ingkang boten saged kaselaki saking manungsa. Kacondongan kita bab pangibadah cocok kalian kasunyatan bilih Gusti Allah nitahaken kita “miturut gambaran Sariranipun piyambak” (Purwaning Dumadi 1:27).

Gusti Allah ugi ngatingalaken Sariranipun piyambak dhumateng kita lumantar Sabdanipun, Kitab Suci. Sadaya ayat Kitab Suci, wontenipun Gusti Allah kawicantenaken kados dene kasunyatan ingkang gamblang (Purwaning Dumadi 1:1; Pangentasan 3:14). Nalika Benjamin Franklin nyerat Autobiografipun (lelampahaning gesangipun), piyambakipun boten mbucal wekdal kangge nyobi mbuktekaken bilih piyambakipun punika wonten. Makaten ugi, Gusti Allah boten nelasaken kathah wekdal kangge mbuktekaken bilih Panjenenganipun punika wonten ing kitabipun (Kitab Suci). Ewahing gesang alami saking Kitab Suci, kautuhan, sarta mujizat ingkang nyarengi seratan punika kedahipun sampun cekap kangge ngleresaken ingkang katingal langkung celak.

Cara ingkang kaping tiga ing pundi Gusti Allah ngatingalaken Sariranipun lumantar Sang Putra, Yesus Kristus (Yokhanan 14:6-11). “Ing kala purwa Sang Sabda iku ana, dene Sang

Sabda iku nunggil karo Gusti Allah sarta Sang Sabda iku Gusti Allah. ... Anadene Sang Sabda wus dadi daging sarta makuwon ana ing antara kita” (Yokhanan 1:1, 14). Ing Yesus Kristus “kadunungan Kaallahan sawetahe kang kasarira” (Kolose 2:9).

Ing gesangipun Gusti Yesus ingkang nakjubaken, Panjenenganipun ngugemi sadaya angger-anggering Prajanjian Lawas kanthi sampurna sarta menuhi paweca bab Sang Mesias (Matius 5:17). Panjenenganipun nindakaken pakaryan ingkang kebak welas asih tanpa etangan sarta mujizat ing ngajenging tiyang kathah kangge mbuktekaken pangandikanipun lan ngandhut paseksi tumrap Kaallahanipun (Yokhanan 21:24-25). Lajeng, tigang dinten sasampunipun Panjenenganipun kasalib, wungunipun saking seda, kategesaken kanthi nyata dening atusan mripat ingkang nyeksekaken (1 Korinta 15:6). Cathetan sejarah kebak dening “bukti” bab sinten ta Yesus punika. Kados Rasul Paulus ngandika, “Sang Prabu ugi nguningani prakawis punika sadaya, awit saking punika kawula kalayan tatag saha tanpa tedheng aling-aling matur wonten ing ngarsanipun. Kawula yakin, bilih sadaya punika boten wonten satunggal kemawon ingkang dereng nate kapiirengaken, awit prakawis punika boten kalampahan wonten ing panggenan ingkang kiwa” (Lelakone Para Rasul 26:26).

Kita mangertos bilih badhe tansah wonten tiyang gojag-gajeg ingkang gadhah pamanggihipun piyambak bab Gusti Allah sarta badhe maos miturut tandha. Lan badhe wonten sawetawis tiyang ingkang boten ngetang bukti supados nyakinaken (Jabur 14:1). Sadaya kalawau ndhatengaken kapitadosan (Ibrani 11:6).

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa Gusti Allah punika nyata? Kadospundi kula saged sumerep supados yakin bilih Gusti Allah punika nyata?

## Punapa tegesipun gesang?

### Pitaken: Punapa tegesipun gesang?

**Wangsulan:** Punapa tegesipun gesang? Kadospundi kula saged manggih tujuan, kasampurnan, lan marem ing salebeting gesang? Punapa kula badhe nggadhahi kasagedan mrantasi bab-bab wigatos ing salaminipun? Satemah kathah tiyang boten saged mandheg anggenipun nimbang-nimbang punapa tegesipun gesang punika. Para tiyang wau wangsul ningali tahun-tahun kapengker lan gumun kenging punapa sesambetanipun sami risak lan kenging punapa sami rumaos kosong sinaosa mbokmanawi sampun sami nggayuh punapa ingkang sami karancang badhe karampungaken. Satunggaling pemain baseball ingkang damel baseball kawentar ing lapangan baseball taken punapa ingkang dipun ajeng-ajeng saking satunggaling tiyang ingkang cariyos dhateng piyambakipun nalika piyambakipun nembe wiwitan main baseball. Piyambakipun mangsuli, “Inkang kula ajeng-ajeng inggih punika tiyang badhe cariyos dhateng kula bilih manawi panjenengan saged nggayuh katenaran, ing mrika boten wonten punapa-punapa.” Kathah tujuan ingkang namung awujud kakosongan sasampunipun tahun-tahun ingkang sampun kaborosaken ing salebeting ngupados gegayuhan kalawau.

Ing salebeting masyarakat kita, tiyang sami ngoyak kathah tujuan, mikiraken bilih ing salebeting punapa ingkang dipun tuju punika sami saged manggih tegesing gesang. Ing antawisipun kalebet ngoyak: kasuksesaning padamelan, kasugihan, sesambetan ingkang sae, seks, kasenangan, nindakaken bab ingkang sae tumrap sesami, lan sanesipun. Tiyang sami neksekaken bilih sanadyan tiyang-tiyang wau sampun sami nggayuh tujuanipun ing bab kasugihan, sesrawungan, lan kasenangan, taksih wonten kakosongan ingkang lebet ing batinipun — satunggaling raos kakosongan ingkang boten katingal supados dipun isi.

Panyerat kitab Kohelet mecakaken pangraos punika nalika piyambakipun wicanten, “Banget anggone tanpa guna! Banget anggone tanpa guna, mangkono pangandikane Sang Kohelet, banget anggone tanpa guna, samubarang kabeh iku tanpa guna!” Panyerat punika sampun gadhah kasugihan ingkang sakalangkung kathah, kawicaksanan nglangkungi tiyang sanes ing jamanipun ugi ing jaman kita, wanita atusan, kraton lan patamanan inggih punika kaprabon ingkang nimbulaken meri, tetedhan lan anggur ingkang paling sae, sarta gadhah sadaya warni kasenangan ingkang cumawis. Lan panjenenganipun ngandika ing satunggaling bab, bilih sadaya ingkang dipun kepengini manahipun, sampun kagayuh. Lan malih panjenenganipun nyimpulaken “kagesangan ing sangandaping surya” (kawontenaning gesang punika gesang kados-kados sadaya cumawis ing mrika. Gesang punika punapa ingkang saged kita tingali sarana mripat kita lan kita alami sarana pangraos kita ) punika tanpa guna! Kenging punapa ingkang makaten punika tanpa guna? Awit Gusti Allah nitahaken kita tumrap bab ingkang nglangkungi punapa ingkang kita alami ing mriki lan sapunika. Salomo wicanten bab Gusti Allah, “Samubarang kabeh katitahake endah ing wayah kang wus kapesthekake malah atine padha kaparingan kalanggengan, nanging manungsa ora bisa nyumurupi pakaryaning Allah wiwit wiwitan nganti kalanggengan.” Ing manah kita kita rumaos bilih “ing mriki lan sapunika” boten sadaya punika wonten.

Ing Purwaning Dumadi, kitab kapisan saking Kitab Suci, kita manggih bilih Gusti Allah nitahaken manungsa miturut gambaranipun Gusti Allah (Purwaning Dumadi 1:26). Punika tegesipun bilih kita langkung memper kaliyan Gusti Allah katimbang kita memper kaliyan titah sanesipun (bentuk gesang sanesipun). Kita ugi manggih bilih saderengipun manungsa dhumawah ing dosa sarta kadhawahan ipat-ipat kapapanaken ing jagad, bab-bab ing salajengipun punika saleresipun: (1) Gusti Allah ndadosaken manungsa titah sosial (Purwaning Dumadi 2:18-25); (2) Gusti Allah maringi manungsa padamelan (Purwaning Dumadi 2:15); (3) Gusti Allah kagungan sesambetan kaliyan manungsa (Purwaning Dumadi 3:8); lan (4) Gusti Allah maringi manungsa panguwaos tumrap saising jagad (Purwaning Dumadi 1:26). Punapa ingkang dipun kajengaken saking pokok-pokok punika? Kula pitados bilih Gusti Allah nersakaken saking saben pokok punika nambahi kapenuhan ing salebeting gesang kita, nanging sadaya saking punika (utaminipun sesambetaning manungsa kaliyan Gusti Allah) tingkah polah ingkang namung lamis karena manungsa dhumawah ing dosa lan pituwasiipun nampi ipat-ipat kapapanaken ing jagad (Purwaning Dumadi 3).

Ing kitab Wahyu, pungkasaning Kitab Suci, ing wekdal ingkang pungkasan saking pungkasaning kadadosan-kadadosan sanesipun, Gusti Allah ngandika bilih Panjenenganipun badhe ngremuk jagad ingkang sapunika sarta swarga kados ingkang kita

sumerepi jagad lan swarga sarta palados ing salebeting kawontenan ing kalanggengan sarana nitahaken swarga enggal lan jagad enggal. Ing wekdal punika, Panjenenganipun badhe mulihaken sesambetan ingkang sayektos sarana milujengaken manungsa. Kathah manungsa ingkang badhe kaadili miturut pandamelipun sarta kacemplungaken ing Segara Latu (Wahyu 20:11-15). Lan sarana punika ipat-ipating dosa badhe kasingkiraken; satemah boten badhe wonten dosa malih, kasisahan, sesakit, pejah, kasangsaran, lan sanesipun (Wahyu 21:4). Sarta para tiyang pitados badhe marisi sadayanipun; Gusti Allah badhe pinarak ing satengahing tiyang pracaya, lan para tiyang pracaya badhe dados para putraning Allah (Wahyu 21:7). Makaten, kita nglangkungi sadaya ingkang Gusti Allah titahaken tumrap kita supados kita tansah sesambetan kaliyan Panjenenganipun; dosaning manungsa, ngrisak sesambetan punika; Gusti Allah mulihaken sacara sampurna sesambetan punika ing kawontenaning kalanggengan sarana tetimbangan ingkang pantes dining Panjenenganipun. Sapunika, nglangkungi gesang kangge nggayuh punapa kemawon lan sadaya kemawon namung mejahi pepisahan saking Gusti Allah tumrap kalanggengan badhe dados langkung awon lan muspra! Nanging Gusti Allah sampung nyawisaken margi ingkang boten namung tumuju arahayon ingkang langgeng (Lukas 23:43), nanging ugi gesang punika damel marem lan migunani tumrap kasaenan. Sapunika, arahayon ingkang langgeng lan “swarga ing jagad” punika kagayuh?

## **GESANG KANG MIGUNANI KAPULIHAKEN LUMANTAR YESUS KRISTUS**

Minangka pitedah ing inggil, teges saleresipun saking kekalihipun samangke sarta ing jaman kalanggengan kapanggihaken ing satunggaling pamulihan sesambetan kaliyan Gusti Allah ingkang sampun ical rikala Adam lan Hawa dhumawah ing dosa. Samangke, sesambetan kaliyang Gusti Allah namung saged nglangkungi Putranipun Allah, Yesus Kristus (Lelakune Para Rasul 4:12; Yokhanan 14:6; Yokhanan 1:12). Gesang langgeng saged katambahaken manawi manungsa nggetuni dosanipun (boten badhe nglajengaken malih tumindak dosa nanging kepengin Kristus ngewahi sarta ndadosaken pribadi ingkang enggal) lan wiwit sumendhe ing Yesus Kristus minangka Juruwilujeng (kula aturi mirsani pitaken “Punapa punika rancanganing kawilujengan?” minangka pitedah salajengipun wonten ing wedalan ingkang paling wigatos).

Samangke, teges ingkang saleresipun ing salebeting gesang boten dipun panggihi saestu namung pinanggih wonten ing Gusti Yesus minangka Juruwilujeng (sami endahipun kaliyan punika). Langkung saking punika, teges ing saleresipun ing salebeting gesang dipun panggihi rikala tiyang wiwit ndherek Kristus minangka sakabatipun, sinau bab Panjenenganipun, nelasaken wekdal kaliyan Panjenenganipun sarana Sabdanipun, Kitab Suci, sesambetan kaliyan Panjenenganipun sarana pandonga, sarta lumampah kaliyan Panjenenganipun lumantar setya ing angger-anggeripun. Manawi panjenengan dereng pitados (utawi mbomenawi nembe pitados enggal) panjenengan mbokmenawi panjenengan ngudara tumrap panjenengan piyambak, “Iku dudu swara sing nyenengake utawa maremake tumrap aku!” Nanging sumangga maosa langkung dangu sakedik. Yesus ngandika kados ing ngandap punika: “He para wong kang kesayahan lan kamomotan, padha mrenea, Aku bakal gawe ayemmu. PasanganKu padha tampanana ing pundhakmu lan padha nggegurua marang Aku, awit Aku iki alur lan lembah ing budi, temahan kowe bakal padha oleh ayeming nyawamu. Amarga pasanganKu iku kepenak lan momotanKu iku entheng” (Matius 11:28-30). “Aku iki teka supaya wedhus-wedhus padha duwea urip, kanthi kaluberan” (Yokhanan 10:10b). “Manawa ana wong kang arep ngetut buri Aku, iku kudu nyingkur awake dhewe sarta manggula salibe lan melua Aku. Amarga sing sapa kumudu-kudu nylametake nyawane, iku bakal kelangan nyawane, nanging kang kelangan nyawane marga saka Aku, iku bakal nemu” (Matius 16:24-25). “Lan bungaha marga saka Sang Yehuwah, dadi kowe mesthi diparingi pepenginaning atimu” (Jabur 37:4).

Punapa ingkang dipun cariyosaken dening sadaya ayat kalawau inggih punika kita gadhah pilihan. Kita saged nglajengaken ngupados panuntun tumrap gesang kita piyambak (kanthi asil gesang ing kakosongan) utawi kita saged milih ngupados Gusti Allah sarta ingkang Panjenenganipun kersakaken tumrap gesang kita kanthi gumolonging manah (ing pundi badhe ngangsakaken gesang ingkang kaluberan, ngangsakaken pepenginaning manah, sarta manggih kabingahan lan kamareman). Sadaya punika wau amargi ingkang Nitahaken kita ngasihi kita sarta ngersakaken sadaya ingkang paling sae tumrap kita (boten cekap namung gesang ingkang gampang, nanging sanget migunani).

Minangka panutup, kula kepengin sesarengan ngrembag bab pasemon ingkang kaampil saking satunggaling kanca pandhita. Manawi panjenengan tiyang ingkang remen olah raga sarta netepaken badhe ningali tanding olah raga profesional, panjenengan saged mbayar sawetawis dolar lan panjenengan badhe pikantuk palenggahan ing barisan wingking ing inggil saking stadion punika utawi panjenengan saged ngrogoh sak lan nelasaken atusan dolar sarta panjenengan badhe pikantuk kursi ingkang sipatipun pribadi lan celak kaliyan lapangan tanding punika. Punika kados dene gesang Kakristenan. Migatosaken yeyasaning

Astanipun Gusti Allah punika sanes kangge Kakristenan ing dinten Minggu. Tiyang-tiyang wau boten mbayar reginipun. Migatosaken yeyasaning Astanipun Gusti Allah punika kanthi gumolonging manah sakabatipun Kristus ingkang saestu mandheg anggenipun ngupados pepenginipun piyambak ing salebeting gesang satemah sami saged ngupados tujuaning Gusti Allah ing salebeting gesang. Tiyang-tiyang wau sampun mbayar reginipun (saestu sumendhe dhumateng Sang Kristus lan kersanipun); tiyang-tiyang punika wau ngalami gesang ingkang kaluberan; sarta sami badhe kapanggih piyambak kaliyan sesaming manungsa, sarta ingkang Yeyasa kalayan tanpa getun! Punapa panjenengan sampun nglunasi? Punapa panjenengan badhe nglunasi? Manawi makaten, panjenengan boten badhe kaluwen bab gunaning lan tujuaning gesang malih.

---

**[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Punapa tegesipun gesang?



## Punapa tiyang Kristen lan tiyang Muslim nyembah Gusti Allah ingkang sami?

---

### **Pitaken: Punapa tiyang Kristen lan tiyang Muslim nyembah Gusti Allah ingkang sami?**

**Wangsulan:** Wangsulan saking pitaken punika gumantung kaliyan punapa tegesipun “Gusti Allah ingkang sami.” Boten wonten ingkang nyelaki bilih panyawanging Muslim bab Gusti Allah lan panyawanging Kristen bab Gusti Allah gadhah kathah bab ingkang sami. Kekalihipun panyawang bab Gusti Allah minangka panguwaos ingkang saleresipun, mahakuwaos, suci, adil, wicaksana. Kekalihipun tiyang Islam lan tiyang Kristen pitados ing satunggal Gusti Allah ingkang nitahaken sadaya samukawis ing jagad. Mila, inggih, ing pangertisan punika, Kristen & Muslim nyembah Gusti Allah ingkang sami.

Ing wekdal ingkang sami, ugi wonten benten ingkang wigatos antawisipun panyawanging Kristen lan Muslim bab Gusti Allah. Dene tiyang Muslim nyawang Allah punika minangka ingkang kagungan kawicaksananing katresnan, sih-rahmat, lan kabingahan; Allah boten nedahaken kawicaksanan punika mawi cara ingkang sami minangka Allah-ing tiyang Kristen. Benten ingkang paling wigatos, langkung rumiyin, antawis panyawanging tiyang Muslim lan tiyang Kristen inggih punika bab pangertosan panjilmanipun. Tiyang Kristen pitados bilih Gusti Allah dados manungsa ing Pribadinipun Yesus Kristus. Tiyang Muslim pitados pangertosan punika dados pokoking panyawiyah. Tiyang Muslim boten nate saged nampi gagasan bilih Allah badhe dados manungsa supados seda tumrap dosaning jagad. Kapitadosan ing panjilmaning Gusti Allah wonten ing Pribadinipun Yesus Kristus punika saestu perlu tumrap tiyang Kristen mangertos bab Gusti Allah. Gusti Allah dados manungsa satemah Panjenenganipun saged sesrawungan kaliyan kita, sarta langkung witagos malih, satemah Panjenenganipun saged maringi karahayon, pangapuntening dosa.

Mila, punapa tiyang Kristen lan tiyang Muslim nyembah Gusti Allah ingkang sami? Inggih lan boten. Mbokmanawi pitaken ingkang langkung sae inggih punika, “Punapa tiyang Kristen lan tiyang Muslim kekalihipun gadhah pangertosan ingkang leres bab kados punapa ta Gusti Allah punika?” Kangge punika, wangsulanipun mesthi kemawon boten. Wonten sawetawis benten ingkang wigatos antawis pangertosaning tiyang Kristen lan tiyang Muslim bab Gusti Allah. Kapitadosan kekalihipun boten saged kaleresaken. Kita pitados bilih Kakristenan gadhah panyawang ingkang leres bab Gusti Allah awit boten badhe wonten kawilujengan tanpa pangluwaring dosa. Namung Gusti Allah ingkang saged ngluwari. Namung sarana dados manungsa Gusti Allah saged seda tumrap kita, ngrembat paukumaning dosa kita (Rum 5:8; 2 Korinta 5:21).

---

### **[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Punapa tiyang Kristen lan tiyang Muslim nyembah Gusti Allah ingkang sami?

## Punapa Kakristenan punika lan punapa kapitadosan Kristen punika?

---

### Pitaken: Punapa Kakristenan punika lan punapa kapitadosan Kristen punika?

**Wangsulan:** 1 Korinta 15:1-4 nyariosaken, “Para sedulur, ing saikine aku arep ngelingake bab Injil kang wus dak wartakake marang kowe, kang iya wus padha kok tampani, lan uga kok antepi. Iya Injil iku kang dadi margane kowe padha kapitulungan rahayu, anggere kowe padha mantep anggonmu ngugemi, kaya kang wus dakwartakake marang kowe: kajaba ta yen anggonmu padha manjing pracaya iku mung nglaha bae. Sabab kang wigati dhewe wus dak luntakake marang kowe, iya kaya kang wus daktampani dhewe, yaiku yen Sang Kristus wus nglampahi seda marga saka dosa-dosa kita, nyondhongi surasane Kitab Suci manawa Panjenengane wus kasarekake, sarta ing telung dinane wus kawungokake, cundhuk karo surasaning Kitab Suci”.

Cekakipun, punika kapitadosan ing Kakristenan. Kakristenan punika gadhah ciri piyambak ing antawisipun sadaya kapitadosan sanes, awit Kakristenan punika langkung saking sesambetan, langkung (sae) katimbang kasunyataning agama. Minangka gantosing kasetyan tumrap daftaring “tumindaka lan sampun katindakaken,” tujuaning tiyang Kristen inggih punika ngupados mlampah celak kaliyan Gusti Allah Sang Rama. Sesambetan punika kadamel saged awit pakaryaning Yesus Kristus, sarta paladosan ing salebeting gesanging tiyang Kristen saking Roh Suci.

Tiyang Kristen pitados bilih manungsa katitahaken sacara khusus nggadhahi sesambetan kaliyan Gusti Allah, nanging dosa punika misahaken sadaya tiyang saking Gusti Allah (Rum 5:12, Rum 3:23). Kakristenan mucalaken bilih Yesus Kristus sampun rawuh ing jagad punika, Gusti Allah ingkang sajatos, lan ugi manungsa sajatos (Filipi 2:6-11), sarta seda wonten ing kajeng salib. Tiyang Kristen pitados bilih sasampunipun Pajenenganipun seda ing kajeng salib, Kristus kasarekaken, Panjenenganipun wungu malih, lan sapunika pinarak ing satengenipun Sang Rama, dados lantaran tumrap tiyang pitados ing salaminipun (Ibrani 7:25). Kakristenan mratelakaken bilih sedanipun Gusti Yesus wonten ing kajeng salib sampun cekap kangge ngluwari utanging sadaya manungsa sarta punika kangge mbangun malih sesambetan antawisipun Gusti Allah lan manungsa ingkang sampun risak (Ibrani 9:11-14, Ibrani 10:10, Rum 6:23, Rum 5:8).

Supados wilujeng, sok sintena kedah masrahaken sadaya kapitadosanipun wonten ing pakaryanipun Sang Kristus ing kajeng salib. Manawi satunggaling tiyang pitados bilih Kristus seda karana kawontenanipun lan kangge ngluwari dosanipun tiyang kalawau, sarta wungu malih, mila tiyang kalawau kawilujengaken. Boten wonten samukawis ingkang saged nggayuh kawilujengan. Boten wonten tiyang ingkang “cekap sae” kangge ngremenaken Gusti Allah, awit sadaya saking kita punika dosa (Yesaya 64:6-7, Yesaya 53:6). Inggih kaping kalih, boten wonten samukawis ingkang saged katindakaken malih, awil Kristus sampun ngrampungaken sadaya pakaryan! Nalika Panjenenganipun wonten ing salib, Gusti Yesus ngandika, “Wus rampung” (Yokhanan 19:30).

Awit boten wonten satunggala samukawis ingkang saged katindakaken kangge nggayuh kawilujengan, sepisan malih tiyang kedah masrahaken kapitadosanipun ing pakaryanipun Sang Kristus ing kajeng salib, ugi boten wonten samukawis ingkang saged katindakaken kangge ngicalaken kawilujenganipun. Enget, pakaryan sampun katindakaken lan kalunasi dening Sang Kristus! Boten wonten samukawis bab kawilujengan ingkang katanggela ing atasipun tiyang ingkang nampeni! Yokhanan 10:27-29 nyuraosaken “Wedhus-wedhusku padha nilingake swaraKu, sarta Aku wanuh marang wedhus-wedhusKu, lan wedhus-wedhusKu padha ngetutburi Aku, apadene padha Dakwenahi uriplanggeng, lan dheweke mesthi ora bakal padha nemu karusakan salawas-lawase lan ora bakal ana wong kang ngrebut wedhus-wedhus iku saka ing tanganKu. RamaKu kang maringake wedhus-wedhus iki marang tanganKu, iku kaluhurane ngungkuli samubarang kabeh, lan ora ana kang bisa ngrebut wedhus-wedhus mau saka ing astane RamaKu.

Sawetawis tiyang mboknamawi gadhah pamanggih, “Iki becik—yèn aku wis dislametake, aku bisa tumindak apa sing dak senengi, lan ora kelangan kaslametanku!” Nanging kawilujengan punika sanes bab kamardikan kangge tumindak ing sasengingipun. Kawilujengan ndadosaken kamardikan saking ngladosaken dosa ingkang rumiyin, sarta ndadosaken kamardikan kangge nggayuh sesambetan ingkang sae kaliyan Gusti Allah. Salaminipun tiyang pitados gesang wonten jagad punika ing salebeting badanipun ingkang kebak dosa, badhe wonten perjuangan ingkang terus-menerus kangge dosa. Gesang ing salebeting dosa punika ngalang-alangi sesambetan ingkang Gusti Allah padosi kaliyan

manungsa, sarta salaminipun tiyang gesang ing salebeting dosa minangka tiyang pitados, piyambakipun boten badhe ngraosaken sesambetan ingkang dipun kersakaken Gusti Allah kaliyan manungsa. Mila saking punika, tiyang Kristen saged nggadhahi kamenangan ing atasipun perjuangan lumawan dosa awit saking sinau lan migunakaken Pangandikaning Gusti Allah (Kitab Suci) ing salebeting gesangipun, sarta dipun tuntun dening Roh Suci—inggih punika manut ing pangrehing Roh Suci lan katuntun ing sadaya kawontenan saben dinten, lan lumantar Roh Suci manut miturut ing Pangandikanipun Gusti Allah.

Mila, sanadyan kathah cara agama sanes mbetahaken bab ingkang tiyang mesthi nindakaken utawi boten nindakaken samukawis, Kakristenan inggih punika bab nggadhahi sesambetan kaliyan Gusti Allah. Kakristenan punika bab kapitadosan bilih Sang Kristus sampun seda ing kajeng salib kangge ngluwari dosa panjenengan piyambak, lan wungu malih. Utang dosa panjenengan kabayar lan panjenengan saged nggadhahi sesambetan kaliyan Gusti Allah. Panjenengan saged gadhah kamenangan ing atasipun dosa katurunan lan lumampah ing salebeting sesambetan sarta manut miturut ing Gusti Allah. Punika Kakristenan ingkang leres miturut Kitab Suci.

---

### **Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Punapa Kakristenan punika lan punapa kapitadosan Kristen punika?

## **Punapa punika kawicaksananipun Gusti Allah? Punapa ingkang kakersakaken dening Gusti Allah?**

### **Pitaken: Punapa punika kawicaksananipun Gusti Allah? Punapa ingkang kakersakaken dening Gusti Allah?**

**Wangsulan:** Kabar kabingahan, ingkang kita cobai kangge mangsuli pitaken punika, inggih punika bilih woten kathah bab ingkang saged kita panggih bab Gusti Allah! Tiyang-tiyang ingkang nguji katerangan punika mbokmanawi manggih pitulungan ing waosan kapisan langkung sadayanipun; lajeng wangsul malih lan nitipriksa bagian ayat-ayat Kitab Suci ingkang kapilih tumrap katerangan ing salajengipun. Rujukan ayat-ayat Kitab Suci perlu sacara wetah, awit tanpa panguwaosing Kitab Suci, kempalan tembung-tembung punika boten badhe langkung sae katimbang pikiraning manungsa; ing pundi lantaran tembung-tembung punika piyambak awis-awis klintu ing pangertosan bab Gusti Allah (Ayub 42:7). Kangge mratelakaken bilih punika wau wigatos tumrap kita nyobi mangertos bab punapa ingkang dipun kersakaken Gusti Allah punika satunggaling katerangan ingkang nganggep alit samukawis ingkang ageng sanget.

Namung punapa ingkang sampun kapilih dening Gusti Allah saking Panjenenganipun piyambak supados kasumurupan saged dipun sumurupi. Satunggal ing antawisipun kawicak-sananipun Gusti Allah, utawi kaunggulanipun inggih punika “pepadhang”, ingkang tegesipun bilih Panjenenganipun ngatingalaken Sariranipun ingkang kacethakaken saking Pribadinipun piyambak (Yesaya 60:19, Yakobus 1:17). Kasunyatanipun bilih Gusti Allah ingkang sampun ngatingalaken seserepan bab Panjenenganipun boten badhe muspra, supados saking antawis kita sampun ngantos kantun angen kita lumebet ing paleremanipun Gusti Allah (Ibrani 4:1). Titah, Kitab Suci, lan Pangandika manjilma (Yesus Kristus) badhe mitulungi kita supados sumerep punapa ingkang dipun kersakaken Gusti Allah.

Sumangga kita miwiti sarana pangertosan bilih Gusti Allah punika ingkang nitahaken kita sarta bilih kita punika bagian saking titahipun (Purwaning Dumadi 1:1; Jabur 24:1). Gusti Allah ngandika bilih manungsa katitahaken miturut gegambaraning Panjenenganipun. Manungsa punika titah ingkang inggil saking sadaya titah sarta kaparingan panguwaos tumrap sadaya titah kalawau (Purwaning Dumadi 1:26-28). Sadaya ingkang tumitah risak karena manungsa dhumawah ing dosa nanging taksih ngatingalaken sesawangan sawetawis saking pakaryaning Gusti Allah (Purwaning Dumadi 3:17-18; Rum 1:19-20). Sarana ngengeti jembaring tumitah, karuwetan, kaendahan, sarta dhawuh kita saged gadhah raos kasengsem dhumateng Gusti Allah.

Maos sawetawis asmanipun Gusti saged mitulungi kita ngupados punapa ingkang dipun kersakaken Gusti Allah. Inggih punika kados ingkang kaserat ing ngandhap:

Elohim – Inkang kiyat, kaallahan (Purwaning Dumadi 1:1)  
Adonal – Gusti, ngatingalaken sesambetan antawisipun Tuan tumrap abdi (Pangentasan 4:10, 13)  
El Elyon – Inkang Paling Inggil, ingkang paling kiyat (Purwaning Dumadi 14:20)  
El Roi – Inkang paling kiyat ingkang mirsani (Purwaning Dumadi 16:13)  
El Shaddai – Allah ingkang Mahakuwaos (Purwaning Dumadi 17:1)  
El Olam - Allah kang langgeng (Yesaya 40:28)  
Yahweh – TUHAN “Aku”, tegesipun Allah ingkang wonten piyambak ingkang langgeng (Pangentasan 3:13, 14).

Samangke kita badhe nglajengaken kanthi nitipriksa kathah saking kawicaksananing Gusti Allah; Allah ingkang langgeng, tegesipun Panjenenganipun boten wonten wiwitanipun sarta bilih Panjenenganipun punika wonten ing salami-laminipun. Panjenenganipun punika langgeng, tanpa wates ( Pangandharing Toret 33:27; Jabur 90:2; 1 Timotius 1:17). Gusti Allah punika tetep, tegesipun Panjenenganipun boten ewah; punika tegesipun bilih Gusti Allah punika saestu saged dipun gondheli sarta dipun pitados (Maleachi 3:6; Wilangan 23:19; Jabur 102:26, 27). Gusti Allah punika boten wonten tandhinganipun, tegesipun boten wonten satunggala tiyang ingkang kados Panjenenganipun ing pakaryanipun punapa dene kawontenanipun; Panjenenganipun punika tanpa tandhing sarta sampurna (2 Samuel 7:22; Jabur 86:8; Yesaya 40:25; Matius 5:48). Gusti Allah punika boten saged kanyana, tegesipun Panjenenganipun punika boten saged dipun kinten-kinten, boten saged katlisik, pamahaman bab Panjenenganipun sadaya boten saged dipun silemi.

Gusti Allah punika adil, tegesipun Panjenenganipun sanes pribadi ingkang remen

ngatingalaken pilih kasih (Pangandharing Toret 32:4; Jabur 18:30). Gusti Allah punika Mahakuwaos, tegesipun Panjenenganipun nguwaosi sadaya; Panjenenganipun saged nindakaken punapa kemawon ingkang dipun kersakaken, nanging punapa ingkang dipun tindakaken Gusti Allah badhe tansah condhong kaliyan sifatipun (Wahyu 19:6; Yeremia 32:17, 27). Gusti Allah punika wonten ing pundi-pundi, tegesipun Panjenenganipun tansah wonten ing pundia panggenan; punika boten ateges bilih Gusti Allah punika sadaya ingkang pinanggih (Jabur 139:7-13; Yeremia 23:23). Gusti Allah punika maha mirsani, tegesipun Panjenenganipun pirsabab ingkang kapengker, sapunika, sarta wekdal ing ngajeng, malah punapa ingkang kita batos ing saben wekdal ingkang kaparingaken; awit Panjenenganipun pirsabab sadaya samukawis pangadilanipun badhe tansah katindakaken sacara adil (Jabur 139:1-5; Wulang Bebasan 5:21).

Gusti Allah punika satunggal, tegesipun boten namung bilih boten wonten sanesipun, nanging ugi bilih Panjenenganipun piyambak ingkang saged nyembadani pepenginan lan kabetahan ingkang paling lebet saking manah kita, sarta Panjenenganipun piyambak ingkang pantes nampi panyembah lan pangabekti kita (Pangandaring Toret 6:4). Gusti Allah punika mahaluhur, tegesipun bilih Gusti Allah boten saged lan boten badhe nindakaken bab ingkang lepat; punika awit kawicaksanan lan kaadilanipun satemah supados dosa-dosa kita kaapunte, Gusti Yesus kedah ngalami pangadilanipun Gusti Allah nalika dosa kita katanggalaken dhumateng Panjenenganipun (Pangentasan 9:27; Matius 27:45-46; Rum 3:21-26).

Gusti Allah mahakuwaos, tegesipun Panjenenganipun punika ingkang pinunjul; sadaya titahipun samya, sengaja punapa dene boten sengaja, boten saged ngalang-alangi kersanipun (Jabur 93:1; 95:3; Yeremia 23:20). Gusti Allah punika roh, tegesipun Panjenenganipun punika boten saged katingali dening mripat (Yokhanan 1:18; 4:24). Gusti Allah punika Tritunggal, tegesipun Panjenenganipun punika tiga ingkang nunggil dados satunggal, hakekatipun sami, sami ing kakiyatan lan kamulyanipun. Ngengetaken bilih ing ayat Kitab Suci ingkang kawitan kasebut bilih ‘asmanipun’ tunggal sanadyan punika ngengingi tiga Pribadi ingkang cetha- “Sang Rama, Sang Putra, Sang Roh Suci” (Matius 28:19; Markus 1:9-11). Gusti Allah punika kaleresan, tegesipun bilih Panjenenganipun nyocoki kaliyan sadaya Panjenenganipun kalawau, Panjenenganipun boten badhe saged kasogok lan boten saged goroh (Jabur 117:2; 1 Samuel 15:29).

Gusti Allah punika suci, tegesipun bilih Panjenenganipun kapisah saking sadaya kasusilan ingkang nistha sarta memengsahan tumrapping kanisthan. Gusti Allah mirsani sadaya kajahatan ingkang damel Panjenenganipun duka; latu biasanipun kasebut ing ayat Kitab Suci sami kaliyan kasucian. Gusti Allah dipun sumurupi kados dene latu. Gusti Allah punika welas asih – ingkang kalebet Kasaenanipun, kasaenaning penggalih, kamirahan, lan katresnan – ingkang arupi pangandika ingkang maringi gambaran saking tegesing Kasaenanipun. Manawi sanes karana sih rahmatipun Gusti Allah mila sifating Allah ingkang sanes punika badhe damel kita wonten ing sak jawinipun Panjenenganipun. Sukur dene karana boten kados makaten kawontenanipun, awit Panjenenganipun ngersakaken mangertosi kita satunggal lan satunggalipun sacara pribadi (Pangentasan 34:6; Jabur 31:19; 1 Petrus 1:3; Yokhanan 3:16; Yokhanan 17:3).

Punika namung awit gumolonging manah ingkang ngupados wangsulan saking pitaken ukuraning Gusti Allah. Mugi ndadosna panyurung ingkang ageng kangge nglajengaken pangupados bab Gusti Allah (Yeremia 29:13).

---

### **Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Punapa punika kawicaksananipun Gusti Allah? Punapa ingkang kakersakaken dening Gusti Allah?

## Punapa Kitab Suci punika saestu Pangandikanipun Gustu Allah?

---

### Pitaken: Punapa Kitab Suci punika saestu Pangandikanipun Gustu Allah?

**Wangsulan:** Wangsulan kita tumrap pitaken punika boten badhe namung kendel ing kadospundi kita ningali Kitab Suci lan punika wigatos tumrap gesang kita, nanging ugi pungkasanipun badhe dados pangaribawa ingkang langgeng tumrap kita. Manawi Kitab Suci punika saestu Pangandikanipun Gusti Allah, lajeng kita ngajeni, sinau, mituhu, sarta pungkasanipun mitadosi. Manawi Kitab Suci punika Pangandikanipun Gusti Allah mila migatosaken Kitab Suci punika sami kaliyan migatosaken Gusti Allah piyambak.

Kasunyatanipun bilih Gusti Allah maringi kita Kitab Suci punika satunggaling pitedah lan gambaraning katresnanipun Gusti Allah dhumateng kita. Sesambetan “wahyu” sacara prasaja tegesipun bilih Gusti Allah ngandika dhumateng manungsa punapa ingkang dipun kersakaken sarta kadospundi kita saged gadhah sesambetan ingkang sae kaliyan Gusti Allah. Punika bab-bab ingkang boten saged kita sumurupi manawi Gusti Allah boten medharaken sacara kaallahan dhumateng kita ing salebeting Kitab Suci. Sanadyan wahyu bab Gusti Allah piyambak ing Kitab Suci kaparingaken sacara terus menerus kinten-kinten langkung saking 1500 tahun, punika tansah kaisi sadaya samukawis ingkang kabetahaken dening manungsa supados nyumurupi bab Gusti Allah satemah saged gadhah sesambetan ingkang sae kaliyan Panjenenganipun. Manawi Kitab Suci punika saestu Pangandikanipun Gusti Allah, mila punika kakuwaosan pungkasan tumrap sadaya prakawising kapitadosan, praktik agama, lan kasusilan.

Pitaken ingkang kedah kita takekaken tumrap diri kita piyambak inggih punika kadospundi kita saged mangertos bilih Kitab Suci punika Pangandikanipun Gusti Allah sarta boten namung buku ingkang sae? Punapa ingkang renik bab Kitab Suci ingkang ndadosaken benten saking buku-buku agama sanes ingkang nate kaserat? Punapa wonten bukti bilih Kitab Suci punika saestu Sabdanipun Gusti Allah? Sadaya punika wau warni-warni pitaken ingkang kedah dipun tingali manawi kita leres-leres nguji pratelaning Kitab Suci bilih Kitab Suci punika pancen leres Sabdanipun Gusti Allah, kawangsitaken sacara ilahi lan cekap sampurna tumrap sadaya bab ingkang sesambetan kaliyan kapitadosan lan kanyataning gesang.

Boten wonten raos mangu-mangu bab kanyatan bilih Kitab Suci nerangaken saestu Pangandikanipun Gusti Allah. Punika cetha katingalan ing ayat-ayat kados dene 2 Timotius 3:15-17, ingkang suraosipun, “Elinga uga, yen wiwit cilik kowe wus wanuh karo Kitab Suci, kang bisa ngolehake kawicaksanan marang kowe lan nuntun kowe marang karahayon marga saka pracaya marang Gusti Kristus. Sakehing tulisan kang diwangsitake dening Gusti Allah iku pancen migunani kanggo memulang, kanggo melehake, kanggo mbangun wewatekan tuwin kanggo nggulawenthah ing sajroning kayekten. Marga saka mangkono saben wong kagugane Gusti Allah iku disamektani kanggo nindakake samubarang kang becik.”

Kangge mangsuli pitaken-pitaken punika kita kedah ningali kekalihipun bukti-bukti saking lebet lan saking jawi bilih Kitab Suci punika saestu Pangandikanipun Gusti Allah. Bukti saking lebet inggih punika bab-bab saking lebeting Kitab Suci piyambak ingkang nyeksekaken kamurnianing kaallahanipun. Satunggal saking bukti saking lebet ingkang kapisan bilih Kitab Suci saestu Sabdanipun Gusti Allah katingal ing patunggilanipun. Sanadyan punika saleresipun arupi sewidak enem buku piyambak-piyambak, kaserat ing tiga daratan, ing tiga basa ingkang benten, nglangkungi wekdal wetawis 1500 tahun, dening langkung saking 40 (sekawandasa) panyerat (ingkang dateng saking kathah lelampahaning gesang), Kitab Suci ngengetaken satunggal patunggilaning buku saking wiwitan dumugi pungkasan tanpa bebantahan. Patunggilan punika gadhah ciri kabandhing kaliyan sadaya buku-buku sanesipun lan dados bukti saking mula bukannya ingkang ilahi saking tembung-tembung punika awit Allah ingkang damel manungsa kados makaten satemah manungsa nyerat Sabdanipun Allah.

Bukti sanes saking nglebet ingkang mratelakaken Kitab Suci punika saestu Pangan-dikanipun Gusti Allah katingal ing pamedar wangsit ingkang rinci ingkang kamomot ing lembaran-lembaranipun. Kitab Suci isinipun atusan pamedar wangsit sacara rinci ingkang sesambetan kaliyan wekdal ing ngajeng saking saben bangsa kalebet Israel, kaliyan wekdal ing ngajeng bab kitha-kitha ingkang katemtokaken, kaliyang wekdal ing ngajenging manungsa, sarta kaliyan rawuhipun satunggaling tiyang ingkang badhe dados Mesias, Juru wilujeng ingkang boten namung tumrap Israel, nanging sadaya ingkang

badhe pitados dhateng Panjenenganipun. Pamedaring wangsit ingkang boten sami kaliyan ingkang dipun panggih ing kitab-kitab agama sanes utawi punika dipun tindakaken dening Ntradamus, pamedaring wangsit saking kitab suci karinci sacara nyolok lan boten nate lepat dados kanyatan. Wonten langkung saking 300 pamedaring wangsit ngengingi Yesus Kristus ing Prajanjian Lawas piyambak. Boten namung dipun cariyosaken saderengipun Panjenenganipun badhe miyos sarta Panjenenganipun badhe rawuh saking kulawarga ingkang kados punapa, nanging ugi kadospundi Panjenenganipun badhe seda lan bilih Panjenenganipun badhe wungu malih ing tigang dintenipun. Boten wonten cara ingkang mokal kangge nerangaken pamedharing wangsit ingkang kadadosan ing Kitab Suci kajawi saking asal-usulipun ingkang ilahi.

Bukti saking nglebet ingkang kaping tiga saking kailahianing Kitab Suci katingal ing pangaribowo lan kakiyatanipun ingkang unik. Sanadyan bukti-bukti punika langkung adhedhasar ing bukti saking lebet nomer kalih ingkang langkung rumiyin, boten ngirangi kakiyatan paseksi kailahianipun Kitab Suci. Kitab Suci kagungan pangaribowo ingkang unik ingkang boten sami kaliyan buku-buku sanes ingkang nate kaserat. Pangaribowo lan kuwaos punika katingal cetha sanget ing salebeting tiyang-tiyang ingkang kaewahi ingkang boten saged kaetang kathahipun lumantar pamaosing Kitab Suci. Panyandu obat bius kawaluyak-aken, homoseksual kamardikakaken, gelandangan lan tiyang kesed kaewahi, tiyang jahat sami kaenggalaken, tiyang dosa kaengetaken, sarta sengit kadadosaken tresna karena maos Kitab Suci. Kitab Suci gadhah semangat lan ngewahi kakiyatan ingkang namung saged kadadosan karena saestu Sabdanipun Gusti Allah.

Kajawi saking punika bukti saking nglebet bilih Kitab Suci punika saestu Pangandikanipun Gusti Allah wonten ugi bukti-bukti saking jawi ingkang mratelakaken Kitab Suci saestu Pangandikanipun Gusti Allah. Satunggal saking bukti-bukti kalawau inggih punika sejarahing Kitab Suci. Awit prastawa sejarah ingkang rinci ing Kitab Suci, kaleresan lan ketelitianipun punika manut kaliyan pambukten kados dene cathetan sejarah sanesipun. Langkung kekalihipun bukti-bukti kapurbakalan lan dokumen seratan sanes, cacahing seratan sejarah Kitab Suci sampun kabuktekaken makaping-kaping malih bilih rinci lan kaleresanipun. Kasunyatanipun sadaya kapurbakalan lan ayat-ayat Kitab Suci mbuktekaken panyengkuyunging Kitab Suci ndadosaken punika buku ingkang kacathet kanthi sampurna saking jaman kino. Kasunyatanipun bilih cathetah kasampurnan lan kaleresanipun Kitab Suci ingkang saged mbuktekaken kadadosan-kadadosan punika dados satunggaling pratelan ingkang ageng tumrap kaleresanipun rikala sesambetan kaliyan bab ingkang pokok lan wewucalan agama sarta mbiyantu ngiyataken pratelanipun bilih punika saestu Sabdaning Gusti Allah.

Bukti sanes saking njawi bilih Kitab Suci leres Sabdanipun Gusti Allah inggih punika kajujuraning panyeratipun. Kados ingkang kasebat ing ngajeng, Gusti Allah migunakaken manungsa saking kathah lelampahan gesang kangge nyathet Pangandikanipun tumrap kita. Ing salebeting nyinaoni bab gesang saking tiyang-tiyang kalawau, boten wonten dhasar ingkang mesthi kangge pitados bilih tiyang-tiyang kalawau boten jujur sarta tulus ing manah. Niti priksa gesangipun tiyang-tiyang kalawau lan kasunyatan bilih tiyang-tiyang kalawau bakalipun badhe pejah (asring pejahipun karena panyiksa) tumrap punapa ingkang dipun pitadosi, punika sacara cepet dados cetha bilih kalumrahanipun tiyang-tiyang jujur ingkang saestu pitados bilih Allah sampun ngandika dhumateng tiyang-tiyang kalawau. Tiyang ingkang nyerat Prajanjian Enggal lan atusan tiyang pitados sanesipun (1 Korinta 15:6) sumerep kaleresaning wartanipun awit tiyang-tiyang kalawau sampun ningali lan nelasaken wekdal kaliyan Gusti Yesus Kristus sasampunipun Panjenenganipun wungu saking seda. Ewah-ewahaning tetinggalan bab Wungunipun Kristus gadhah pangaribawa ingkang ageng sanget tumrap tiyang-tiyang punika. Tiyang-tiyang wau sami medal saking angenipun umpetan karena ajrih, lajeng dados sumadya pejah karena wangsiting Allah ingkang sampun kapratelakaken. Gesang lan pejahipun kangge nyeksekaken kanyatan bilih Kitab Suci punika saestu Sabdanipun Allah.

Bukti saking njawi ingkang pungkasan bilih Kitab Suci punika saestu Sabdanipun Allah inggih punika kawontenaning Kitab Suci ingkang boten saged karisak. Awit saking wigatosipun lan pratelanipun bab pangandikanipun Allah, Kitab Suci kasangsarakaken dening serangan ingkang sakalangkung jahat lan upados kangge ngrisak Kitab Suci katimbang buku-buku sejarah sanesipun. Saking Kaisar Rum kados dene Diocletian, lumantar panguwaos komunis sarta dumugi jaman ateis lan kasangsaran moderen, Kitab Suci tetep wonten lan gesang langkung dangu saking sadaya panyerangipun sarta tasih kasebaraken di donya ngantos dumugining dinten punika.

Salaminipun, tiyang ingkang mangu-mangu nganggep Kitab Suci kadosdene mitologi, nanging ilmu purbakala sampun netepaken minangka sejarah. Mengsah-mengsahipun sampun nyerang piwucalipun kadosdene samukawis ingkang prasaja sanget sarta katilaran jaman, nanging pangertosan kasusilan lan ukum sarta piwucalipun ngandhut pangaribawa

ingkang sae ing satengahing masyarakat lan kabudayan ing saindenging jagad. Kitab Suci badhe terus menerus kaserang dening ilmu kawruh, psikologi (ilmu jiwa), sarta gerakan politik, nanging badhe tetep leres lan sesambetan kaliyan jaman punika kadosdene saestu sesambetan nalika wiwitan kaserat. Punika satunggaling kitab ingkang sampun ngewahi gesang lan kabudayan ingkang boten saged kaetang sadangunipun 2000 tahun kapengker. Boten dados prakawis kadospundi mengsah-mengsahipun nyobi nyerang, ngrisak, utawi boten pitados, Kitab Suci tetap saestu kiyat lan sesambetan kadosdene saderengipun sasampunipun ngalami serangan-serangan punika. Katelitianipun ingkang tansah karimat sanadyan saben panyobi kangge ngrisak, nyerang, utawi nyirnakaken, cetha sanget nyeksekaken kasunyatan bilih Kitab Suci saestu Sabdaning Allah. Punika saleresipun boten ngagetaken kita bilih boten dados prakawis kadospundi Kitab Suci kaserang, punika tansah medal tanpa ewah lan tanpa tatu. Sasampunipun sadaya wau, Gusti Yesus ngandika, “Langit lan bumi bakal sirna, nanging tembungKu ora bakal sirna” (Markus 13:31). Sasampunipun nyumurupi bukti punika tiyang saged cariyos tanpa mangu-mangu bilih “Ya Kitab Suci iku bener Sabdaning Allah.”

---

### **Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Punapa Kitab Suci punika saestu Pangandikanipun Gustu Allah?



## Punapa kaallahanipun Kristus wonten sesambetanipun kaliyan Kitab Suci?

### Pitaken: Punapa kaallahanipun Kristus wonten sesambetanipun kaliyan Kitab Suci?

**Wangsulan:** Kajawi pangandikanipun Gusti Yesus ingkang teges bab Sariranipun, para sakabat ugi ngakeni kaallahanipun Kristus. Para sakabat mratelakaken bilih Yesus kagungan panguwaos kangge paring pangapunten tumrap dosa – satunggaling bab ingkang namung saged katindakaken dening Gusti Allah, minangka Allah ingkang dipun sakiti dening dosa (Lelakune Para Rasul 5:31; Kolose 3:13, bandingaken Jabur 130:4; Yeremia 31:34). Nutup sesambetan kaliyan pratelan ingkang pungkasan punika, Yesus ugi ngandika badhe “ngadili sadaya ingkang gesang miwah ingkang pejah” (2 Timotius 4:1). Tomas mangsuli unjoke: dhuh Gusti kawula, Allah kawula!” (Yokhanan 20:28). Paulus ngaturi Gusti Yesus “Allah kang Mahaagung sarta Pamarta” (Titus 2:13), sarta mratelakaken bilih saderengipun Gusti Yesus manjilma, Panjenenganipun gesang “ngagem sipating Allah” (Filipi 2:5-8). Panyerat Kitab Ibrani nyariosaken bab Gusti Yesus bilih “Dhuh, Allah, dhampar Paduka punika langgeng salaminipun” (Ibrani 1:8). Yokhanan nyariosaken bilih, “Ing kala purwa Sang Sabda iku ana, dene Sang Sabda iku nunggil karo Gusti Allah sarta Sang Sabda iku Gusti Allah” (Yokhanan 1:1). Conto-conto ayat Kitab Suci punika memucal bab kaallahanipun Kristus saged dados kathah (sumangga ningali Kitab Wahyu 1:17; 2:8; 22:13; 1 Korinta 10:4; 1 Petrus 2:6-8; bandhingaken Jabur 18:2; 95:1; 1 Petrus 5:4; Ibrani 13:20), nanging tetep satunggal saking antawisipun cekap kangge nedahaken bilih Kristus punika katingal kaallahanipun dening para pandherekipun.

Gusti Yesus inggih kaaturan gelar ingkang unik Yahweh (asma ingkang resmi saking Gusti Allah) ing Prajanjian Lawas. Gelar ing Prajanjian Lawas “Panebus” (Jabur 130:7; Hosea 13:14) kaagem dening Gusti Yesus wonten ing Prajanjian Anyar (Titus 2:13; Wahyu 5:9). Yesus kasebut Immanuel (“Gusti nunggil kaliyan kita” ing Matius 1). Ing Zakharia 12:10, Yahweh ingkang ngandika, “Satemah iku bakal padha mandeng marang kang was katuwek dhewe.” Nanging Prajanjian Anyar matrapaken punika tumrap pangurbananipun Gusti Yesus (Yokhanan 19:37; Wahyu 1:7). Manawi punika Yahweh ingkang kasuduk lan kapandeng, lan Yesus punika satunggal-satunggalipun ingkang kasuduk lan kapandeng, mila Yesus punika Yahweh. Paulus napsiraken Yesaya 45:22-23 kados dene migunakaken Yesus wonten ing Filipi 2:10-11. Langkung tebih, asmanipun Yesus kaginakaken kajawi Yahweh ing salebeting pandonga “Sih-rahmat anaa ing kowe lan tentrem rahayu saka Gusti Allah, Rama kita, lan saka Gusti Yesus Kristus” (Galatia 1:3; Efesus 1:2). Punika badhe dados pitenah bilih Kristus punika sanes Allah. Asma Yesus muncul sesarengan Yahweh nalika Yesus ngersakaken kabaptis “wonten ing asmanipun (tunggal)Sang Rama lan Sang Putra lan Sang Roh Suci” (Matius 28:19; pirsani ugi 2 Korinta 13:14. Ing kitab Wahyu Yokhanan ngandika sadaya tumitah memuji Sang Kristus (Sang Cempe) – mila Yesus boten kalebet ing antawisipun ingkang tumitah (5:13).

Pakaryan ingkang namung saged kasampurnakaken dening Gusti Allah dipun pitados-aken dhumateng Gusti Yesus. Gusti Yesus boten namung wungu saking seda (Yokhanan 5:21; 11:38-44), sarta paring pangapuntening dosa (Lelakune Para Rasul 5:31; 13:38), Panjenenganipun ingkang ngasta lan nyanggi jagad (Yokhanan 1:2; Kolose 1:16-17)! Bab punika malah damel langkung kiyat tumraping satunggal tetimbangan bilih Yahweh ngandika Panjenenganipun piyambakan sadangunipun nitahaken (Yesaya 44:24). Langkung malih, Kristus kagungan kawicaksanan ingkang namung saged dipun gadhahi dening sipating kaallahan: kalanggengan (Yokhanan 8:58), wonten ing pundia papan (Matius 18:20, 28:20), maha mirsani (Matius 16:21), maha kuwaos (Yokhanan 11:38-44).

Sapunika, wonten satunggal bab ingkang negesaken Gusti Allah utawi damel tiyang bodho manawi pitados dhateng bab ingkang leres, sarta sadaya bab sanesipun kangge mbuktekaken punika wau. Kristus naweni minangka bukti tumrap punapa ingkang katerangaken bab kaallahanipun kathah kaelokan lan malah wungu saking seda. Namung sawetawis kaelokan-kaelokaning Gusti Yesus kalebet ngewahi toya dados anggur (Yokhanan 2:7), tindak ing sanginggiling toya (Matius 14:25), nikelaken barang-barang (Yokhanan 6:11), maluyakaken tiyang wuta (Yokhanan 9:7), tiyang pincang (Markus 2:3), sarta tiyang sakit (Matius 9:35; Markus 1:40-42), malah ugi nggesangaken tiyang pejah (Yokhanan 11:43-44; Lukas 7:11-15; Markus 5:35). Kaliyan malih, Kristus piyambak inggih wungu saking seda. Tebih saking punapa ingkang dipun wastani sirmanipun lan munculipun mitologi saking panyembah brahala, boten kados patangen ingkang saestu dipun akeni dening agami sanes – sarta boten wonten pangaken sanes ingkang gadhah panegesan kathah kados dene ing Kitab Suci. Miturut Dr. Gary Habermas, sakirang-kirangipun wonten kalihwelas (12) bukti sejarah ingkang malah kritikan para sarjana

sanes-Kristen ingkang ngakeni:

1. Yesus seda karana panyaliban.
2. Panjenenganipun kakubur.
3. Sedanipun nyebabaken para sakabat nglokro sarta kecalan pangajeng-ajeng.
4. Pasareanipun Gusti Yesus ingkang katutup (utawi dipun cariosaken katutup) dados kosong ing sawetawit dinten sasampunipun.
5. Para sakabat pitados bilih sami ngalami nyumurupi wungunipun Yesus.
6. Sasampunipun punika para sakabat sami ewah saking anggenipun mangu-mangu dados sami pitados kanthi mantep.
7. Pawartos punika ingkang dados pusating piwucal ing wiwitaning Pasamuwan.
8. Pawartos punika kawucalaken ing Yerusalem.
9. Minangka asiling piwucal punika, Pasamuwan lair lan mindhak ageng.
10. Dinten wungunipun, Minggu, kagantos Sabat (Sabtu) dinten ingkang utami minangka pangabekti.
11. Yakobus, ingkang mangu-mangu, gantos agami nalika piyambakipun ugi pitados bilih piyambakipun nyumurupi wungunipun Yesus.
12. Paulus, mengsahipun tiyang Kristen, gantos agami lumantar anggenipun ngalami ingkang dipun pitadosi nyumurupi wungunipun Yesus.

Malah manawi sok sintena ingkang dados tokoh ing deretan ingkang mangu-mangu, namung sakedhik ingkang betah bukti bab pawungon sarta bukti bab piwucal: Sedanipun Yesus, kakubur, pawungon, sarta seserepan (1 Korinta 15:1-5). Sanadyan mbokmanawi wonten kathah teori ingkang nerangaken satunggal utawi kalih bukti ing nginggil, namung pawungon ingkang nerangaken sarta nyariosaken tumrap sadaya tiyang. Para pangritik ngakeni bilih para sakabat nyariosaken sami sumerep wungunipun Yesus. Boten wonten ingkang goroh punapa dene impen saged ngewahi tiyang nindakaken caraning patangen. Inggih ingkang wiwitan, kauntungan punapa ingkang badhe sami dipun gayuh? Kakristenan punika boten kondang sarta mesthi boten ndhatengaken bandha tumrap tiyang. Inggih ingkang kaping kalih, tiyang ingkang goroh boten badhe dados martir ingkang sae. Boten wonten katerangan ingkang langkung sae katimbang patangen tumrap pepenginanipun para sakabat pejah inggih pejah ingkang nggegirisi awit kapitadosanipun. Mila, kathah tiyang pejah awit saking goroh bilih ingkang kapikiraken punika leres, nanging boten wonten tiyang ingkang pejah awit punapa ingkang dipun sumurupi punika boten leres.

Wusananipun: Kristus ngandika Panjenenganipun punika Yahweh, Panjenenganipun asipat Allah (boten namung "satunggaling allah" – nanging Allah ingkang Leres), para pandherekipun (tiyang Yahudi ingkang sampun nyembah brahala ingkang nggegirisi) pitados dhumateng Panjenenganipun sarta pasrah ngaten kemawon dhumateng Panjenenganipun. Sang Kristus mbuktekaken pangandikanipun bab sipating kaallahanipun langkung kaelokan-kaelokan kalebet ewah-ewahan jagading patangen. Boten wonten hipotesa ingkang saged nerangaken kanyatan punika.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa kaallahanipun Kristus wonten sesambetanipun kaliyan Kitab Suci?

## **Punapa kawilujengan punika namung karana kapitadosan, utawi karana kapitadosan lan pandamel?**

---

### **Pitaken: Punapa kawilujengan punika namung karana kapitadosan, utawi karana kapitadosan lan pandamel?**

**Wangsulan:** Mbokmanawi punika pitaken ingkang paling wigatos ing sadaya teologi Kristen. Pitaken punika ingkang nyababaken Reformasi (nata malih) – karetakan ing antawisipun gereja Protestan lan gereja Katolik. Pitaken punika kunci ingkang mbentenaken antawisi-pun Kakristenan sacara Kitab Suci lan sabagian ageng cara pamujan “Kristen”. Punapa kawilujengan punika namung karana kapitadosan, utawi karana kapitadosan lan pandamel? Punapa kula kawilujengaken namung awit pitados ing Gusti Yesus, utawi punapa kula kedah pitados ing Gusti Yesus lan nindakaken bab-bab ingkang katemtokaken?

Pitaken bab namung kapitadosan utawi kapitadosan lan pandamel punika tumrap sawetawis tiyang kraos awrat kangge damel karahayon nampeni Kitab Suci. Bandingaken Rum 3:28, 5:1 lan Galati 3:24 kaliyan Yakobus 2:24. Sawetawis tiyang ningali benenipun antawisipun Paulus (karahayon punika namung awit saking kapitadosan) lan Yakobus (karahayon punika awit saking kapitadosan lan pandamel). Kasunyatanipun, Paulus lan Yakobus boten nyelaki sadayanipun. Tujuan utami saking panyelakaning sawetawis tiyang pratelan punika nglangkungi sesambetan antawisipun kapitadosan lan pandamel. Sacara wewucalan agami Paulus mratelakaken bilih dasaring kaleresan punika namung saking kapitadosan (Efesus 2:8-9) dene Yakobus kasumurupan mratelakaken bilih dasaring kaleresan punika saking kapitadosan lan pakaryan. Bab ingkang cetha katingal punika kawangsulan kanthi nitipriksa bab punapa sajatosipun ingkang dipun cariosaken dening Yakobus. Yakobus mbuktekaken bilih punika lepat dhumateng para tiyang pitados bilih sinten kemawon saged gadhah kapitadosan tanpa ngasilaken pakaryan ingkang sae (Yakobus 2:17-18). Yakobus negesaken bab punika bilih kapitadosan dhumateng Kristus ingkang sayektos badhe ngangsalaken ewah-ewahaning gesang lan pakaryan ingkang sae (Yakobus 2:20-26). Yakobus boten carios bilih kaleresan punika saking kapitadosan sarta pakaryan, nanging cekap bilih tiyang ingkang saestu leres awit saking kapitadosan badhe nggadhahi pakaryan ingkang sae ing gesangipun. Manawi tiyang mratelakaken dados pitados, nanging boten nindakaken pakaryan ingkang sae ing gesangipun – lajeng sami kemawon kaliyan boten gadhah kapitadosan ingkang sayektos wonten ing Sang Kristus (Yakobus 2:14, 17, 20, 26).

Paulus nyariosaken bab ingkang sami wonten ing seratanipun. Woh ingkang sae saking tiyang pitados ingkang badhe kapanggih ing gesangipun inggih punika kaserat ing Galatia 5:22-23. Mila sasampunipun paring dhawuh dhateng kita bilih kita sampun kawilujengaken awit saking kapitadosan, sanes karana pakaryan (Efesus 2:8-9), Paulus paring dhawuh dhateng kita bilih kita katitahaken supados nindakaken pakaryan ingkang sae (Efesus 2:10). Paulus gadhah pangajeng-ajeng ngewahi gesang sami kaliyan ingkang katindakaken dening Yakobus, “Dadi, sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar; kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka (2 Korinta 5:17)! Yakobus lan Paulus boten nyelaki bab piwucalipun tumrap kawilujengan. Piyambakipun nyaketi pokok ingkang sami saking panyawang ingkang benten. Paulus negesaken sacara prasaja bilih kaleresan punika awit saking kapitadosan kemawon dene Yakobus negesaken kasunyatan bilih kapitadosan wonten ing Sang Kristus punika badhe ngangsalaken pakaryan ingkang sae.

---

### **Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Punapa kawilujengan punika namung karana kapitadosan, utawi karana kapitadosan lan pandamel?

## Punapa tiyang Kristen kedah nuhoni toret ing Prajanjian Lawas?

---

### Pitaken: Punapa tiyang Kristen kedah nuhoni toret ing Prajanjian Lawas?

**Wangsulan:** Kunci kangge mangertosi bab punika inggih punika nyumurupi bilih angger-angger ing Prajanjian Lawas kaparingaken dhateng bangsa Israel, sanes kangge tiyang Kristen. Sawetas saking angger-angger kalawau kangge damel tiyang Israel sumerep kadospundi nuhoni sarta manawi Gusti Allah marengaken (Pepaken sadasa contonipun), sawetawisipun kangge nedahaken kadospundi ngabekti/nyembah Gusti Allah (cara ngaturi kurban), sawetawisipun saestu kangge ndadosaken bangsa Israel benten saking bangsa sanes (tatanan bab tetedhan lan pangangge). Boten wonten toret Prajanjian Lawas ingkang kapatrapaken dhateng kita ing wekdal samangke. Nalika Gusti Yesus seda wonten ing kajeng salib, Panjenenganipun mungkasi toret saking Prajanjian Lawas (Rum 10:4; Galatia 3:23-25; Efesus 2:15).

Minangka gantosing angger-angger Prajanjian Lawas, kita wonten ing wewengkoning pepakenipun Sang Kristus (Galatia 6:2) ingkang surasoipun : “Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau” (Matius 22:37-40). Manawi kita nglampahi kalih bab punika, kita sami nindakaken punapa ingkang Sang Kristus kersakaken, “Amarga katresnan marang Gusti Alah iku wujud yaiku, yen kita padha netepi ing pepakone. Pepakon-pepakone iku ora abot” (1 Yokhanan 5:3). Sacara teknis, pepaken sadasa punika boten namung kaangge tumrap tiyang Kristen kemawon. Kadospundia, sanga (9) saking sadasa (10) pepaken punika kawangsuli malih wonten ing Prajanjian Anyar (sadaya kajawi pepaken bab nglampahi dinten Sabat). Cethanipun, manawi kita ngasihi Gusti Allah kita temtu boten badhe nyembah allah-allah sanes utawi nyembah brahala. Manawi kita ngasihi sesami kita, kita temtu boten badhe mejahi, nyidrani, tumindak sedheng dhateng sesami kita, utawi meri kaliyang punapa ingkang dipun darbeni sesami kita. Dados, kita boten wonten ing sangandhaping sarat-sarat, angger-angger ing Prajanjian Lawas. Kita ngasihi Allah sarta ngasihi sesami kita. Manawi kita nindakaken kalih bab kalawau kanthi kebak ing kapitadosan, sadaya bab sanesipun badhe kawuwuhaken.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa tiyang Kristen kedah nuhoni toret ing Prajanjian Lawas?

## Sinten to Roh Suci punika?

---

### **Pitaken: Sinten to Roh Suci punika?**

**Wangsulan:** Wonten kathah salah paham bab nyumurupi Roh Suci. Sawetawis seserepan Roh Suci punika kakiyatan gaib. Pangertosan sanesipun Roh Suci kados dene kuwaosipun pribadining Allah ingkang kasadiyakaken tumrap para pandherekipun Kristus. Punapa ingkang kasebut ing Kitab Suci bab jatidirinipun Roh Suci? Sacara gamblang – Kitab Suci nyariosaken bilih Roh Suci punika Gusti Allah. Kitab Suci ugi nyariosaken dhumateng kita bilih Roh Suci punika satunggaling Pribadi, satunggaling Badan kaliyan pikiran, pangraos, sarta karsa.

Kasunyatanipun bilih Roh Suci punika Gusti Allah punika cetha katingal ing kathah ayat Kitab Suci kalebet Lelakune Para Rasul 5:3-4. Ing ayat punika Petrus ngajengaken Ananias ingkang sampun goroh dhumateng Roh Suci sarta matur dhateng Petrus bilih piyambakipun “boten goroh dhateng tiyang nanging dhateng Gusti Allah.” Punika pratelan ingkang gamblang bilih goroh dhumateng Roh Suci punika goroh dhumateng Gusti Allah. Kita ugi saged sumerep bilih Roh Suci punika Gusti Allah awit Panjenenganipun kagungan kawicaksanan utawi sipating Allah. Contonipun kanyatan bilih Roh Suci punika wonten ing pundi kemawon saged kasumurupi ing Jabur 139:7-8 “Dhateng pundi anggen kula kesah nebihi roh Paduka, dhateng pundi anggen kula mlajeng nilar pangayunan Paduka? Manawi kula sumengka dhateng langit, Paduka wonten ing mrika, manawi kawula nggelar patileman kawula wonten ing jagadipun tiyang pejah, Paduka inggih wonten ing ngriku”. Lajeng ing 1 Korinta 2:10 kita ningali sipat ingkang wonten ing pundi kemawon saking Roh Suci. “Awit Gusti Allah wus nglairake bab iku marang kita sarana Sang Roh, sabab Sang Roh iku nitipriksa samubarang kabeh dalah bab wewadine Gusti Allah.”

Kita saged sumerep bilih Roh Suci punika saestu satunggaling Pribadi awit Panjenenganipun kagungan pikiran, pangraos, sarta karsa. Roh Suci mikir lan nyumurupi (1 Korinta 2:10). Roh Suci saged gerah ing penggalih (Efesus 4:30). Roh Suci paring pangapuntun tumrap kita (Rum 8:26-27). Roh Suci mendhet pancasan miturut ing karsanipun (1 Korinta 12:7-11). Roh Suci punika Gusti Allah, Pribadi ingkang kaping tiga saking Trinitas. Kados dene Gusti Allah, Roh Suci saestu saged tumindak minangka Panglipur sarta Panggulawenthah kados ingkang dipun prajanjekaken dening Gusti Yesus (Yokhanan 14:16,26; 15:26).

---

### **[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Sinten to Roh Suci punika?

## Kadospundi kula saged mangertos karsanipun Gusti Allah tumrap gesang kula?

---

### **Pitaken:** Kadospundi kula saged mangertos karsanipun Gusti Allah tumrap gesang kula?

**Wangsulan:** Wonten kalih kunci kangge nyumurupi karsanipun Gusti Allah tumrap kawontenan ingkang kaparingaken (1) Kedah yakin punapa ingkang panjenengan padosi utawi panjenengan nindakaken tetimbangan, sanes bab ingkang boten kaparengaken dening Kitab Suci. (2) Kedah yakin punapa ingkang panjenengan padosi utawi panjenengan nindakaken tetimbangan bab ingkang badhe ngluhuraken Gusti Allah sarta mitulungi panjenengan mindhak sae sacara batin. Manawi kalih bab punika leres sarta Gusti Allah taksih dereng maringi punapa ingkang panjenengan suwun – mbokmanawi sanes karsanipun Gusti Allah manawi panjenengan pikantuk punapa ingkang panjenengan suwun. Utawi, mbokmanawi panjenengan namung kedah nengga sawetawis dangu kangge punika. Mangertosi karsanipun Gusti punika kadang-kadang angel. Manungsa kepingin Gusti Allah sacara cetha dhawuh punapa ingkang kedah katindakaken – nyambutdamel ing pundi, gesang ing pundi, sinten jodonipun, lan sapanunggalanipun. Rum 12:2 nyariosaken dhateng kita, “Lan kowe aja madha rupa kaya jagad iki, nanging padha salina marga saka budimu kaanyarake, satemah kowe bisa niteni apa kang dadi karsane Gusti Allah,apa kang becik, kang ndadekake keparenge Gusti Allah lan kang sampurna.”

Gusti Allah awis-awis maringi dhawuh/pitedah sacara langsung lan teges dhumateng manungsa. Gusti Allah marengaken kita milih ngengingi bab-bab kalawau. Namung pancasanipun Gusti Allah ingkang boten kakarsakaken tumrap kita inggih punika pancasan tumrap dosa utawi lumawan ing karsanipun. Gusti Allah ngarsakaken kita damel pilihan ingkang nyondhongi ing karsanipun. Mila, kadospundi panjenengan mangertos punapa ingkang dipun karsakaken dening Gusti Allah tumrap panjenengan? Manawi panjenengan mlampah celak kaliyan Gusti lan saestu ngladosi karsanipun Gusti Allah ing gesang kita – Gusti Allah paring dhawuh punapa ingkang dados karsanipun wonten ing manah kita. Kuncinipun inggih punika ngupados karsanipun Gusti Allah, sanes pikajeng kita piyambak. “Lan bungaha marga saka Sang Yehuwah, dadi kowe mesthi diparingi pepenginaning atimu” (Jabur 37:4). Manawi Kitab Suci boten ngandika ingkang kosokwangsul kaliyan punika, sarta punika saestu saged migunani tumrap panjenengan sacara batin – lajeng Kitab Suci maringi “palilah ” panjenengan damel pancasan sarta nuruti manah panjenengan.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Kadospundi kula saged mangertos karsanipun Gusti Allah tumrap gesang kula?

**Manawi kula mlebet agama Kristen, kulawarga kula badhe boten ngakeni kula lan kula badhe kasiksa sanget ing kabudayan kula. Punapa ingkang kedah kula tindakaken?**

**Pitaken: Manawi kula mlebet agama Kristen, kulawarga kula badhe boten ngakeni kula lan kula badhe kasiksa sanget ing kabudayan kula. Punapa ingkang kedah kula tindakaken?**

**Wangsulan:** Angel tumrap tiyang pitados ingkang gesang ing satengahipun bangsa ing pundi kamardikaning agama dados satunggaling dasar kabudayan, kangge mangertos sacara cetha pangurbanan ingkang kedah kabayar awit ndherek Sang Kristus ing bagian sanes saking jagad punika. Kitab Suci, kadospundi kemawon, punika Sabdanipun Gusti Allah lan, makaten, kalebet ing mriku pangertosan tumrap sadaya pacobening gesang sarta panggodha, tanpa migatosaken wekdal lan papan. Yesus ndadosaken bab punika cetha bilih ingkang dherek Panjenenganipun punika mila awis sarta ngandhut resiko. Kanyatanipun, punika nggantos sadaya bab karugen kita. Inggang kapisan, punika nggantos diri kita piyambak. Gusti Yesus tumuli nimbali wong akeh karo para sakabate sarta padha dipangandikani mangkene: “Sabèn wong kang arep ngetut buri Aku, iku nyingkura marang awake dhewe, ngangkata salibe lan melua Aku” (Markus 8:34). Salib punika satunggaling pirantining pepejah lan Yesus sampun damel gamblang bilih sabèn tiyang ingkang ngetut wingking Panjenenganipun tegesipun mejahi piyambak. Sadaya pepenginaning kadonyan lan pangangen-angen kita kedah kasalibaken satemah kita saged nggayuh gesang enggal wonten ing Panjenenganipun, awit boten wonten tiyang ingkang saged ngabdhi dhateng kalih bendara (Lukas 16:13). Nanging gesang enggal punika langkung agung lan langkung aji katimbang sadaya samukawis ingkang saged kita gayuh ing jagad punika.

Kaping kalih, punika saged mundhati kulawarga lan mitra kita. Gusti Yesus nerang-aken wonten Matius 10:32-39 bilih Panjenenganipun badhe rawuh ngasta bagian antawis-ipun para pandherekipun lan kulawarganipun, awit wonten tiyang ingkang boten sengit, (tegesipun kirang nresnani) kulawarganipun punika boten pantes dados pandherekipun. Manawi kita nampik Sang Kristus kangge njagi katentreman ing satengahipun kulawarga sacara kadonyan, Panjenenganipun badi nampik kita ing swarga, sarta manawi Gusti Yesus nampik kita, kita badhe kawedalaken saking swarga. Nanging manawi kita ngakeni Panjenenganipun ing sangajenging tiyang kathah, tanpa ngajeng-ajeng ganjaran tumrap diri pribadi kita mesthi kasaur, Panjenenganipun badhe ngandika dhumateng Sang Rama, “tiyang punika pandherek kula – keparenga piyambakipun lumebet ing kraton Paduka.” Gesang langgeng punika “mutiara ingkang adi sanget” wonten ing Matius 13:44-45 ingkang aosipun damel ndarbeni sadaya samukawis. Boten sae nggegem prakawis ing salebeting gesang ingkang cekak lan enggal kapengkeraken sarta kecalan kalanggengan. “Apa gunane wong oleh jagad iki kabeh, nanging kelangan nyawane?” (Markus 8:36). Kadosdene Jim Elliot, satunggaling pakabar injil ingkang kapejahi awit martosaken Sang Kristus dhateng suku Indian Huaorani ing Ecuador, nyariosaken, “Piyambakipun sanes tiyang bodho ingkang nyukani punapa ingkang boten saged terus-menerus dipun gayuh ingkang boten saged dipun culaken.”

Gusti Yesus ugi njlentrehaken bilih panyiksan karena Sariranipun boten saged kaselaki. Panjenenganipun ngagengaken manah kita supados nganggep sadaya punika minangka bagian ingkang lumrah tumrap para muridipun, sarta nyawisaken manah tumrap panyiksan punika. Panjenenganipun malah nyebat panyiksan “kaberikahan” lan ngandika dhumateng kita supados “bebingah lan asukarena awit ganjaran ing swarga ingkang ageng” (Matius 5:10-12). Panjenenganipun ngengetaken kita bilih para pandherekipun mesthi kasiksa. Para nabi ing Prajanjian Lawas sampun kasiksa, kacamah, kasiksa, kapejahi lan ing satunggaling prastawa kageraji dados kalih! (Ibrani 11:37) Sadaya Rasul (kajawi Yokhanan ingkang kabucal ing Pulau Patmos) kaukum pejah awit martosaken Sang Kristus. Tradisi nyebataken bilih Petrus nuntut supados kasalib kaliyan sirah ing ngandap awit piyambak-ipun rumaos boten pantes manawi pejah mawi cara ingkang sami kaliyan Gustinipun. Nanging Petrus nyerat ing seratipun ingkang kapisan “Rahayu kowe, manawa kowe padha diwewada marga saka asmane Gusti Kristus, amarga Rohing kamulyan yaiku Rohing Allah dumunung ana ing kowe” (1 Petrus 4:14). Rasul Paulus dipun kunjara, kagebagi lan kabenturi sela makaping-kaping awit martosaken Sang Kristus, nanging piyambakipun nenimbang kasangsanipun malah boten wonten ajinipun manawi kabandhingaken kaliyan kabingahan ingkang sampun kasumurupi badhe nengga piyambakipun (Rum 8:18).

Sauntawis panyaur minangka murid katingalipun mbokmanawi awis, wonten ganjaran kadonyan kadosdene ganjaran kaswargan, Yesus sampun prasetya badhe tansah nganthi kita, malah ngantos pungkasaning gesang kita (Matius 28:20); Panjenenganipun badhe boten nate nilar kita utawi nyupekaken kita (Ibrani 13:5); Panjenenganipun pirsakasedhihan lan kasangsaran kita, panandhang sangsaranipun Gusti Yesus karana kita (1Petrus 2:21); katresnanipun dhumateng kita boten badhe telas, sarta Panjenenganipun boten badhe maringi ujian tumrap kita ngungkuli kakiyatan kita sarta badhe tansah maringi margi supados kita saged medal saking karubedan (1 Korintus 10:13). Manawi kita ngajeng-aken pangrangkuling Kristus ing salebeting kulawarga utawi kabudayan kita, kita dados kulawarganipun Gusti Allah lan kita lajeng dados dutaning Gusti Allah tumrap tiyang-tiyang ingkang kita kasihi ing jagad. Makaten ugi, kita mugi dadosa sarananing Gusti Allah ingkang sae ingkang kaginakaken kangge narik tiyang sanes dhumateng Gusti Allah, maringi kita kabingahan nglangkungi sadaya prakawis ingkang saged kita gambaraken.

---

### **Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Manawi kula mlebet agama Kristen, kulawarga kula badhe boten ngakeni kula lan kula badhe kasiksa sanget ing kabudayan kula. Punapa ingkang kedah kula tindakaken?



## Kadospundi kula saged ngungguli dosa ing salebeting gesang Kakristenan kula?

---

### **Pitaken:** Kadospundi kula saged ngungguli dosa ing salebeting gesang Kakristenan kula?

**Wangsulan:** Kitab Suci ngandika bab manut miturut dhateng sumber-sumber ing pundi kita kedah unggul saking karisakan kita:

(1) Roh Suci – Satunggaling peparing ingkang sampun kaparingaken Gusti Allah dhateng kita (gerejanipun Gusti Allah) satemah saged nggayuh kaunggulan ing gesangipun tiyang Kristen inggih punika Roh Suci. Gusti Allah mbentenaken padamelaning kadagingan sarta wohing Roh wonten ing Galatia 5:16-25. Ing perangan punika kita katimbangan supados lumampah ing salebeting Roh. “Sadaya tiyang pitados punika sampun sami kadunungan Roh Suci, nanging perangan ayat punika mratelakaken dhateng kita bilih kita kedah lumampah salebeting Roh, pasrah dhateng panuntuning Roh. Punika tegesipun milih langkung pasrah dhateng panyurunging Roh Suci ingkang makarya ing salebeting gesang katimbang nuruti pepenginaning katagingan kita”.

Bentenipun bilih Roh Suci saged damel gesanging tiyang pitados kados dene ingkang kapratelakaken ing gesangipun Petrus, ingkang saderengipun kapenuhan Roh Suci nyelaki Gusti Yesus kaping tiga, sarta sasampunipun punika piyambakipun carios bilih badhe ndherek Sang Kristus ngantos dumugining pejah. Sasampunipun kapenuhan, piyambakipun wicanten sacara blak-blakan lan saestu leres dhumateng tiyang Yahudi nalika Pentakosta.

Tiyang ingkang lumampah ing salebeting Roh boten badhe pasrah dhateng bab ingkang ngalang-alangi panyurunging Roh (“nyirep Roh” kados ingkang kacariosaken ing 1 Tesalonika 5:19) nanging kosokwangsulipun piyambakipun badhe kapenuhan Roh Suci (Efesus 5:18-21). Kadospundi punika kapenuhan Roh Suci? Wiwitanipun, Gusti Allah ingkang milih prastawa kados dene ing Prajanjian Lawas. Panjenenganipun milih pribadi sarta kadadosan ingkang katemtokaken ing Prajanjian Lawas kangge maringi pribadi kalawau Panjenengan-ipun milih kangge nyampurnakaken pakaryan ingkang dipun kersakaken katindakaken (Purwaning Dumadi 41:38; Pangentasan 31:3; Wilangan 24:2; 1 Samuel 10:10; lsp.). Kula pitados bilih wonten katerangan ing Efesus 5:18-21 lan Kolose 3:16 bilih Gusti Allah milih menuhi tiyang ingkang ngraosaken piyambak Pangandikanipun Gusti Allah minangka bukti saking kanyatan bilih akibat saking saben pangraos ing ayat-ayat punika samikemawon. Lajeng, punika mbeta kita dhateng sumber ingkang salajengipun.

(2) Sabdanipun Gusti Allah, Kitab Suci – 2 Timotius 3:16-17 nyariosaken bilih Gusti Allah sampun maringi kita Sabdanipun supados ngjangkepi anggen kita mindakaken bab ingkang sae. Mucal kita kadospundi gesang lan pitados dhateng punapa, punika saestu nyata tumrap kita manawi kita sampun milih margi ingkang lepat, punika mitulungi kita wangsul dhateng margi ingkang leres, sarta mitulungi kita gesang wonten ing margi punika. Kados dene ingkang kapratelakaken ing Ibrani 4:12, gesang kanthi kakiyatan ingkang ageng sarta saged rumesep ing manah kita kangge mbasmi bab-bab ingkang paling lebet ingkang pawicantenan sacara manungsa boten saged nglangkungi. Panyerat kitab Jabur carios bab ewah-ewahan kakiyataning gesangipun wonten ing Jabur 119:9,11,105 sarta ayat-ayat sanesipun. Yosua inggih ngandika bilih kuncining kamenanganipun ngatasi mengsah-mengsahipun (satunggaling pasemon tumrap paperanganing karohanen kita) punika boten nyupekaken sumber punika nanging langkung dhateng semedi (meditasi) ing wanci siang lan dalu satemah piyambakipun saged nglampahi. Punika ingkang dipun tindakaken, malah ing wekdal punapa ingkang kaparintahaken dening Gusti Allah dhumateng piyambakipun boten damel raos kaprajuritan, sarta punika inggih kuncinipun kamenanganipun ing paperangan-ipun tumrap Tanah Prajanjian.

Sumber punika biasanipun kita sepelekaken. Kita ngatingalaken pakurmatan kita sarana mbeta Kitab Suci kita ing gereja utawi maos renungan padintenan utawi maos satunggal bab saben dinten, nanging kita gagal ngapalaken utawi nggegilut sarta matrapaken ing salebeting gesang kita, ngakeni dosa kita kados ingkang dipun cariosaken ing pamaos kita kalawau. Kita asring kados tiyang boten purun nedha utawi kemaruk nalika kita ngadhepi Kitab Suci. Kita namung nggegilut sauntawis cekap kangge gesang karohanen kita lumantar “nedha saking Sabdaning Gusti Allah” mawi cara kesah dhateng gereja (nanging boten nate nggegilut kanthi cekap supados karohanen kita kiyat/sehat, saya mindhak sae

minangka tiyang Kristen). Utawi kita asring “nedha” Sabdaning Gusti Allah punika nanging boten nate nggegilut kanthi dangu supados ngangsalaken gizi karohanen ingkang cekap saking anggen kita nggegilut Pangandikaning Gusti Allah punika.

Punika wigatos manawi panjenengan dereng nindakaken nyinaoni Pangandikanipun Gusti Allah kanthi saestu ing sadinten-dinten, sarta dereng ndadosaken ing padintenan panjenengan ngapalaken ayat-ayat ingkang gumathok ing manah ingkang katindakaken dening Roh Suci, mila panjenengan kedah miwiti ndadosaken bab punika minangka satunggaling bab ingkang kedah katindakaken ing padintenan panjenengan. Ugi kausulaken supados miwiti damel cathetan (punapa ing komputer manawi panjenengan ngetik langkung cepet katimbang nyerat mawi tangan) utawi ing satunggaling buku cathetan, lan sapanunggalanipun. Punika dadosa satunggaling padamelan padintenan lan sampung nilaraken Pangandikanipun Gusti Allah ngantos panjenengan nyerat bab ingkang panjenengan pethik saking ayat-ayat punika. Kula asring nyathet pandonga pandonga dhumateng Gusti Allah supados Gusti Allah ngewahi kula ing bab-bab kados ingkang kapangandikakaken dhateng kula langkung Sabdanipun. Kitab Suci punika alat ingkang dipun agem dening Roh Suci ing salebeting gesang kita sarta gesanging tiyang sanes (Efesus 6:17), bab ingkang dasar lan wigatos sanget minangka tameng ingkang kaparingaken Gusti Allah dhumateng kita supados kita ginakaken ing paperangan rohani kita (Efesus 6:12-18).

(3) Pandonga – Punika bab sumber sanes ingkang perlu ingkang sampun kaparing-aken dening Gusti Allah. Kaliyan malih, punika sumber ingkang asring kaucapaken dening tiyang Kristen nanging awis-awis katindakaken. Kita gadhah kempalan pandonga, wekdal kangge ndedonga, lan sapanunggalanipun, nanging kita boten manggih punika kaginakaken kados dene ingkang katuladakaken dening gereja wiwitan (Lelakune Para Rasul 3:1; 4:31; 6:4; 13:1-3, lan sapanunggalanipun). Paulus makaping-kaping nyebut kadospundi piyambak-ipun ndedonga kangge paladosanipun. Makaten ugi ingkang kedah kita tindakaken, manawi kita piyambak, migunakaken sumber agung ingkang sumadiya tumrap kita. Awit Gusti Allah sampun maringi kita prajanja ingkang endah bab pandonga (Matius 7:7-11; Lukas 18:1-8; Yokhanan 6:23-27; 1 Yokhanan 5:14-15, lan sapanunggalanipun). Kaliyan malih, Paulus nglebetaken punika wonten ing bagianipun kangge nyiapaken paperangan karohanen (Efesus 6:18)!

Sapinten wigatosipun? Manawi panjenengan ningali malih dhateng Petrus, panjenengan enget pangandikanipun Kristus dhumateng piyambakipun wonten ing Taman Getsemane saderengipun panyelakipun Petrus. Ing mrika, nalika Gusti Yesus ndedonga, Petrus tilem. Gusti Yesus nggugah piyambakipun sarta ngandika, “Padha meleka lan ndedongaa, supaya kowe aja tumiba ing panggodha. Roh iku pancen cumadhang, nanging daging iku ringkih” (Matius 26:41). Panjenengan, kados dene Petrus, kepengin nindakaken punapa ingkang sae nanging boten gadhah kakiyatan. Kita perlu tetep ndherek lan ngupados pepengetipun Gusti Allah, tetep nothok kori, tetep nyenyuwun ... dene Panjenenganipun badhe maringi kita kakiyatan ingkang kita perlokaken (Matius 7:7f.). Nanging kita perlu ngaturi langkung saking pangucaping tutuk ingkang prasaja tumrap sumber punika.

Kula boten criyos bilih pandonga punika gaib. Boten. Gusti Allah punika ngeram-eramaken. Pandonga punika pangaken ingkang prasaja saking kawontenan kita ingkang pas-pasan dene panguwaosing Gusti Allah punika tanpa wates sarta ndherek Panjenenganipun punika kangge nampeni kakiyatan supados nindakaken punapa ingkang PANJENENGANIPUN kersakaken tumrap kita (sanes punapa ingkang KITA kepengini) (1 Yokhanan 5:14-15).

(4) Gereja – Sumber ingkang pungkasan punika satunggal malih ingkang kita upakara nanging lajeng kita supekaken. Nalika Yesus ngintun para sakabatipun, Panjenenganipun ngutus para sakabat kalih-kalih (Matius 10:1). Nalika kita maos bab lelampahan para rasul wonten Lelampahaning Para Rasul, para sakabat kalawau boten kesah piyambakan ing satunggal wekdal, nanging rombongan ingkang dumados saking kalih utawi langkung. Yesus ngandika bilih ing pundi kalih utawi tiga tiyang makempal wonten ing Asmanipun, Panjenenganipun inggih wonten ing satengahipun (Matius 18:20). Panjenenganipun ngutus kita supados boten mundur saking pasadherekan kados ingkang katindakaken dening sawetawis tiyang nanging migunakaken wekdal punika supados sami ngiyataken ing salebeting sih katresnan sarta pandamel ingkang sae (Ibrani 10:24-25). Panjenenganipun dhawuh supados kita ngakeni kalepatan kita dhateng sesami (Yakobus 5:16). Wonten ing waosan ingkang wicaksana ing Prajanjian Lawas, kita dipun pangandikani bilih tosan nglandepaken tosan, tiyang nglandepaken sesaminipun (Wulang Bebasan 27:17). “Tali telu ora gampang dipedhot.” Wonten kakiyatan ing cacah ingkang kathah ( Kohelet 4:11-12).

Sawetawis ingkang kula sumurupi sampun manggih sadherek jaler utawi sadherek estri wonten ing Sang Kristus (manawi panjenengan estri) ingkang sesambetan langkung

Kadospundi kula saged ngungguli dosa ing salebeting gesang Kakristenan kula?

telepon utawi pepanggihan lan rerembagan sesarengan kadospundi anggenipun sami tumindak ing salebeting lelampahaning kakristenanipun, kadospundi manawi sami gadhah sesanggen, lan sapanunggalanipun sarta sami ndongakaken satunggal lan satunggalipun lan tanggeljawab salebeting nindakaken Pangandikanipun Gusti Allah tumrap pasadherekan, lan sapanunggalanipun.

Kadang-kadang ewah-ewahan punika dhateng kanthi cepet. Kadang-kadang, wonten ing laladan sanes, dhateng langkung alon. Nanging Gusti Allah sampun prasetya dhateng kita bilih manawi kita migunakaken sumber saking Panjenenganipun, Panjenenganipun BADHE ngewahi gesang kita.

---

**[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Kadospundi kula saged ngungguli dosa ing salebeting gesang Kakristenan kula?

## Kenging punapa kula boten kaparengaken nglalu?

---

### Pitaken: Kenging punapa kula boten kaparengaken nglalu?

**Wangsulan:** Manah kula tumuju dhateng tiyang ingkang badhe mungkasi gesangipun piyambak sarana nglalu. Manawi panjenengan kalebet salah satunggal saking antawisipun, mila bab punika nglebetaken kathah pangraos ingkang boten gadhah pangajeng-ajeng lan rumaos boten migunani. Mbokmanawi panjenengan rumaos kadosdene panjenengan wonten ing luweng ingkang paling lebet, lan panjenengan mangu-mangu wonten satunggal sunaring pangajeng-ajeng ingkang saged mbekta bab ingkang langkung sae. Boten wonten sok sintena ingkang katingal migatosaken utawi mangertos saking pundi asal-usul panjenengan. Punapa gesang punika boten namung ingkang migunani kemawon .... utawi pancen makaten?

Ngirangi pangraosing batos (emosi) punika dipun raosaken dening tiyang kathah ing wekdal ingkang sami utawi sanesipun. Pitaken-pitaken ingkang kabekta ing batos kula nalika kula wonten ing luwenging batos (emosi) inggih punika, “Punapa punika saged dados karsanipun Gusti Allah, ingkang nitahaken kula?” “Punapa Gusti Allah punika sakalangkung alit kangge mitulungi kula?” “Punapa prakawis kula sakalangkung ageng tumrap Panjenenganipun?”

Kula remen nyariosaken dhumateng panjenengan bilih manawi panjenengan badhe mendhet sawetawis wekdal kangge nenimbang supados Gusti Allah saestu leres dados Gusti Allah ing gesang panjenengan sapunika, Panjenenganipun badhe mbuktekaken kadospundi saleresipun agenging Panjenenganipun punika! “Amarga tumraping Allah ora ana barang kang mokal” (Lukas 1:37). Mbokmanawi cacat saking tatu kapengker sampun ngangsalaken sakalangkung ageng tumrap raos panolak utawi katilaraken. Punika saged mbekta dhateng raos mesakaken dhateng badan piyambak, kanepson, kasengitan, pikiran-pikiran utawi raos mendhem sengit, raos kuwatir ingkang boten sehat, lan sapanunggalanipun, ingkang nyebabaken prakawis-prakawis ing salebeting sesambetan panjenengan ingkang paling wigatos. Kadospundi kemawon, nglalu punika namung badhe mbekta dhateng karisakan tumrap nresnani tiyang ingkang nate panjenengan sakiti; tatuning pangraos ingkang kedah kabagi kaliyan sisaning gesangipun.

Kenging punapa panjenengan boten tumindak nglalu? Kanca, boten dados punapa sanajan kathah bab-bab awon ing salebeting gesang panjenengan, wonten Gusti Allah ingkang ngasihi ingkang ngantos-antos panjenengan supados Panjenenganipun mimpin panjenengan nglangkungi kawontenan semplahing manah panjenengan, lan medal dhateng pepadhanging Gusti Allah ingkang elok sanget. Panjenenganipun punika pangajeng-ajeng panjenengan ingkang saleresipun. Asmanipun Gusti Yesus.

Yesus punika, Putranipun Allah ingkang tanpa dosa, ingkang tepang panjenengan ingkang wonten ing panolakan lan pangina ing salebeting wekdal panjenengan. Nabi Yesaya, nyerat bab Panjenenganipun, “Panjenengane iku thukul kaya trubusan ana ing ngarsaning Yehuwah, tuwin kaya semen saka ing lemah garing. Ora bagus ing warna lan ora kagungan kaendahan kang njalari kita banjur padha nyawang, sarta ora kagungan rupi kang menginake kita. Panjenengane dianggep asor lan disingkiri ing wong, sawijining priya kang sugenge kebak kasangsaran sarta kang kulina nandhang gerah; banget anggone karemehaken nganti wong padha nutupi raine ana ing ngarsane tuwin sanadyan tumrap kita Panjenengane iku ya ora klebu etungan. Mangka sanyatane lelara kita kang disanggi lan kasangsaran kita kang dirembat, ewasamono kita padha ngira Panjenengane iku kena ing ipat-ipat kagebag tuwin katindhes dening Gusti Allah. Mangka Panjenengane iku sinudukan marga saka anggon kita padha mbalela, Panjenengane karemuk marga saka piala kita; ganjaran paukuman kang nekakake karahayon tumrap kita iku kadhawahake ing Panjenengane, sarta marta saka bilur-bilure kita banjur padha dadi waras. Kita padha nglambrang kaya wedhus, dhewe-dhewe kang kita ener, ewadene Pangerang Yehuwah nempahake sakehing duraka kita marang Panjenengane” (Yesaya 53:2-6).

Kanca, sadaya punika kapikul dening Yesus Kristus supados panjenengan pikantuk pangapuntening sadaya dosa panjenengan! Sapinten kemawon awrating kalepatan ingkang panjenengan sanggi ing gesang panjenengan, mangertosa bilih Panjenenganipun badhe paring pangapuntent dhateng panjenengan manawi panjenengan sumlondhoh ing manah nggetuni dosa (wangsul saking dosa panjenengan, tumuju dhateng Gusti). “Ing dina karubedan sira padha nyebuta marang Ingsun, nuli Ingsun bakal mitulungi sira lan sira bakal ngluhurake Ingsun” (Jabur 50:15). Boten wonten prakawis ingkang sampun nate

panjenengan tindakaken punika sakalangkung awon tumrap Gusti Yesus kangge paring pangapunten. Sawetawis abdi pilihan ing Kitab Suci nate nindakaken dosa ageng, kadosdene, mejahi (Musa), zinah (Raja Daud), sarta panyiksaan badan lan batin (Rasul Paulus). Nanging, sadaya sami angsal pangapunten lan sami nampi kaluberaning gesang enggal wonten ing Gusti Allah. “Mugi Paduka resiko babar pisan saking sakathahing dosa kawula, sarta dosa kawula mugi Paduka ruwat” (Jabur 51:4). “Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar; kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka” (2 Korinta 5:17).

Kenging punapa panjenengan boten tumindak nglalu? Kanca, Gusti Allah jumeneng cumawis ndandosi punapa ingkang “risak” ... inggih punika, gesang panjenengan sapunika, ingkang kepengin panjenengan pungkasi sarana nglalu. Nabi Yesaya nyerat: “Rohe Pangeran Allah ana ing Ingsun, awit Sang Yehuwah wus njabadi Ingsun; Ingsun kautus martakake kabar kabungahan marang para wong kang nandhang sangsara, tuwin rumeksa marang wong-wong kang padha remuk atine, ngundhangake lepasing para tawanan, sarta pangluwaran saka ing pakunjaran marang wong kang pada kaukum, ngundhangake taun sih-rahmating Sang Yehuwah lan dina tumibane piwalesing Allah kita, nglipur sakehing wong kang nandhang susah, ngganjar marang wong-wong mau rerenggan sirah minangka gegentining awu, lenga-pesta minangka liruning bagor, kidung pangalembana minangka gegentining jiwa kang nglentrih, supaya wong-wong mau padha kaaranan “wit elah ing bab kabeneran”, “tanemaning Pangeran Yehuwah” kanggo ngatonake kaluhurane” (Yesaya 61: 1-3).

Sumangga merek dhumateng Gusti Yesus, lan nyumanggakaken Panjenenganipun ndandosi kabingahan panjenengan sarta pigunanipun awit panjenengan pitados dhumateng Gusti Yesus kangge miwiti pakaryan enggal wonten ing gesang panjenengan. “Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa damel resiking manah kawula, sarta batos kawula mugi Paduka enggalaken klayan Roh ingkang santosa. “Temahan kawula badhe mulangaken margi Paduka dhateng para tiyang ingkang lampahipun nasar, supados tiyang dosa sami mratobata dhumateng Paduka. Dhuh Allah, Allahipun karahayon kawula, Paduka mugi karsaa nguwalaken kasula saking anggen kawula kasambutan rah, temah ilat kawula badhe surak-surak martosaken kaadilan Paduka. Dhuh Pangeran, Paduka mugi karsaa mbikan lambe kawula, supados cangkem kasula martosaken kidung pamuji konjuk dhumateng Paduka” (Jabur 51:12, 15-17).

Punapa panjenengan badhe nampi Gusti minangka Juruwilujeng sarta Pangen panjenengan? Panjenenganipun badhe nuntun pikiran sarta langkah panjenengan, satunggaling dinten mangke, langkung Pangandikanipun, Kitab Suci. “Aku arep mulang marang kowe, dah weruhake dalan kang wajib kok ambah; aku arep mituturi kowe, mripatku tumuju marang kowe” (Jabur 32:8). “Jaman tentrem bakal nekani kowe; kasugihan kang marakake slamet iku kawicaksanan lan kawruh; wedi asih marang Sang Yehuwah, iku kang dadi rajabranane Sion” (Yesaya 33:6). Wonten ing Sang Kristus, panjenengan tetep badhe gadhah sesanggan, nanging samangke panjenengan kagungan PANGAJENG-AJENG. Panjenenganipun punika “Ana kanca kang marakake sangsara, nanging uga ana mitra kang rumakete ngungkuli sadulur” (Wulang Bebasan 18:24). Mugi sih-rahmatipun Gusti Yesus wontena ing wekdal panjenengan mendhet pancasan.

Manawi panjenengan kepengin pitados Gusti Yesus dados Juruwilujeng panjenengan, sumangga ngucapaken tembung-tembung punika dhumateng Gusti Allah ing salebeting manah panjenengan. “Dhuh Gusti, kawula perlu Paduka ing gesang kawula. Mugi paring pangapunten dhumateng kawula tumrap sadaya ingkang sampung kawula tindakaken. Kawula masrahaken kapitadosan kawula wonten ing Gusti Yesus Kristus sarta pitados bilih Panjenenganipun punika Juruwilujeng kawula. Mugi ngresiki kawula, maluyakaken kawula, sarta ndandosi kabingahaning gesang kawula. Maturnuwun Paduka ngasihi kawula sarta Gusti Yesus sampun seda tumrap kawula.”

Punapo panjenengan sampun damel pancasan tumrap Kristus sarana punapa ingkang sampun panjenengan waos? Menawi sampun, sumangga klik wonten ing seratan “Kula sampun nampi Kristus dinten punika” ing ngandap.

---

[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Kenging punapa kula boten kaparengaken nglalu?

Kenging punapa kula boten kaparengaken nglalu?

## Sepisan kawilujengaken tansah kawilujengaken?

---

### Pitaken: Sepisan kawilujengaken tansah kawilujengaken?

**Wangsulan:** Sepisan satunggaling pribadi kawilujengaken punapa badhe tansah kawilujengaken? Manawi tiyang ngupados Kristus minangka Juruwilujengipun, tiyang kalawau badhe kabekta dhateng sesambetan kaliyan Gusti Allah awit jaminan kawilujenganipun punika kawilujengan ingkang langgeng. Kathah bagian-bagian saking ayat-ayat Kitab Suci ingkang mratelakaken kanyatan punika. (a) Rum 8:30 mratelakaken, “Sarta wong kang padha katamtokake wiwit ing saka wit iku iya padha katimbalan. Lan kang wus padha ditimbal, iku iya padha kabenerake. Apadene kang wus kabenerake, iku iya padha dimulyakake.” Ayat punika nyariosaken dhumateng kita bilih saking prastawa punika Gusti Allah milih kita, kadosdene manawi kita kamulyakaken wonten ing Panjenenganipun ing swarga. Boten wonten ingkang saged ngalang-alangi tiyang pitados sadinten kemawon memuji awit Gusti Allah sampun nyawisi punapa ingkang katuju ing swarga. Sepisan satunggaling pribadi dipun leresaken, kawilujenganipun sampun dipun jamin – tiyang kalawau aman kados manawi piyambakipun kamulyakaken ing swarga.

(b) Paulus pitaken kalih pitakenan ingkang wigatos ing Rum 8:33-34 “Sapa kang bakal nggugat para pemilihanane Gusti Allah? Apa Gusti Allah kang mbenerake wong-wong mau? Sapa kang bakal matrapi paukuman? Apa Sang Kristus Yesus kang wus seda? Malah luwih saka iku, apa kang wus kawungokake, kang lenggah ana ing satengene Gusti Allah, kang dadi pangemban kita?” Sinten ingkang badhe nggugat pilihanipun Gusti Allah? Boten wonten, awit Kristus ingkang ngemban kita. Sinten ingkang badhe ngukum kita? Boten wonten, awit Kristus, satunggal-satunggalipun ingkang seda tumrap kita, inggih satunggal-satunggalipun ingkang ngleresaken. Kita ndarbeni kekalihipun inggih punika pangemban lan hakim minangka Juruwilujeng kita.

(c) Tiyang pitados lair malih (kaanggalaken) nalika sami pitados (Yokhanan 3:3; Titus 3:5). Tumrap tiyang Kristen supados kecalan kawilujenganipun, mila kedah tetep boten lair malih. Kitab Suci boten maringi katerangan bilih gesang enggal ingkang sampun kaparingaken saged kapundhut malih. (d) Roh Suci wonten ing sadaya tiyang pitados (Yokhanan 14:17; Rum 8:9) sarta mbaptisaken sadaya tiyang pitados wonten ing salebeting Sariranipun Sang Kristus (1 Korinta 12:13). Supados tiyang pitados boten kawilujengaken, piyambakipun kedah “medal” sarta misah saking Sariranipun Sang Kristus.

(e) Yokhanan 3:15 mratelakaken bilih sinten kemawon ingkang pitados ing Gusti Yesus Kristus badhe “ndarbeni gesang langgeng.” Manawi panjenengan pitados dhumateng Kristus ing dinten punika sarta ndarbeni gesang langgeng, nanging kecalan ing nbenjang, lajeng punika boten nate “langgeng” babarpisan. Mila saking punika manawi panjenengan kecalan kawilujengan, prajangi bab gesang langgeng ing Kitab Suci punika ateges lepat.

(f) Awit dasar ingkang paling nemtokaken punika, miturut kula ingkang dipun cariosaken ayat-ayat Kitab Suci punika ingkang paling sae piyambak, “Sabab aku mesthekake, sanadyan pati utawa urip, para malaekat apa para panguwasa, kang saiki ana utawa kang bakal ana apa para panguwasa kang ana ing dhuwur utawa ing ngisor, lan sadhengah titah liyane, ora bakalbisa megatake kita saka ing sihe Gusti Allah, kang ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita” (Rum 8:38-39). Enget Gusti Allah ingkang sami ingkang sampun milujengaken panjenengan ugi Gusti Allah ingkang sami ingkang badhe ngayomi panjenengan. Sepisan kita kawilujengaken kita tansah kawilujeng-aken. Kawilujengan kita punika ingkang paling nemtokaken kalanggenganing kawilujengan!

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Sepisan kawilujengaken tansah kawilujengaken?

## Punapa ingkang kadadosan sasampunipun pejah?

---

### Pitaken: Punapa ingkang kadadosan sasampunipun pejah?

**Wangsulan:** Pitaken bab punapa ingkang kadadosan sasampunipun pejah mbokmanawi mbingungaken. Kitab Suci boten sacara teges nyethakaken bab mbenjang punapa tiyang badhe nggayuh pungkasaning tujuanipun ingkang langgeng. Kitab Suci nyariosaken dhateng kita bilih sasampunipun pejah, tiyang kabekta dhateng Swarga utawi Neraka alambaran punapa tiyang kalawau sampun nampani Kristus minangka Juruwilujengipun. Tumrap tiyang pitados, sasampunipun pejah badhe nilaraken badanipun lan makempal kaliyan Gusti Allah (2 Korinta 5:6-8; Filipi 1:23). Tumrap tiyang boten pitados, sasampunipun pejah ateges paukuman ingkang tanpa kendhat wonten ing Neraka (Lukas 16:22-23).

Punika bab ingkang saged damel bingung bab punapa ingkang kadadosan sasampunipun pejah. Wahyu 20:11-15 nerangaken sadaya ingkang wonten ing Neraka badhe kabucal ing segara latu. Wahyu bab 21-22 nerangaken bab Langit Anyar lan Bumi Anyar. Mila saking punika, bab punika katingalipun bilih ngantos pungkasaning patangen, sasampunipun pejah tiyang dipun panggenaken wonten ing Swarga lan Neraka “sauntawis wekdal”. Tujuan ingkang langgeng saking tiyang punika boten badhe kalintu, nanging “panggenan” ingkang leres saking tujuan ingkang langgeng tiyang punika ingkang badhe kalintoni. Ing wekdal ingkang katemtokaken sasampunipun pejah, tiyang pitados badhe kakintun dhateng Swarga Anyar sarta Bumi Anyar (Wahyu 21:1). Ing wekdal ingkang katemtokaken sasampunipun pejah, tiyang boten pitados badhe kauncalaken wonten ing segantening latu (Wahyu 20:11-15). Punika pungkasanipun, tujuan kalanggenganing sadaya tiyang – sadayanipun kadasaraken dhateng punapa tiyang punika sampun pitados dhumateng Yesus Kristus piyambak minangka pangrembating dosanipun.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa ingkang kadadosan sasampunipun pejah?



## Punapa katentreman ingkang langgeng punika nyondhongi ing Kitab Suci?

---

### Pitaken: Punapa katentreman ingkang langgeng punika nyondhongi ing Kitab Suci?

**Wangsulan:** Manawi tiyang ngupados Kristus minangka Pamartanipun, tiyang punika kabekta dhateng sesambetan kaliyan Gusti Allah ingkang ngreksa katentremanipun ingkang langgeng. Yudas 24 mratelakaken, “Panjenengane kang kuwasa ngreksa marang kowe kabeh, supaya padha ora kasandhung sarta mrenahake kowe kalawan tanpa cacad ana ing ngarsaning kamulyane kanthi sukarena.” Kakiyatanipun Gusti Allah saged njagi tiyang pitados saking dhumawah ing dosa. Punika gumantung kersanipun Gusti Allah, sanes kita, maringi kita saderengipun rawuhipun ingkang mulya. Katentreman kita ingkang langgeng punika karena Gusti Allah ngreksa kita, sanes kita ingkang njagi kawilujengan kita piyambak.

Gusti Yesus Kristus mratelakaken, “Apa dene padha Dakwenehi urip langgeng, lan dheweke mesthi ora bakal padha nemu karusakan salawas-lawase lan ora bakal ana wong kang ngrebut wedhus-wedhus iku saka ing tanganKu. RamaKu kang maringake wedhus-wedhus iki kaluhurane ngungkuli samubarang kabeh, lan ora ana kang bisa ngrebut wedhus-wedhus mau saka ing astane RamaKu.” (Yokhanan 10:28-29b). Kekalihipun Yesus lan Sang Rama saestu ngayomi kita wonten ing astanipun. Sinten ingkang saged misahaken kita saking panganthining astanipun Sang Rama lan Sang Putra?

Efesus 4:30 nyariosaken dhateng kita bilih tiyang pitados punika “dipun cap kangge dinten pangentasan.” Manawi tiyang pitados boten ndarbeni katentreman ingkang langgeng, cap punika saestu boten saged ngantos ing dinten pangentasan, nanging namung ing dinten ing pundi tiyang tumindak dosa, murtad, utawi kecalan kapitadosan. Yokhanan 3: 15-16 nyariosaken dhateng kita bilih sok sintena ingkang pitados ing Yesus Kristus badhe “ndarbeni gesang langgeng”. Manawi tiyang dipun paringi prajanja gesang langgeng, nanging lajeng dipun tarik, punika boten badhe nate miwiti “langgeng”. Manawi katentreman ingkang langgeng punika boten leres, prajanja bab gesang langgeng ing Kitab Suci punika lepat.

Lambaran ingkang kiyat sanget tumrap katentreman ingkang langgeng inggih punika Rum 8:38-39, “Sabab aku mesthekake, sanadyan pati utawa urip, para malaekat apa para panguwasa, kang saiki ana utawa kang bakal ana, apa para panguwasa kang ana ing dhuwur utawa ing ngisor, lan sadhengah titah liyane, ora bakal bisa megatake kita saka ing sihe Gusti Allah, kang ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita.” Katentreman kita ingkang langgeng kalambaraken wonten ing sihipun Gusti Allah ingkang karena punika Panjenenganipun sampun paring panebusan. Katentreman kita ingkang langgeng tinumbas dening Sang Kristus, dipun janjekaken Sang Rama, sarta dipun cap dening Roh Suci.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa katentreman ingkang langgeng punika nyondhongi ing Kitab Suci?

## Punapa wigatosipun baptisan Kristen?

---

### **Pitaken: Punapa wigatosipun baptisan Kristen?**

**Wangsulan:** Baptisan Kristen, miturut Kitab Suci, inggih punika paseksi sacara lair bab punapa ingkang sampun dumados ing salebeting batos tumrap gesangipun tiyang pitados. Baptisan Kristen nggambaraken pitepangan tiyang pitados kaliyan sedaniipun, pamakaman, sarta wungunipun Sang Kristus. Kitab Suci mratelakaken, “Apa kowe padha ora sumurup, yen kita kang wus kabaptis ana ing Sang Kristus iku ateges wus padha kabaptis ana ing sedane? Dadi kita wus padha ndherek kakubur kalawan panjenengane, sarana baptis ing pati mau, supaya padha kaya dene Sang Kristus wus kawungokake saka ing antarane wong mati dening kamulyaning Sang Rama, mangkono ugo kita bakal urip ana ing sajroning urip kang anyar” (Rum 6:3-4 Babagan Anyar). Ing baptisan Kristen, tumindak kasilemaken dhateng toya nggambaraken kakubur kaliyan Sang Kristus. Tumindak ngentasaken saking toya nggambaraken wungunipun Sang Kristus.

Wonten baptisan Kristen, mesthi wonten kalih sarat saderengipun tiyang kabaptis: (1) tiyang ingkang badhe kabaptis kedah pitados ing Yesus Kristus minangka Juruwilujengipun, lan (2) tiyang punika kedah mangertos punapa tegesipun baptisan. Manawi tiyang sumurup bab Gusti Yesus minangka Juruwilujeng, mangertos bilih baptisan Kristen punika satunggaling langkah ingkang mratelakaken kapitadosanipun dhumateng Sang Kristus ing sangajenging tiyang kathah, lan pepenginan kabaptis – satemah boten wonten alasan kangge ngalang-alangi tiyang pitados saking anggenipun kabaptis. Miturut Kitab Suci, baptisan Kristen punika langkah ingkang saestu manut miturut, mratelakaken ing sangajenging tiyang kathah saking kapitadosaning tiyang ing Sang Kristus piyambak tumrap kawilujenganipun. Baptisan Kristen punika wigatos, awit punika satunggaling langkah pangabekti – mratelakaken ing sangajenging tiyang kathah bab kapitadosan ing Sang Kristus lan prajanjani dhumateng Panjenenganipun, sarta pitepangan kaliyan sedaniipun, pakaman-ipun, sarta wungunipun Sang Kristus.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa wigatosipun baptisan Kristen?

## Punapa Kitab Suci mucal bab Trinitas?

### Pitaken: Punapa Kitab Suci mucal bab Trinitas?

**Wangsulun:** Bab ingkang paling angel saking pangertosan Kristen saking Trinitas inggih punika bilih boten wonten cara ingkang cekap kangge nerangaken punika. Trinitas inggih punika pangertosan ingkang mokal tumrap saben tiyang saestu mangertos, saged nerangaken piyambak. Gusti Allah punika maha agung katimbang kita, mila saking punika kita boten badhe kalampahan saged mangertos bab Panjenenganipun. Kitab Suci memucal bilih Sang Rama punika Gusti Allah, bilih Gusti Yesus punika Gusti Allah, lan Sang Roh Suci punika Gusti Allah. Kitab Suci ugi mucalaken bilih namung wonten satunggal Gusti Allah. Sanadyan kita saged mangertos sawetawis kanyatan bab sesambetan ing antawisipun pribadi-pribadi saking Trinitas satunggal lan satunggalipun, wekasanipun, punika boten saged dipun mangertosi dening pikiraning manungsa. Ewa samanten, punika boten ateges boten leres utawi boten adhedhasar bab piwucalipun Kitab Suci.

Manawi sinau bab punika tetep wonten ing pikiran bilih tembung “Trinitas” boten kaginakaken wonten ing ayat Kitab Suci. Punika sesambetan ingkang kaginakaken kangge ngupados nerangaken tiga pribadi saking Gusti Allah, nyatanipun bilih wonten 3 kawontenaning gesang, kawontenaning pribadi ingkang langgeng ingkang arupi Gusti Allah. Mangertos bilih bab punika kadospundi kemawon boten nedahaken wontenipun 3 Gusti Allah. Trinitas punika satunggal Gusti Allah ingkang arupi 3 pribadi. Boten lepat manawi migunakaken tembung “Trinitas” malah sanadyan tembung punika boten pinanggih ing Kitab Suci. Langkung cekak kangge ngucapaken tembung “Trinitas” katimbang ngucapaken “3 kawontenaning gesang, kawontenaning pribadi ingkang langgeng ingkang arupi satunggal Gusti Allah.” Manawi bab punika dados prakawis tumrap panjenengan, tetimbangaken punika: pangandikanipun mbah kakung ugi boten kaginakaken ing Kitab Suci. Nanging, kita sumerep wonten mbah kakung ing Kitab Suci. Abraham punika mbah kakungipun Yakob. Mila sampun gumantung ing tembung “Trinitas” piyambak. Punapa ingkang saestu wigatos inggih punika bilih pangertosan ingkang DIPUN JARWAKAKEN saking tembung “Trinitas” punika wonten ing Kitab Suci. Lumantar pitepangan ingkang medal saking margi punika, ayat Kitab Suci badhe kaparingaken ing salebeting pirembagan bab Trinitas.

1) Wonten satunggal Gusti Allah: Pangandharing Toret 6:4; 1 Korinta 8:4; Galatia 3:20; 1 Timotius 2:5.

2) Trinitas punika arupi tiga Pribadi: Purwaning Dumadi 1:1; 1:26; 3:22; 11:7; Yesaya 6:8; 48:16; 61:1; Matius 3:16-17; 2 Korinta 13:14. Ing peranganing Prajanjian Lawas, kawruh bab Ibrani sanget mbiyantu. Ing Purwaning Dumadi 1:1, tembung jamak “Elohim” kaginakaken. Ing Purwaning Dumadi 1:26; 3:22; 11:7 lan Yesaya 6:8, tembung gantos jamak kangge “kita” kaginakaken. Awit “Elohim” lan “kita” nedahaken langkung saking kalih punika TANPA pitakenan. Ing basa Inggris, namung wonten kalih bab, tunggal lan jamak. Ing basa Ibrani, wonten tiga bab: tunggal, dual, lan jamak. Dual NAMUNG kaginakaken tumrap kalih. Ing basa Ibrani, tembung dual kaginakaken kangge samukawis ingkang pepasangan kadosdene mripat, kuping, sarta tangan. Tembung “Elohim” lan tembung gantos “kita” punika tembung jamak – temtunipun langkung saking kalih – lan mesthi nedahaken tiga utawi langkung (Sang Rama, Sang Putra, Sang Roh Suci).

Ing Yesaya 48:16 lan 61:1, Sang Putra ngandika kanthi nedahaken Sang Rama lan Sang Roh Suci. Bandhingaken Yesaya 61:1 kaliyan Lukas 4:14-19 kangge nyumurupi bilih punika Sang Putra ingkang ngandika. Matius 3:16-17 mratelakaken kadadosan nalika pambaptisanipun Gusti Yesus. Katingal ing mriki Allah Sang Roh Suci tumedhak ing Allah Sang Putra nalika Allah Sang Rama mratelakaken renaning penggalhipun dhumateng Sang Putra. Matius 28:19 lan 2 Korinta 13:14 punika conto-conto saking 3 pribadi ingkang nyata wonten ing Trinitas.

3) Perangan-peranganing Trinitas dipun bentenaken satunggal lan satunggalipun wonten ing warni-warni perangan: Wonten ing Prajanjian Lawas, “YEHUWAH” dipun bentenaken saking “Yehuwah” (Purwaning Dumadi 19:24; Hosea 1:4). “YEHUWAH” kagungan “Putra” (Zabur 2:7, 12; Wulang Bebasan 30:2-4). Sang Roh Suci dipun bentenaken kaliyan “YEHUWAH” (Wilangan 27:18) lan saking “Gusti Allah” (Zabur 51:10-12). Allah Sang Putra dipun bentenaken saking Allah Sang Rama (Zabur 45:6-7; Ibrani 1:8-9). Wonten ing Prajanjian Anyar, Yokhanan 14:16-17 ing pundi Gusti Yesus ngandika dhumateng Sang Rama bab maringi panulung, Sang Roh Suci. Punika nedahaken

bilih Gusti Yesus boten mratelakaken Panjenenganipun dados Sang Rama utawi Sang Roh Suci. Ugi mratelakaken ing saben wekdal sanesipun di Kitab Injil ing pundi Gusti Yesus ngandika dhumateng Sang Rama. Punapa Panjenenganipun ngandika dhateng Panjenenganipun piyambak? Boten. Panjenenganipun ngandika dhateng pribadi sanes saking Trinitas – Sang Rama.

4) Saben perangan ing Trinitas punika Gusti Allah: Sang Rama punika Gusti Allah: Yokhanan 6:27; Rum 1:7; 1 Petrus 1:2. Sang Putra punika Gusti Allah: Yokhanan 1:1, 14; Rum 9:5; Kolose 2:9; Ibrani 1:8; 1 Yokhanan 5:20. Sang Roh Suci punika Gusti Allah: Lelakune Para Rasul 5:3-4; 1 Korinta 3:16 (Satunggal-satunggalipun ingkang dedalem inggih punika Sang Roh Suci – Rum 8:9; Yokhanan 14:16-17; Lelakune Para Rasul 2:1-4).

5) Sesambetanipun wonten ing Trinitas: Ayat-ayat Kitab Suci mratelakaken bilih Sang Roh Suci dipun sambetaken kaliyan Sang Rama lan Sang Putra, sarta Sang Putra dipun sambetaken kaliyan Sang Rama. Punika sesambetan ing lebet, lan boten nyangkal kaallahani sadaya pribadi wonten ing Trinitas. Punika perangan ingkang prasaja saking pikiran kita ingkang cupet ingkang boten saged mangertos bab Gusti Allah ingkang tanpa wates. Bab Sang Putra pirsani: Lukas 22:42; Yokhanan 5:36; Yokhanan 20:21; 1 Yokhanan 4:14. Bab Sang Roh Suci pirsani: Yokhanan 14:16; 14:26; 15:26; 16:7 lan mliginipun Yokhanan 16:13-14.

6) Kewajiban sacara pribadi saking peranganing Trinitas: Sang Rama punika sumber pokok utawi dhasaring: 1) jagad (1 Korinta 8:6; Wahyu 4:11); 2) medhar wangsit (Wahyu 1:1); 3) kawilujengan (Yokhanan 3:16-17); sarta 4) pakaryanipun Yesus minangka manungsa (Yokhanan 5:17; 14:10). Sang Rama MRAKARSANI sadaya samukawis punika.

Sang Putra punika wakil dhumateng sinten Sang Rama nindakaken pakaryan-pakaryan punika: 1) nitahaken sarta ngupakara jagad (1 Korinta 8:6; Yokhanan 1:3; Kolose 1:16-17); 2) medhar wangsit (Yokhanan 1:1; Matius 11:27; Wahyu 1:1); sarta 3) kawilujengan (2 Korinta 5:19; Matius 1:21; Yokhanan 4:42). Sang Rama nindakaken sadaya punika wau lumantar Sang Putra, ingkang tumindak minangka wakilipun Sang Rama.

Sang Roh Suci punika sarana dhumateng sinten Sang Rama nindakaken pakaryan-pakaryan punika: 1) nitahaken sarta ngupakara jagad (Purwaning Dumadi 1:2; Ajud 26:13; Zabur 104:30); 2) medhar wangsit (Yokhanan 16:12-15; Efesus 3:5; 2 Petrus 1:21); 3) kawilujengan (Yokhanan 3:6; Titus 3:5; 1 Petrus 1:2); sarta 4) pakaryanipun Yesus (Yesaya 61:1; Lelakune Para Rasul 10:38). Sang Rama nindakaken sadaya punika wau kaliyan panguwaosing Roh Suci.

Boten wonten gegambaran ingkang umum ingkang saestu nyekapi katerangan bab Trinitas. Tigan (utawi apel) mesthi wonten ing salebeting kulitipun, pethak, lan kuning punika perangan saking tigan, sanes tiganipun piyambak. Sang Rama, Sang Putra tuwin Sang Roh Suci punika sanes peranganing Gusti Allah, saben perangan punika wau inggih Gusti Allah. Gegambaran toya punika sakedhik langkung sae nanging taksih kesupen nyekapi katerangan bab Trinitas. Barang encer, kukus, sarta es punika kadadosaken saking toya. Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci sanes peranganing Gusti Allah, saben perangan punika wau inggih Gusti Allah piyambak. Mila, sanadyan gegambaran punika saged maringi kita satunggaling gambaran bab Trinitas, gambar punika babarpisan boten pas. Kamahaagunganipun Gusti Allah boten saged sacara cekap dipun terangaken mawi ge-gambaran ingkang cupet. Minangka gantosing kawigatosan bab Trinitas, cobilah kangge migatosaken bab kanyatan kaagunganipun Gusti Allah lan tanpa watesipun alam ingkang langkung inggil katimbang ingkang kita gadhahi. “Wah, saiba agunging kasugihan, kawicaksanan sarta kawaskithane Gusti Allah! Kabeh putusane pranyata ora kena jinajagan, sarta kabeh tindake ora kena katlusur. Ujer sapa ta kang nyumurupi panggalihane Pangeran? Utawa, sapa ta kang wis tau dadi juru pirembuge?” (Rum 11:33-34).

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa Kitab Suci mucal bab Trinitas?

## **Kados punapa panyawanging tiyang Kristen tumrap tumindak nglalu? Kados pundi miturut Kitab Suci bab nglalu?**

---

### **Pitaken: Kados punapa panyawanging tiyang Kristen tumrap tumindak nglalu? Kados pundi miturut Kitab Suci bab nglalu?**

**Wangsulan:** Miturut Kitab Suci, punapa tiyang tumindak nglalu punika boten nemtokaken punapa piyambakipun saged lumebet dhateng swarga. Manawi tiyang ingkang boten kawilujengaken tumindak nglalu, piyambakipun boten tumindak punapa-punapa nanging “nglancaraken” lelampahanipun tumuju segantening latu. Mila saking punika, tiyang ingkang nglalu wekasnipun badhe wonten ing neraka amargi nolak kawilujengan langkung Sang Kristus, boten karana tumindak nglalu. Kitab Suci nyebataken kanthi teges sekawan tiyang ingkang tumindak nglalu: Saul (1 Samuel 31:4), Ahithophel (2 Samuel 17:23), Zimri (1 Para Raja 16:18), sarta Yudas (Matius 27:5). Saben nami kalawau jahat, awon, kebak dosa. Miturut Kitab Suci nglalu punika sami kaliyan mejahi – inggih punika – mejahi badanipun piyambak. Gusti Allah punika satunggal-satunggalipun ingkang nemtokaken wekdalipun sarta kados pundi tiyang badhe pejah. Masrahaken kuwaos ing tangan panjenengan piyambak, miturut Kitab Suci, punika nyenyamah dhumateng Gusti Allah.

Punapa pangandikaning Kitab Suci bab tiyang Kristen ingkang nglalu? Kula boten bilih tiyang Kristen ingkang tumindak nglalu badhe kecalan kawilujengan lan mlebet ing neraka. Kitab Suci mucalaken bilih saking prastawa tiyang saestu pitados ing Sang Kristus, piyambakipun aman salaminya (Yokhanan 3:16). Miturut Kitab Suci, tiyang Kristen sumurup saged nglangkungi raos mangu-mangu awit tiyang kalawau darbe gesang langgeng boten dados prakawis punapa ingkang kadadosan. “Anggonku nulis prakara iki mau kabeh marang kowe iku, supaya kowe kang padha pracaya marang asmane Putraning Allah padha sumurupa, yen kowe kabeh iku padha nduweni urip langgeng” (1 Yokhanan 5:13). Boten wonten ingkang saged misahaken tiyang Kristen saking sihipun Gusti Allah. “Sabab aku mesthekake, sanadyan pati utawa urip, para malaekat utawa para panguwasa, kang saiki utawa kang bakal ana, apa para panguwasa ing dhuwur utawa ing ngisor, lan sadhengah titah liyane, ora bakal bisa megatake kita saka ing sihe Gusti Allah, kang ana ing sang Kristus Yesus Gusti kita” (Rum 8:38-39). Manawi boten wonten “mitah” ingkang saged megataken tiyang Kristen saking sihipun Gusti Allah, sarta malah tiyang Kristen ingkang tumindak nglalu punika satunggaling “mitah,” mila nglalu punika boten saged megataken tiyang punika saking sihipun Gusti Allah. Gusti Yesus seda tumrap sadaya dosa kita ... lan manawi leres tumrap tiyang Kristen, ing wekdal batospun nembe nglentrih lan katempuh ing prahara, tumindak nglalu – punika dados dosa awit Gusti Yesus sampun seda tumrap dosa punika.

Boten dipun cariosaken bilih nglalu punika sanes dosa ingkang saestu lumawan dhateng Gusti Allah. Miturut Kitab Suci, nglalu punika mejahi, punika tansah dosa. Kula rumaos saestu mangu-mangu bab kapitadosan ingkang sajatos saking tiyang ingkang sampun mratelakaken dados Kristen, tumindak nglalu. Boten wonten kawontenan ingkang saged ngleresaken tiyang ingkang utaminipun tiyang Kristen, nemtokaken gesangipun piyambak. Tiyang Kristen katimbalan supados gesangipun kangge Gusti Allah – pancasan tumrap mbenjang punapa pejah punika katamtuanipun Gusti Allah lan namung Gusti Allah. Mbokmanawi cara ingkang sae kangge nggambaraken bab nglalu tumrap tiyang Kristen saged kapendhet saking Kitab Ester. Ing Persia, gadhah angger-angger bilih sok sintena ingkang sowan dhateng raja tanpa dipun timbali, tiyang punika saged kaukum pejah kajawi raja ngacungaken tongkat lambang panguwaosipun dhateng tiyang punika ingkang nedahaken sih piwelasiipun. Nglalu tumrap tiyang Kristen badhe meksa margi panjenengan tumuju dhateng Sang Raja minangka gantosing nengga Panjenenganipun nimbali panjenengan. Panjenenganipun badhe ngacungaken tongkat lambang panguwaosipun dhateng panjenengan, nglestantunaken gesang langgeng panjenengan, nanging punika boten ateges bilih Panjenenganipun remen kaliyan panjenengan. Sanadyan punika sanes nerangaken bab nglalu, ayat Kitab Suci saking 1 Korinta 3:15 punika mbokmanawi katerangan ingkang sae tumrap punapa ingkang kadadosan dhumateng tiyang Kristen ingkang tumindak nglalu: “Manawa garapane kobong, wong iku bakal kapitunan, nanging awake dhewe bakal kapitulungan rahayu, mung bae patrape kaya mentas saka geni.”

---

[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Kados punapa panyawanging tiyang Kristen tumrap tumindak nglalu? Kados pundi miturut Kitab Suci bab nglalu?

Kados punapa panyawanging tiyang Kristen tumrap tumindak nglalu? Kados pundi miturut Kitab Suci bab nglalu?

## Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab dedana saprasadasa?

---

### **Pitaken: Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab dedana saprasadasa?**

**Wangsulan:** Dedana punika satunggaling bab ingkang dipun geluti tiyang Kristen. Ing kathah gereja dedana saprasadasa punika sakalangkung dipun tegesaken. Ing wekdal ingkang sami, kathah tiyang Kristen ingkang nolak sumarah dhumateng panggulawenthahing Kitab Suci ing piwucal bab pisungsi dhumateng Gusti Allah. Dedana/pisungsi punika dipun pikajeng-aken dados sesukan, berkah. Emanipun, punika bab ingkang awis-awis sanget pinanggih ing gereja ing wekdal samangeke.

Dedana saprasadasa punika pangertosan ing Prajanjian Lawas. Dedana punika kewajiban angger-angger ing pundi sadaya tiyang Israel nyukakaken 10% saking punapa kemawon ingkang sami dipun angsalaken lan dipun tanem dhateng Tabernakel / Bait Suci (Kaimaman 27:30; Wilangan 18:26; Pangandharing Toret 14:24; 2 Babad 31:5). Sawetawis pangertosan pisungsi ing Prajanjian Lawas kados dene pajak kangge nyawisi kaperluan upacara kurban tumrap para pandhita lan Imam. Ing Prajanjian Anyar boten wonten dhawuh, utawi malah piwucal bilih tiyang Kristen pasrah dhumateng cara pisungsi ingkang cocok kaliyan angger-angger. Paulus ngandika bilih tiyang pitados kedah nyisahaken saperangan pangasilanipun supados nyengkuyung kaperluaning gereja (1 Korinta 16:1-2).

Ing Prajanjian Anyar boten wonten katamtuan ingkang tetep bab peranganing pangasilan ingkang kasisihaken, nanging namung kacariosaken “cocok karo pametune” (1 Korinta 16:2). Gereja Kristen dasaripun mendhet angka pisungsi 10% saking Prajanjian Lawas sarta matrapaken punika minangka satunggaling “anjuran sakedhik-sakedhikipun” pisungsi-ipun tiyang Kristen. Nanging, tiyang Kristen boten kedah rumaos kawajibaken tansah ngaturaken pisungsi. Tiyang Kristen sedahipun ngaturaken pisungsi sasagedipun, “cocok kaliyan pamedalipun.” Kadang-kadang punika ateges pisungsi langkung kathah saking saprasadasa. Sadaya gumantung kasagedanipun tiyang punika sarta kabetahaning gereja. Piyambak-piyambak lan saben tiyang Kristen kedahipun sregep ndedonga lan nyuwun kawicaksanan-pun Gusti Allah bab punapa kemawon kangge nyengkuyung bab pisungsi saprasadasa lan/utawi kangge sapinten kathahipun tiyang Kristen jaler utawi estri kedahipun ngaturi pisungsi (Yakobus 1:5). “Saben wong pawewehe dikaya kang dadi rilaning atine, aja kanthi sedhik utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawewehe kanthi suka-rila” (2 Korinta 9:7).

---

### **[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab dedana saprasadasa?

## Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab seks saderengipun pernikahan?

---

### Pitaken: Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab seks saderengipun pernikahan?

**Wangsulan:** Sesarengan kaliyan sadaya warnining seks ingkang nerak kasusilan, seks sadereng-ipun pernikahan punika wongsal-wangsul dipun supatani wonten ing ayat Kitab Suci (Lelakune Para Rasul 15:20; Rum 1:29; 1 Korinta 5:1; 6:13, 18; 7:2; 10:8; 2 Korinta 12:21; Galati 5:19; Efesus 5:3; Kolose 3:5; 1 Tesalonika 4:3; Yudas 7). Kitab Suci martosaken pantanganipun saderengipun pernikahan. Seks saderengipun pernikahan punika sami lepatipun kaliyan jina utawi rupining panerak kasusilan sanes, awit sadaya sami kalebet sesambetan seks kaliyan tiyang ingkang dereng dipun nikahi. Namung seks antawisipun semah lan pawestrinipun punika ingkang dipun keparengaken dening Gusti Allah (Ibrani 13:4).

Seks saderengipun nikah sampun dados bab ingkang limrah tumrap sawetawis alasan. Kita asring sakalangkung tebih nujokaken dhateng “pakareman” bab seks tanpa ngajeni bab “nitahaken malih”. Saestu, seks punika ngremenaken. Gusti Allah sampun ngrancang bab punika. Panjenenganipun kepengin pia lan wanita ngraosaken seks (ing salebeting wates pernikahan). Ewa samanten, tujuan utami saking seks punika sanes pakareman, nanging supados tangkar-tumangkar. Gusti Allah boten ngayomi saking paukuman tumrap seks saderengipun pernikahan punika boten kangge ngrampas pakareman kita, nanging ngayomi kita saking ngandhut ingkang boten kita kepengini lan lare-lare lair saking tiyang sepuh ingkang boten kepengin lare punika lair utawi boten cumawis dados tiyang sepuh tumrap para lare kalawau. Cobi panjenengan gambaraken sapinten langkung saenipun jagad kita manawi tataranipun Gusti Allah bab seks dipun turuti: langkung sakedhik nularaken penyakit lumantar seks, langkung sakedhik ibu ing sawawining pernikahan, langkung sakedhik ngandhut ingkang boten dipun kepengini, langkung sakedhik tiyang ngguguraken kandhutan, lan sapanunggalanipun. Bab pantangan punika satunggal-satunggalipun kawicaksananipun Gusti Allah manawi bab punika kasambetaken kaliyan seks saderengipun pernikahan. Bab pantangan milujengaken gesang, ngayomi para bayi, maringi sesambetan seksual tumrap aji ingkang samesthinipun, sarta ingkang paling wigatos inggih punika kangge mulyakaken Gusti Allah.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab seks saderengipun pernikahan?



## Kitab Suci ngandika punapa bab pernikahan antawis suku bangsa?

---

### Pitaken: Kitab Suci ngandika punapa bab pernikahan antawis suku bangsa?

**Wangsul:** Angger-angger Prajanjian Lawas marintahaken bangsa Israel supados boten pernikahan antawis suku bangsa (Pangandaring Toret 7:3-4). Dasariipun inggih punika bilih bangsa Israel badhe kasimpangaken saking Gusti Allah manawi tiyang Israel pernikahan kaliyan suku bangsa sanes ingkang nyembah brahala, utawi kafir. Ugeran ingkang sami kapaparaken ing Prajanjian Anyar, nanging wonten ing tingkat ingkang benten: “Aja nganti kowe padha dadi rakitan kang ora timbang karo wong kang ora pracaya. Sabab kabeneran iku ana gegayutane apa karo duraka? Utawa kepriye bisane pepadhang tetunggalan karo pepeteng?” (2 Korinta 6:14). Namung bangsa Israel (ingkang pitados dhateng Gusti Allah ingkang leres) dipun dhawuhi supados boten pernikahan kaliyan bangsa ingkang boten pitados Gusti Allah, makaten ugi tiyang Kristen (ingkang pitados dhateng Gusti Allah ingkang leres) kadhawuhan supados boten pernikahan kaliyan tiyang ingkang boten pitados. Wangsul pitakenan punika sacara teges, boten, Kitab Suci boten ngandika bilih pernikahan antawis suku bangsa punika lepat.

Satunggaling pribadi badhe kasumurupi saking watakipun, sanes awit warnining kulit. Kita sadaya kedah atos-atos boten nedahaken kasengsem dhumateng tiyang, ugi boten sujana utawi nggolongaken tiyang sanes (Yakobus 2:1-10, pirsani mligi ing ayat 1 lan 9). Pathokanipun tiyang Kristen kangge milah-milah kanca badhe tansah manggih manawi pribadi ingkang dipun remeni punika tiyang Kristen (2 Korintus 6:14), tiyang ingkang lair malih kalawan pitados ing Gusti Yesus Kristus (Yokhanan 3:3-5). Kapitadosan ing Sang Kristus, sanes warnining kulit, punika pathokaning Kitab Suci kangge milih jodho. Pernikahan antawis suku bangsa punika boten dados prakawis leres utawi lepat, nanging kawicaksanan, kalantipan, sarta pandonga.

Dasar satunggal-satunggalipun pernikahan antawis bangsa ingkang kedah kanimbang-nimbang kalawan atos-atos inggih punika awit warni-warni rerubed ingkang mbokmanawi dipun ajengaken dening pasangan campuran bangsa (ras) awit tiyang-tiyang sanes badhe kawratan nampi pasangan punika wau. Kathah tumindak mbentenaken lan kasepelekaken dipun alami pasangan antawis suku bangsa, kadang-kala malah saking kulawarganipun piyambak. Sawetawis pasangan antawis suku bangsa ngalami rubeda manawi anak-anakipun gadhah sipat kulit ingkang benten kaliyan tiyang sepuhipun sarta/utawi sadherek tunggal bapa-ibu. Pasangan antawis suku bangsa perlu mendhet punika dados tetimbangan lan cumawis tumrap bab punika, manawi badhe damel pancasan pernikahan. Kaliyan malih, langkung rumiyin, ugeraning Kitab Suci ingkang kapasrahaken dhateng tiyang Kristen ing bab pernikahan inggih punika punapa tiyang sanes punika anggotaning Sariranipun Sang Kristus.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Kitab Suci ngandika punapa bab pernikahan antawis suku bangsa?

## Kadospundi pangandikanipun Kitab Suci bab pegatan lan pernikahan malih?

### Pitaken: Kadospundi pangandikanipun Kitab Suci bab pegatan lan pernikahan malih?

**Wangsulan:** Wiwitan saking sadayanipun, boten dados prakawis punapa pamanggihing tiyang bab pegatan punika wigatos dipun enget-enget tembung-tembung ing Kitab Suci saking Maleachi 2:16a: “Awit Ingsun sengit marang pegatan, mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah, Gusti Allahe Israel.” Miturut Kitab Suci, rancangane Gusti Allah bilih pernikahan punika dados prasetya salamining gesang. “Mulane wus mari dadi loro, mung siji. Awit soko iku, apa kang wus katunggalake dening Allah, ora kena kapisah dening manungsa” (Matius 19:6). Gusti Allah mirsa, kados pundi kemawon, awit jejodhoan punika angliputi kalih manungsa ingkang kebak dosa, mila pegatan saged kadadosan. Ing Prajanjian Lawas, Panjenenganipun maringi sawetawis angger-angger supados ngayomi wewenangipun tiyang ingkang dipun pegat, mliginipun wanita (Pangandharing Toret 24:1-4). Gusti Yesus nerangaken bilih angger-angger punika kaparingaken awit wangkoting manahipun manungsa, boten awit kersanipun Gusti Allah (Matius 19:8).

Bebantahan bab pegatan lan pernikahan malih dipun parengaken miturut Kitab Suci utaminipun kados pangandikanipun Gusti Yesus ing Matius 5:32 lan 19:9. Tembung “kajawi tumrap semah ingkang boten setya” punika namung satunggal-satunggalipun bab ing ayat Kitab Suci ingkang saged paring idin saking Gusti Allah kangge pegatan/pepisanan lan pernikahan malih. Kathah tapsiran pangertosan bab “mirunggan katamtuan” punika kadosdene ingkang dipun sambetaken kaliyan “pasangan ingkang boten setya” samangsa “pacangan.” Ing adat Yahudi, pria lan wanita nimbang-nimbang kangge jejodhoan malah samangsa taksih “pepacangan.” Panerak wewaler samangsa “pacangan” punika salajengipun badhe dados satunggal-satunggalipun dhasar kangge pepisanan.

Sanadyan, tembung Yunani kategesaken “pasangan ingkang boten setya” punika tembung ingkang saged ateges sawetawis bentuk panerak wewalering seksual. Punika saged ateges jina, sundel, lan sapanunggalanipun. Gusti Yesus mbokmanawi ngandika bilih pegatan dipun idini manawi panerak wewalering seksual punika dipun tindakaken. Sesambetan seksual punika perangan ingkang wetah tangsuling jejodhoan “kekalihipun bakal dados daging satunggal” (Purwaning Dumadi 2:24; Matius 19:5; Efesus 5:31). Mila saking punika, medhot tangsung punika awit sesambetan seksual ing sawawining sesemahan badhe dados jalaran tumrap pepisanan. Manawi makaten, Gusti Yesus ugi sampun mikiraken bab pernikahan malih ing perangan punika. Tembung “lan banjur rabi liyane” (Matius 19:9) nedahaken bilih pegatan lan pernikahan malih dipun idini ing salebeting katambuan ingkang dipun bentenaken, badhea dipun tansiraken punapa kemawon. Punika wigatos dipun cathet bilih namung tiyang ingkang boten lepat kaidini pernikahan malih. Sanadyan punika boten kapratelakaken wonten seratan, kalonggaran tumrap pernikahan malih sasampunipun pegatan punika awit kamirahanipun Gusti Allah tumrap tiyang ingkang sampun dosa, sanes karena tiyang punika sampun nerak wewalering seksual. Mbokmanawi wonten bab ing pundi “pihak ingkang lepat” punika kaidini pernikahan malih – nanging sanes makaten pangertosan ingkang dipun wucalaken ing seratan punika.

Sawetawis tiyang mangertos 1 Korinta 7:15 minangka “mirunggan,” sanesipun ngidini pernikahan malih manawi semah ingkang boten saged dipun pitados megat tiyang pitados. Sanadyan, seratan punika boten nyebutaken pernikahan malih, nanging namung carios tiyang pitados boten nglajengaken anggenipun pernikahan manawi semah ingkang boten saged dipun pitados kepengin nilaraken. Pratelan sanesipun bilih tumindak wengis (semah utawi lare) punika dhasar ingkang sah kangge pegatan malah sanadyan sami boten kacathet kados ing Kitab Suci. Sanadyan sanget pinanggih ing nalar punika ingkang dados sababipun, saestu boten sae nyalahgunakaken Pangandikanipun Gusti Allah.

Kadang-kadang mlebet ing bebantahan sawawining perangan ingkang dipun sengker punika kanyatan bilih “pasangan ingkang boten setya” punika tegesipun, nyukani kalonggaran tumrap pepisanan, sanes sarat kangge pepisanan. Malah nalika jina dipun tindakaken dening pasangan saged, karena kamirahanipun Gusti Allah, sinau suka pangapunte lan mulai mbangun malih anggenipun sesemahan. Gusti Allah sampun paring pangapunte dhateng kita sakalangkung kathah. Kedahipun kita saged nuladani contonipun sarta malah ngapunte dosa jina (Efesus 4:32). Nanging, ing kathah kadadosan, pasangan sesemahan boten sami nggetuni lan nglajengaken panerak wewaler seksual. Karena saking punika Matius 19:9 mbokmanawi saged dipun ginakaken. Kathah ugi ingkang ningali

sakalangkung cepet pernikahan malih sasampunipun pegatan nalika Gusti Allah marengaken sami tetep piyambakan. Gusti Allah kadang-kadang nimbali tiyang gesang piyambakan satemah pamigatosipun boten kabagi-bagi (1 Korinta 7:32-35). Pernikahan malih sasampuni-pun pegatan mbokmanawi pilihan ing salebeting sawetawis kawontenan, nanging punika boten ateges satunggal-satunggalipun pilihan.

Punika kawontenan ingkang awrat bilih angka pegatan ing antawisipun tiyang ingkang ngaken Kristen meh sami inggilipun kaliyan jagad ingkang boten pitados. Kitab Suci nyerat kanthi cetha sanget bilih Gusti Allah sengit dhateng pegatan (Maleachi 2:16) lan bilih rujuk sarta pangapunten kedah dados ciri gesangipun tiyang pitados (Lukas 11:4; Efesus 4:32). Ewa samanten, Gusti Allah ngakeni bilih pegatan punika badhe kadadosan, malah ing antawisipun para putranipun Gusti Allah. Tiyang pitados ingkang pegatan lan/utawi pernikahan malih kedahipun boten rumaos kirang dipun tresnani dening Gusti Allah, malah manawi sami pegatan lan/utawi pernikahan malih boten dipun ayomi ing sangandhaping perangan kawontenan ingkang dipun bentenaken ingkang pinanggih ing nalar saking Matius 19:9. Gusti Allah asring migunakaken malah tiyang Kristen ingkang dosa boten miturut kangge nyampurnakaken kasaenan ingkang mulya.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Kadospundi pangandikanipun Kitab Suci bab pegatan lan pernikahan malih?

## **Punapa wanita pikantuk dados pandhita? Punapa ingkang kapangandikakaken dening Kitab Suci bab wanita ing paladosan?**

---

### **Pitaken: Punapa wanita pikantuk dados pandhita? Punapa ingkang kapangandikakaken dening Kitab Suci bab wanita ing paladosan?**

**Wangsulan:** Mbokmanawi boten kathah bab ingkang dipun wicantenaken ing gereja sapunika katimbang bab wanita ingkang ngladosi minangka pandhita wonten ing paladosan. Minangka angsal-angsalipun, punika wigatos sanget kangge boten ningali bab punika kadosdene pria lawan wanita. Kathah wanita ingkang pitados bilih wanita boten samesthinipun ngladosi minangka pandhita lan bilih Kitab Suci paring watesan-watesan wonten ing paladosaning wanita – lan wonten para pria ingkang pitados bilih wanita saged ngladosi kadosdene pandhita lan bilih bonten wonten watesan-watesan wanita wonten ing paladosan. Punika sanes bab sovinsime/sifat patriot ingkang kalangkung-langkung utawi mbentenaken. Punika bab tafsiran sacara Kitab Suci.

1 Timotius 2:11-12 mratelakaken, “Wong wadon iku kudune jatmika lan nampanana piwulang kalawan mbangun turut. Wong wadon ora da wenangake memulang sarta mengku marang kang lanang, nanging jatmika.” Wonten ing gereja, Gusti Allah maringi dhapukan ingkang benten dhumateng tiyang jaler (pria) kaliyan tiyang estri (wanita). Punika angsal-angsalipun caraning manungsa katitahaken (1 Timotius 2:13) lan cara ing pundi dosa lumebet ing jagad (2 Timotius 2:14). Gusti Allah, lumantar seratanipun Rasul Paulus, matesi wanita saking paladosan ing bab pangaribawa ngungkuli pria memucal bab karohanen. Punika ngalang-alangi wanita saking paladosan minangka pandhita, ing pundi mesthi kalabet khotbah, memucal, lan pangaribawa karohanen ngungkuli pria.

Kathah “kawratan” tumrap pamanggih bab wanita ing paladosan/pandhita wanita. Satunggal ingkang limrah inggih punika bilih Paulus matesi wanita saking memucal sabab ing abad kapisan, wanita sami boten sekolah (sinau bab seserepan). Amargi, 1 Timotius 2:11-14 ing pundi papan nyebutaken kawontenan seserepan. Manawi seserepan dados satunggaling watesan ing paladosan, sabagian ageng para sakabatipun Gusti Yesus sami boten saged nyocogi sarat punika. Kawratan kaping kalih ingkang limrah kadadosan inggih punika bilih Paulus namung matesi para wanita Efesus saking memucal (1 Timotius kaserat kangge Timotius, ingkang dados pandhita ing Efesus). Kitha Efesus kawentar karana dados papaning Artemis, salah satunggaling dewi Yunani/Rum ingkang palsu. Wanita ingkang gadhah panguwaos nindakaken panyembahan tumrap Artemis. Ewa samanten, kitab 1 Timotius ing pundi kemawon nyebutaken Artemis, ugi Paulus boten nyebutaken manembah dhumateng Artemis minangka alasan kangge matesi wonten 1 Timotius 2:11-12.

Kawratan ingkang limrah ingkang kaping tiga inggih punika bilih Paulus namung nyarujuk dhateng pria lan wanita ingkang sesemahan, sanes pria lan wanita umumipun. Tembung Yunani ing 1 Timotius 2:11-14 saged nyarujuk dhateng pria lan wanita ingkang sesemahan. Nanging, teges ingkang dhasar saking tembung punika pria lan wanita. Langkung tebih, tembung Yunani ingkang sami kaginakaken ing ayat-ayat 8-10. Punapa namung pria ingkang emah-emah ingkang kedah ngulungaken tanganipun ingkang suci wonten ing pandonga tanpa kanepson lan padudon (ayat 8)? Punapa namung pawestri ingkang kedah mangangge ingkang pantes, tumindak sae, sarta ngabekti dhumateng Gusti Allah (ayat 9-10)? Temtu kemawon boten. Ayat 8-10 kanthi cetha nyarujuk dhateng pria lan wanita sacara umum, boten namung semah lan pawestri. Boten wonten sesambetanipun bilih badhe nyarujuk nggantosi semah lan pawestri ing ayat 11-14.

Ewa samanten asring kawratan sanesipun tumrap pamanggih bab pandhita /juru kotbah wanita ing sesambetanipun kaliyan Miriam, Deborah, Huldah, Priskila, Febe, lan sapanunggalanipun – wanita ingkang nyepeng kalenggahan mandhegani ing Kitab Suci. Kawratan punika kesupen nyathet kathah bab-bab ingkang wigatos. Ing sesambetanipun kaliyan Deborah, piyambakipun namung satunggal-satunggalipun hakim wanita ing antawisipun 13 hakim pria. Ing sesambetanipun kaliyan Huldah, piyambakipun satunggal-satunggalipun nabi wanita ing antawisipun lusinan nabi pria ingkang kasebut ing Kitab Suci. Sesambetanipun Miriam kaliyan bab mandhegani namung karana piyambakipun punika sadherekipun Musa lan Harun.

Ing Kitab Lelakune Para Rasul, bab 18, Priskila lan Akwila katempangkan minangka abdi ingkang setia dhumateng Kristus. Nami Priskila ingkang kasebut wiwitan, kadosipun nyarujuk bilih piyambakipun langkung “nyolok” ing paladosan katimbang semahipun.

Nanging, Priskila boten katerangaken ing pundi-pundi tumut wonten salebeting paladosan ingkang kosokwangsul kaliyan 1 Timotius 2:11-14. Priskila lan Akwila mbekto Apolos dhateng griyanipun lan kekalihipun sami mucal piyambakipun, nerangaken Pangandikani-pun Gusti Allah dhateng piyambakipun sacara langkung cetha lan teliti (Lelakune Para Rasul 18:26).

Ing Rum 16:1, malah manawi Febe dipun etang kadosdene “juru pamulasara” minangka gantos ing “palados” – punika boten nedahaken bilih Febe punika guru wonten ing gereja. “Saged mucal” punika kaparingaken minangka watesan tumrap pinisepuh nanging sanes juru pamulasara (1 Timotius 3:1-13; Titus 1:6-9). Pinisepuh/bishop/juru pamulasara katerangaken kadosdene “semah saking satunggal pawestri,” “satunggaling pria ingkang dipun pitados dening anak-anakipun,” sarta “pria ingkang pantes kaurmati.” Kaliyan malih, ing Timotius 3:1-13 lan Titus 1:6-9, minangka tembung gantos ing sipating jaler kaginakaken sacara tunggal kangge mratelakaken pinisepuh/bishop/juru pamulasara.

Tatanan basa ing 1 Timotius 2:11-14 damel “alasan” ingkang cetha sanget. Ayat 13 dipun wiwiti mawi “awit” lan nguwuwi “amarga” bab punapa ingkang dipun pratelakaken Paulus ing ayat 11-12. Kenging punapa para wanita boten mucal utawi gadhah kuwaos nglangkungi pria? Awit – “Adam katitahaken rumiyin, nembe Hawa. Lan Adam sanes tiyang ingkang tumindak cidra; wanita ingkang sampun cidra.” Punika alasanipun. Gusti Allah nitahaken Adam rumiyin lan salajengipun nitahaken Hawa supados dados “panulung” tumrap Adam. Urutan tumitah punika gadhah panerapan ingkang nyakup sadayanipun tumrap manungsa sae ing salebeting kulawarga (Efesus 5:22-23) punapa dene ing salebeting gereja. Kasunyatanipun bilih Hawa sampun tumindak cidra ugi dados alasan tumrap wanita boten ngladosi kadosdene pandhita utawi ndabeni kuwaos bab karohanen nglangkungi pria. Punika nedahaken dhumateng kathah tiyang supados pitados bilih wanita kedahipun boten mucal awit para wanita langkung gampang cidra. Pangertosan punika dereng tamtu ... nanging manawi wanita langkung gampang cidra, kenging punapa sami kaparingan palilah nggulawenthah lare-lare (ingkang gampang cidra) lan wanita sanes (ingkang miturut pamanggih langkung gampang cidra)? Punika sanes punapa ingkang kacarios ing seratan punika. Wanita boten mucal utawi gadhah kuwaos karohanen nglangkungi pria awit Hawa sampun cidra. Minangka akibatipun, Gusti Allah sampun maringaken dhateng pria panguwaos mucal ingkang utami ing gereja.

Wanita unggul ing bab sumanak, welas-asih, nggulawenthah lan mitulungi. Kathah saking paladosan gereja gumantung kaliyan wanita. Wanita ing gereja boten kawatesi kangge ndedonga tumrap tiyang kathah utawi medhar wangsit (1 Korinta 11:5), namung gadhah kuwaos memucal bab karohanen nglangkungi pria ingkang kawatesi. Kitab Suci boten matesi wanita saking anggenipun migunakaken peparinging Roh Suci (1 Korinta bab 12). Wanita, kados dene pria, katimbangan lumados tumrap tiyang sanes, supados mratelakaken wohing Roh (Galatia 5:22-23), lan martosaken Injil tumrap tiyang ingkang katriwal (Matius 28:18-20; Lelakune Para Rasul 1:8; 1 Petrus 3:15).

Gusti Allah sampun katah bisaken bilih namung pria ingkang lumados wonten ing bab kuwaos mucal karohanen ing gereja. Punika boten awit pria perlu guru ingkang langkung sae, utawi awit wanita kirang cerdas utawi kirang pinter (ing bab sanes). Kanthi prasaja caranipun Gusti Allah ngrancang gunanipun gereja. Pria nuladani bab mimpin karohanen – ing salebeting gesang lan lumantar wicantenanipun. Wanita mendhet dhapukan ngirangi kawenangan. Wanita kasengkuyung mucal wanita sanes (Titus 2:3-5). Kitab Suci ugi boten matesi wanita saking nggulawenthah para lare. Satunggaling pandamel ingkang kawatesi saking wanita inggih punika memucal sarta mendhet kawenangan karohanen nglangkungi pria. Punika sacara limrah badhe ngliputi wanita ingkang lumados minangka pandhita. Punika boten damel wanita dados kirang wigatos, mawi cara punapa kemawon, nanging langkung maringi para wanita supados paladosanipun langkung tumuju ing bab ingkang nyondhongi ing kanugrahaning Gusti Allah ingkang kaparingaken tumrap para wanita kalawau.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa wanita pikantuk dados pandhita? Punapa ingkang kapangandikakaken dening Kitab Suci bab wanita ing paladosan?

## Punapa punika kanugrahan wicanten ngangge basa roh?

### Pitaken: Punapa punika kanugrahan wicanten ngangge basa roh?

**Wangsulan:** Kadadosan ingkang wiwitan bab wicanten ngangge basa roh kalampahan ing Dinten Pentakosta ing Lelampahaning Para Rasul 2:1-4. Para rasul sami medal lan sami bage-binage Injil kaliyan tiyang kathah, wicanten dhumateng tiyang kathah mawi basanipun piyambak, “kita krungu wong-wong iku padha calathu nganggo basa kita dhewe-dhewe bab pakaryan-pakaryan agung kang katindakake dening Gusti Allah!” (Lelakune Para Rasul 2:11). Tembung Yunani dipun terjemahaken “ilat” tegesipun sacara harafiah “basa”. Mila saking punika, kanugrahan wicanten ngangge basa roh punika wicanten ing salebeting basaning satunggaling tiyang boten dipun mangertosi supados lumados dhateng sok sintena ingkang saged wicanten mawi basa punika wau. Ing 1 Korinta bab 12-14, ing pundi Paulus ngrembag bab kanugrahan kaelokan, piyambakipun nerangaken bilih, “Kang iku para sadulur,saupama aku nekani kowe lan ngucap nganggo basa roh, iku apa paedha tumraping kowe, manawa aku ora mratelakake bab wedharaning Allah, apa kawruh, utawa pamedhar wangsit apa piwulang?” (1 Korinta 14:6). Miturut Rasul Paulus, sarta miturut dhateng katerangan bab basa ing kitab Lelakune Para Rasul, wicanten ngangge basa roh punika begja tumrap tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti Allah kados ing basanipun piyambak, nanging punika tanpa guna tumrap tiyang sanes – kajawi manawi saged dipun jarwakaken/dipun tegesaken.

Tiyang ingkang kaparingan kanugrahan njarwakaken basa roh (1 Korinta 12:30) saged mangertos punapa ingkang dipun ucapaken dening tiyang ingkang wicanten mawi basa roh malah sanadyan tiyang punika boten mangertos basa ingkang sampun dipun ucapaken. Panjarwa punika lajeng badhe nyariosaken pitutur saking pamicara basa roh dhateng tiyang sanes, satemah sadaya saged mangertos. “Mulane sing sapa ngucapake basa-roh, nyenyuwuna supaya bisa njarwakake” (1 Korinta 14:13). Miturut wusananing pamanggihipun Paulus ingkang kiyat sanget bab basa-roh ingkang boten saged kajarwakaken, “Nanging ana ing pasamuwan aku luwih seneng ngucapake limang tembung kang bisa dimangerteni kanggo mulang wong liya, katimbang tembung pirang-pirang ewu ing basa-roh” (1 Korinta 14:19).

Punapa taksih wonten kanugrahan wicanten mawi basa-roh ing wekdal punika? 1 Korinta 13:8 nyebutaken mandegipun kanugrahan basa-roh, saleresipun punika sesambetan kaliyan dhatengipun “kasampurnan” ing 1 Korinta 13:10. Wonten ing wekdal ingkang sampun katemtokaken ingkang sesambetan kaliyan bentenipun pamedhar wangsit kaliyan kawruh “sigeg” kaliyan basa-roh “nembe kasigeg” minangka bukti saking sigegipun basa-roh saderengipun dhateng “kasampurnan.” Sanadyan mbokmanawi, punika boten sacara gamblang katingal saking ayat punika. Wonten ugi ing perangan saking Yesaya 28:11 lan Yoel 2:28-29 minangka bukti bilih wicanten mawi basa-roh punika satunggaling tandha saking pangadilan Gusti Allah ingkang saya celak. 1 Korinta 14:22 nerangaken basa-roh minangka “tandha tumrap tiyang ingkang boten pitados.” Sesambetan kaliyan pamanggih punika, kanugrahan basa-roh punika pangendet tumrap tiyang Yahudi bilih Gusti Allah badhe ngadili Israel awit panolakipun dhumateng Yesus Kristus minangka Mesias. Mila saking punika, nalika Gusti Allah ngadili Israel (kaliyan ngrisakaken Yerusalem lumantar tiyang Rumawi ing tahun 70 sasampunipun Gusti Yesus miyos), kanugrahan basa-roh boten dangu malih lajeng boten dipun gunakaken miturut tujuan ingkang saleresipun. Sanadyan pamanggih punika saged ugi leres, tujuan ingkang utami saking basa-roh ingkang dipun penuhi boten perlu nuntut bab panyigeg basa-roh punika. Ayat Kitab Suci boten kanthi yakin negesaken bilih kanugrahan wicanten mawi basa-roh sampun sigeg/mandheg.

Ing wekdal ingkang sami, manawi kanugrahan wicanten ing salebeting basa-roh ingkang kangge ing gereja samangke, punika badhe dipun wotenaken ing salebeting pasarujukan kaliyan ayat Kitab Suci. Punika badhe dados basa ingkang nyata sarta kapiyeng cetha (1 Korinta 14:10). Punika badhe dados tujuan saking sesambetaning Pangandikanipun Gusti Allah kaliyan tiyang saking basa ingkang benten (Lelakune Para Rasul 2:6-23). Punika badhe dados pasarujukan kaliyan panjurung bilih Gusti Allah sampun maringi lumantar Rasul Paulus, “Dene manawa ana kang ngucap nganggo basa roh, becike wong loro utawa keh-kehe wong telu bae, giliran, lan anaa siji kang njarwakake. Nanging manawa ora ana wong kang bisa njarwakake, becike wong-wong mau ana ing pasamuwanpadha menenga bae, mung mosika ana ing atine dhewe. Lan munjuk ana ing ngarsaning Allah” (1 Korinta 14:27-28). Punika ugi dados pamituhu tumrap 1 Korinta 14:33, “Awit kang dadi keparenge Gusti Allah iku ora ngarsakake kaanan kang kisruh, nanging kang tatarukun.”

Gusti Allah mesthi saged maringi kanugrahan dhateng tiyang kangge wicanten ing basa-roh supados sami saged rembagan kaliyan tiyang ingkang wicanten salebeting basa ingkang benten. Roh Suci kuwaos nyebaraken kanugrahan roh (1 Korinta 12:11). Namung nggambaraken sapinten langkung kathahipun pakaryaning para pawartos Injil saged dados manawi sami boten kedah sinau bab basa, lan enggal-enggal saged rembagan dhateng tiyang-tiyang ing salebeting basanipun piyambak. Nanging, Gusti Allah katingalipun boten nindakaken punika. Katingalipun basa-roh ingkang wonten ing wekdal punika boten kados basa-roh ingkang dumados ing Prajanjian Anyar sanadyan kanyatanipun bilih basa roh punika mbokmanawi sanget migunani. Saperangan ageng tiyang pitados ingkang ngakeni migunakaken kanugrahan wicanten mawi basa-roh ugi boten nindakaken kanthi pasarujuk-an kaliyan ayat-ayat Kitab Suci kasebat ing nginggil. Kanyatan punika mbekta dhateng wekasaning pamanggih bilih kanugrahan basa roh sampun kasigeg, utawi sakirang-kirangipun bab ingkang awis-awis sanget kadadosan wonten ing rancanganipun Gusti Allah tumrap pasamuwanipun ing wekdal samangke.

Sinten ingkang pitados kanugrahan basa roh minangka “basa pandonga” kangge kagunan rohanipun piyambak, pikantuk gegambaranipun saking 1 Korinta 14:4 lan/utawi 14:28, “Sing sapa calathu nganggo basa roh iku mbangun awake dhewe, balik sapa kang medhar wangsit iku mbangun pasamuwan.” Ing sadaya bab 14, Paulus negesaken wigatosipun basa roh ingkang dipun wedharaken (dipun jarwakaken), pirsani bab 14:5-12. Punapa pangandikanipun Paulus ing ayat 4 inggih punika, “Manawi panjenengan wicanten mawi basa roh tanpa wonten ingkang saged njarwakaken, panjenengan boten nindakaken punapa-punapa kajawi mbangun panjenengan piyambak, damel panjenengan pinunjul ing karohanen katimbang tiyang sanes. Manawi panjenengan wicanten mawi basa roh lan saged kajarwakaken, panjenengan mbangun sadaya tiyang.” Prajanjian Anyar babarpisan boten maringi pitedah bab “pandonga ing salebeting basa roh.” Prajanjian Anyar babarpisan boten maringi tujuan “pandonga ing salebeting basa roh,” utawi sacara rinci nerangaken tiyang ingkang “ndedonga ing salebeting basa roh.” Langkung malih, manawi “ndedonga mawi basa roh” kangge mbangun dirinipun piyambak, punapa punika badhe boten adil tumrap tiyang ingkang boten gadhah kanugrahan basa roh lan sinten ingkang boten saged mbangun dirinipun piyambak? 1 Korinta 12:29-30 sacara cetha nedahaken bilih boten sadaya tiyang kaparingan kanugrahan wicanten ing salebeting basa roh.

---

### **Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Punapa punika kanugrahan wicanten ngangge basa roh?

## Kitab Suci ngandika punapa bab ngombe alkohol/anggur?

---

### Pitaken: Kitab Suci ngandika punapa bab ngombe alkohol/anggur?

**Wangsulan:** Sawetawis ayat nganjuraken supados tiyang nebih saking alkohol (Kaimaman 10:9; Wilangan 6:3; Pangandharing Toret 14:26; 29:6; Para Hakim 13:4,7,14; 1 Samuel 1:15; Wulang Bebasan 20:1; 31:4,6; Yesaya 5:11,22; 24:9; 28:7; 29:9; 56:12; Mika 2:11; Lukas 1:15). Ewa samanten, Ayat Kitab Suci boten ngawisi tiyang Kristen ngombe bir, anggur, utawi omben-omben sanesipun ingkang ngandhut alkohol. Tiyang Kristen dipun dhawuhi nebihi mabuk-mabukan (Efesus 5:18). Kitab Suci nglepataken mabuk-mabukan lan akibatipun (Wulang Bebasan 23:29-35). Tiyang Kristen ugi kadhawuhan supados boten ngidini badanipun “kaprentah” dening punapa kemawon (1 Korinta 6:12; 2 Petrus 2:19). Ayat Kitab Suci ugi ngawisi tiyang Kristen saking tumindak punapa kemawon ingkang saged ugi nyakiti manah sasaminipun utawi mbokmanawi nganjuraken supados nglawan dosa ingkang thukul saking salebeting manah (1 Korinta 8:9-13). Ngengeti paugeran punika, badhe angel sanget tumrap tiyang Kristen nyariosaken bilih sami ngombe alkohol kangge ngluhuraken Gusti Allah (1 Korinta 10:31).

Gusti Yesus ngewahi toya dados anggur. Kadadosan punika katingalipun bilih Gusti Yesus ing wekdal punika Gusti Yesus kadang-kadang ngunjuk anggur (Yokhanan 2:1-11; Matius 26:29). Ing Prajanjian Anyar, toya boten patos bening. Tanpa upaya kasehatan ingkang maju, toya kaisen kaliyan bakteri, virus, lan sadaya warnining kotoran. Bab ingkang sami ing saperangan ageng negari-negari donya katiga punika leres. Minangka asilipun, tiyang asring ngombe anggur (utawi jus woh anggur) awit punika saged ugi boten patos dipun kotori. Ing 1 Timotius 5:23, Paulus ngutus Timotius supados kendel anggenipun ngombe toya (ingkang mbokmanawi ngganggu padharanipun) lan minangka gantosipun ngombe anggur. Tembung anggur ing basa Yunani ing Kitab Suci arupi tembung anggur ingkang kaginakaken ing padintenan. Ing wekdal samanten, anggur dipun rageni, nanging boten kados drajat ing wekdal samangke. Lepat manawi nyariosaken bilih punika jus woh anggur, nanging ugi lepat manawi nyariosaken punika sami kaliyan anggur ingkang kita ginakaken samangke. Malih, ayat Kitab Suci boten perlu ngawisi tiyang Kristen saking anggenipun ngombe bir, anggur, utawi omben-omben sanes ingkang ngandhut alkohol. Alkohol punika boten, ing salabeting lan tumrap alkohol piyambak, dipun kotori dening dosa. Punika, langkung sae, mabuk-mabukan lan nyandu alkohol ingkang tumrap tiyang Kristen saestu dosa ingkang kedah dipun tahan (Efesus 5:18; 1 Korinta 6:12). Wonten paugeran-paugeran ing Kitab Suci, sanadyan, punika saestu angel sanget kangge nbantah bilih tiyang Kristen ngombe alkohol ing takeran ingkang katemtokaken punika kangge ngremenaken Gusti Allah.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Kitab Suci ngandika punapa bab ngombe alkohol/anggur?



## **Punapa pangandikanipun Kitab Suci ngengingi botoh? Punapa botoh punika dosa?**

---

### **Pitaken: Punapa pangandikanipun Kitab Suci ngengingi botoh? Punapa botoh punika dosa?**

**Wangsulan:** Botoh saged dipun tegesaken minangka “notohaken arta kangge nyobi nikelaken arta kanthi totohan.” Kitab Suci boten sacara rinci nyupatani botoh, totohan, utawi lotere. Kitab Suci ngengetaken kita, awit saking punika, supados nebih saking nresnani arta (1 Timotius 6:10; Ibrani 13:5). Ayat Kitab Suci ugi njurungi kita supados nebih saking ngupados “kasugihan kanthi cepet” (Wulang Bebasan 13:11; 23:5; Kohelet 5:10). Botoh saperangan ageng mesthi tujuanipun karena remen dhateng arta lan boten saged kaselaki nggodha tiyang mawi janji cepet lan gampil sugih.

Punapa ingkang lepat kaliyan botoh? Botoh punika bab ingkang angel awit manawi katindakaken sacara limrah lan namung manawi wonten wekdal, punika mbucal arta, nanging punika boten mbetahaken “kajahatan”. Manungsa nelasaken arta ing sadaya prakawis. Botoh boten langkung utawi kirang saking nelasaken arta katimbang ningali bioskop (ing kathah bab), nedha tetedhan ingkang boten perlu awis, utawi belanja barang ingkang boten aji. Ing wekdal ingkang sami, nyatanipun bilih arta katelasaken kangge bab-bab sanes ingkang boten ngleresaken botoh. Arta boten samesthinipun katelasaken. Kakathahan arta kedahipun kasimpen kangge kabetahan pakaryanipun Gusti Allah ing dinten wingking – boten katelasaken kanthi botoh.

Botoh ing Kitab Suci: Sanadyan Kitab Suci boten sacara cetha nyebut botoh, nanging nyebutaken dolanan kanthi “kauntungan” utawi “wekdal.” Minangka contonipun, mbucal undi kados ingkang dipun gunakaken ing Kaimaman kangge milih antawis ngurbanaken mendo lan kurban tiyang. Yosua mbucal undhi kangge nemtokaken bagian siti tumrap warni-warni suku bangsa. Nehemia mbucal undhi kangge nemtokaken sinten ingkang badhe mapan ing sawawining tembok Yerusalem lan sinten ingkang boten. Para rasul mbucal undhi kangge nemtokaken gantosipun Yudas. Wulang Bebasan 16:33 mratelakaken, “Undhi kabuang ing pangkon, nanging sakehing putusane iku saka Sang Yehuwah.” Ing Kitab Suci boten wonten bilih botoh utawi “wekdal” kaginakaken kangge seneng-seneng utawi dipun paringaken minangka satunggaling latihan ingkang pinanggih ing nalar tumrap para pandherekipun Gusti Allah.

Kasino lan lotere: Kasino migunakaken sadaya tiyang saking perangan pangrancang sesadean kangge narik kawigatosaning tiyang ingkang remen botoh supados notohaken artanipun sakathah-kathahipun. Tiyang punika asring nawekaken alkohol kanthi mirah utawi malah boten mbayar, ing pundi njurungi para tiyang ingkang remen mabuk, sarta mawi cara punika dipun kirangi kawasisanipun kangge damel pancasan ingkang wicaksana. Sadaya samukawis ing kasino punika dipun tata sacara sampurna supados ndhatengaken arta ingkang kathah cacahipun lan boten badhe nyukani punapa-punapa, kajawi kangge kakareman ingkang muspra. Lotere ngupados kangge nggambaraken bilih piyambakipun punika satunggaling cara kangge nyekapi kabetahan pasinaon lan utawi kabetahan sosial. Awit saking punika, panitipriksa mratelakaken bilih tiyang ingkang nyengkuyung lotere biasanipun tiyang ingkang sakirang-kirangipun saged gadhah pamedal supados migunakaken artanipun kangge tumbas karcis lotere. Pamikut saking “ndhatengaken arta kanthi cepet” punika ugi panggodha ageng kangge nglawan tiyang ingkang semplah. Wekdal kangge mimpangaken lotere alit sanget, ing pundi angsal-angsalipun tumrap tiyang kathah gesang dados risak.

Kenging punapa pamedal saking lotere boten ngremenaken penggalhipun Gusti Allah: Kathah tiyang mratelakaken main lotere utawi botoh supados ndanakaken artanipun kangge gereja, utawi kangge bab-bab ingkang sae sanesipun. Sanadyan punika mbokmanawi alasan ingkang sae, kanyatanipun bilih sawetawis tiyang migunakaken kame-nangan saking botoh kangge tujuan ingkang saleh. Paniti priksa nedahaken bilih kathah sanget tiyang ingkang mimpang lotere malah kawontenan artanipun langkung awon ing sawetawis tahun sasampunipun mimpang jekpot katimbang saderengipun. Sawetawis, manawi wonten, saestu nyukakaken artanipun kangge bab-bab ingkang sae. Langkung tebih, Gusti Allah boten betah arta kita kangge wragad pakaryanipun ing jagad. Wulang Bebasan 13:11 ngandika, “Bandha kang gampang okehe, mesthi bakal suda nanging wong kang tlaten nglumpukake saka sethithik bakal dadi sugih.”

1 Timotius 6:10 nyariosaken dhateng kita, “Amarga kang dadi witing sakehing piala iku ambek karem bandha. Sabab marga saka anggone mburu dhuwit sawenehing wong padha

nyimpang saka ing pracaya sarta nyiksa awake dhewe kalawan kasusahan warna-warna.” Ibrani 13:5 mratelakaken, “Kowe aja padha karem bandha sarta padha marema ing saanane. Awit Gusti Allah wus ngandika: “Ingsun ora bakal negakake sira lan sira ora pisan-pisan bakal Sun tilar”. Matius 6:24 mratelakaken, “Ora ana wong kang bisa ngrangkep pangawulan, awit ora wurung bendarane kang siji bakal disengiti, sijine dtresnani, utawa bakal setya marang kang siji lan nyepelekake marang sijine. Kowe ora bisa ngawula marang Allah lan marang mamon.”

---

### **Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Punapa pangandikanipun Kitab Suci ngengingi botoh? Punapa botoh punika dosa?

## Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab nggaret badan (tato)?

---

### Pitaken: Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab nggaret badan (tato)?

**Wangsulan:** Angger-angger wonten ing Prajanjian Lawas paring dhawuh dhateng tiyang Israel, “Sira aja nggaret-nggareti awakira marga kepaten lan sira aja gawe ciri-ciri ana ing badanira; Ingsun ini Yehuwah” (Kaimaman 19:28). Mila, sanadyan tiyang pitados ing wekdal punika boten wonten ing sangandhaping angger-angger ing Prajanjian Lawas (Rum 10:4; Galatia 3:23-25; Efesus 2:15), kasunyatanipun bilih wonten dhawuh ingkang nglawan dhumateng tato satemah ndadosaken kita pitaken. Prajanjian Anyar boten ngandika punapa-punapa bab punapa tiyang pitados kedahipun punapa kedahipun boten damel tato.

Gandheng kaliyan tato lan nggareti badan, panguji ingkang sae kangge nemtokaken punapa kita saged kanthi jujur, ing salebeting manah ingkang tulus, nyuwun Gusti Allah supados mberkahi sarta migunakaken padamelan ingkang mligi kangge tujuanipun Gusti Allah piyambak ingkang sae. “Wangsulanku mangkene: Dadio kowe mangan, dadia kowe ngombe, dadia kowe nglakoni apa bae liyane, kabeh iku mau lakonana kagem kaluhurane Gusti Allah” (1 Korinta 10:31). Kitab Suci boten ngandika ingkang nglawan tato utawi nggareti badan, nanging ugi boten maringi dasar tumrap kita kangge pitados bilih Gusti Allah marengaken kita damel tato utawi nggareti badan.

Bab sanesipun kangge nimbang-nimbang inggih punika kasusilan. Kitab Suci paring dhawuh dhumateng kita supados mangangge ingkang susila (1 Timotius 2:9). Satunggal pamanggih mangangge ingkang susila inggih punika nyakinaken sadayanipun ingkang kedah katutupi dening rasukan cekap katutupi. Nanging, teges ingkang dhasar saking kasusilan inggih punika boten narik kawigatosan dhateng panjenengan. Tiyang ingkang ngangge pangangge ingkang susila kados makaten satemah boten narik kawitagosan tumrap tiyang kalawau. Tato sarta nggareti badan kathah-kathahipun mesthi narik kawigatosan. Ing pangertosan punika, tato lan nggareti badan boten susila.

Paugeran sacara Kitab Suci ingkang wigatos ing bab-bab ingkang boten katuju sacara rinci wonten ing Kitab Suci inggih punika bilih manawi wonten panggenan tumrap raos mangu-mangu bab punapa punika kaparengaken dening Gusti Allah, mila punika ingkang paling sae manawi boten migunakaken ing salebeting pandamel. “Mangka samubarang kang ora kalambaran pracaya iku dosa” (Rum 14:23). Kita perlu ngengeti bilih badan kita, punapa dene nyawa kita, sampun katebus lan dados kagunganipun Gusti Allah. Sanadyan 1 Korinta 6:19-20 boten sacara cetha migunakaken tato utawi nggareti badan, punika maringi kita satunggaling paugeran, “Apa kowe padha ora sumurup, yen badanmu iku dadi padalemane Sang Roh Suci kang ana ing kowe, Sang Roh Suci kang kaparingake marang kowe dening Gusti Allah, sarta yen awakmu iku dudu awakmu dhewe? Sabab kowe wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulane padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu.” Kaleresan ingkang ageng punika badhe mbekta sesambetan ingkang nyata tumrap punapa ingkang kita tindakaken lan dhateng pundi kita nglampahaken badan kita. Manawi badan kita kagunganipun Gusti Allah, kita kedahipun nyakinaken kita ndarbeni “palilahipun” Gusti Allah ingkang cetha saderengipun kita “damel tandha” mawi tato lan nggareti badan.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab nggaret badan (tato)?

## **Punapa sato-kewan saged lumebet ing Swarga? Punapa sato-kewan gadhah roh?**

---

### **Pitaken: Punapa sato-kewan saged lumebet ing Swarga? Punapa sato-kewan gadhah roh?**

**Wangsulan:** Kitab Suci boten maringi piwucal ingkang rinci bab punapa sato-kewan gadhah “roh” utawi punapa sato-kewan badhe mlebet ing swarga. Nanging kita saged mendhet sawetawis ayat-ayat dhasar saking Kitab Suci ingkang umum lan nyukani tandha ing bab ingkang pokok. Kitab Suci mratelakaken bilih kekalihipun manungsa (Purwaning Dumadi 2:7) lan sato-kewan (Purwaning Dumadi 1:30; 6:17; 7:15,22) ndarbeni napasing gesang. Bente nipun ingkang utami antawisipun manungsa lan kewan inggih punika bilih manungsa katitahaken mirib gambar lan pasemonipun Gusti Allah (Purwaning Dumadi 1:26-27). Satokewan boten dipun damel mirib gambar lan pasemonipun Gusti Allah. Dipun yasa mirib gambar lan pasemonipun Gusti Allah tegesipun bilih manungsa punika kadosdene Gusti Allah, ndarbeni kaunggulan karohanen, dalah pikiran, pangraos, lan pepenginan – sarta – ndarbeni satunggaling kawontenaning lajengan sasampunipun pejah. Manawi sato-kewan saestu gadhah “roh” utawi kasawang sanes kados rajabrana, mila mesthi bente sarta langkung andhap mutunipun. Bente punika mbokmanawi tegesipun bilih “roh” sato-kewan boten wonten lajenganipun sasampunipun pejah.

Bab sanes kangge nenimbang ing pitakenen punika inggih punika bilih Gusti Allah sampun nitahaken sato-kewan minangka bagian saking lelampahaning pakaryanipun wonten ing Purwaning Dumadi. Gusti Allah nitahaken sato-kewan sarta ngandika sadayanipun sampun prayogi (Purwaning Dumadi 1:25). Ewasemanten, boten wonten alasanipun kenging punapa boten wonten malih sato-kewan wonten ing bumi enggal (Wahyu 21:1). Mesthi badhe wonten sato-kewan sadangunipun pamarintahan sewu tahun (Yesaya 11:6; 65:25). Mokal manawi nyariosaken bab ingkang mesthi punapa sawetawis saking sato-kewan punika mbokbilih ingon-ingon ingkang saged kita darbeni ing bumi mriki. Kita mangertos bilih Gusti Allah punika adil sarta bilih manawi kita lumebet ing Swarga kita badhe manggihi diri kita wonten ing salebeting prajangi ingkang sampurna kaliyan pancasanipun Gusti Allah ing bab punika, punapa kemawon ingkang badhe kadadosan.

---

### **[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Punapa sato-kewan saged lumebet ing Swarga? Punapa sato-kewan gadhah roh?

## Ing pundi Gusti Yesus sadangunipun tigang dinten antawis sedanipun lan wungunipun?

### Pitaken: Ing pundi Gusti Yesus sadangunipun tigang dinten antawis sedanipun lan wungunipun?

**Wangsulan:** 1 Petrus 3:18-19 mratelakaken, “Sabab Gusti Yesus uga wus nglampahi seda sapisan marga dosa kita kabeh, Panjenengane kang tanpa kaluputan kanggo wong-wong kang kaluputan, supaya kita pada bisa kasowanake marang ing ngarsaning Allah: Panjenengane kasedanan mungguh ing kadagingan, nanging kagesangake mungguh ing Roh, sarta ing sajroning Roh iku uga, Panjenengane tedhak ngundhangake Injil marang para roh ana ing pakunjaran.”

Perangan tembung “mungguh ing Roh,” ing ayat 18 saleresipun sami wangunipun kaliyan tembung “mungguh ing kadagingan.” Satemah punika katingalipun paling sae kangge nyambetaken tembung “roh” kaliyan alam ingkang sami kados dene tembung “kadagingan.” Daging lan roh punika kadagingan lan rohing Sang Kristus. Tembung-tembung “kagesangake mungguh ing Roh”, nedahaken dhateng kanyatan bilih Kristus nanggél dosa lan nglampahi seda punika misahaken rohing kamanungsanipun saking Sang Rama (Matius 27:46). Bente antawisipun daging lan roh, kados dene ing Matius 27:41 lan Rum 1:3-4, sarta sanes antawisipun kadaginganipun Kristus lan Roh Suci. Nalika panebusanipun Sang Kristus tumrap dosa sampun lunas, Roh Suci ndandosi sesambetan ingkang sampun risak.

1 Petrus 3:18-22 nerangaken perlunipun sesambetan antawisipun kasangsaranipun Kristus (ayat 18) lan kamulyanipun (ayat 22). Namung Petrus ingkang nyukani katerangan ingkang rinci bab punapa ingkang kadadosan antawis kalih prakawis punika. Tembung “ngundhangake” ing ayat 19 punika sanes tembung ingkang limrah ing Prajanjian Anyar kangge nerangaken bab nyariosaken bab injil. Sacara seratan tegesipun ngawentaraken wartos. Gusti Yesus nandang sangsara lan seda ing kajeng Salib, sariranipun kasedanan, lan Rohipun kasedanan awit Panjenenganipun kadamel dosa. Nanging Rohipun kagesangaken lan Panjenenganipun masrahaken dhumateng Sang Rama. Nocogi kaliyan Petrus, satunggaling wekdal antawis sedanipun lan wungunipun Gusti Yesus ngasta satunggal pranyatan ingkang mligi dhumateng “roh ing pakunjaran.”

Kangge miwiti, Petrus nedahaken dhateng tiyang-tiyang minangka “jiwa” lan sanes “roh” (3:20). Ing Prajanjian Anyar, tembung “roh” dipun ginakaken kangge nerangaken malaekat utawi iblis, sanes manungsa; lan ayat 22 katingalipun nyengkuyung teges punika. Ugi, ing Kitab Suci boten wonten kita nyariosaken bilih Gusti Yesus nuweni neraka. Lelakune Para Rasul 2:31 mratelakaken bilih Panjenenganipun tumedhak ing “Teleng palimengan” (New American Standard Bible/Kitab Suci pathokan enggal Amerika), nanging “Teleng palimengan” punika sanes neraka. Tembung “Teleng palimengan” nerangaken dhateng alaming pepejah, panggenan kangge sauntawis wekdal ing pundi tiyang sami nengga patangen. Wahyu 20:11-15 ing NASB (New American Standard Bible/Kitab Suci pathokan enggal Amerika) utawi New International Version/terjemahan enggal Internasional maringi bente ingkang cetha ing antawisipun bab kalih punika. Neraka punika panggenan ingkang langgeng tumrap paukuman. Teleng palimengan punika panggenan ingkang namung kangge sauntawis wekdal.

Gusti kita masrahaken Nyawanipun dhumateng Sang Rama, seda, lan ing satunggaling wekdal ing antawis seda lan wungunipun, tumedhak ing alaming pepejah ing pundi Panjenenganipun maringi wartos tumrap roh-roh supados (mbokmanawi malaekat ingkang dhawah; waos Yudas 6) ingkang kadospundi kemawon sesambetan kaliyan wekdal saderengipun banjir ing jamanipun Nuh. Ayat 20 damel sadaya punika dados cetha. Petrus boten nyariosaken dhateng kita punapa Panjenenganipun nerangaken dhateng roh-roh ingkang dipun kunjara, nanging punika boten saged dados satunggaling wartos panebusan awit malaekat-malaekat boten saged kawilujengaken (Ibrani 2:16). Punika mbokmanawi satunggaling pratelan kamenangan saking Setan lan rombonganipun (1 Petrus 3:22; Kolose 2:15). Efesus 4:8-10 ugi katingal nedahaken bilih Kristus tindak dhateng “swarga” (Lukas 16:20; 23:43) sarta nyawisaken papan ing swarga kangge sadaya tiyang ingkang pitados dhateng Panjenenganipun saderengipun Panjenenganipun seda. Perangan punika boten maringi cacah ingkang ageng sacara rinci bab punapa ingkang kadadosan, nanging meh sadaya sarjana ing Kitab Suci setuju bilih punika ingkang dipun tegesaken kaliyan “kajengipun pakunjaran nyepeng sok sintena ingkang purun dipun cepeng.”

Ing pundi Gusti Yesus sadangunipun tigang dinten antawis sedanipun lan wungunipun?

Dados, sadaya punika nyariosaken, Kitab Suci boten nyariosaken sadayanipun kanthi cetha punapa ingkang katindakaken dening Kristus sadangunipun tigang dinten antawis sedanipun lan wungunipun. Katingalipun, langkung rumiyin, bilih Panjenenganipun mucal bab kamenangan saking malaekat ingkang dhumawah lan/utawi boten pitados. Punapa ingkang saged kita sumurupi supados pitados bilih Yesus boten maringi manungsa wekdal ingkang kaping kalih kangge kawilujengan. Kitab Suci nyariosaken dhateng kita bilih kita ngadhepi pangadilan sasampunipun pejah (Ibrani 9:27), sanes wekdal ingkang kaping kalih. Boten wonten satunggal kemawon wangsulan ingkang saestu cetha bab punapa ingkang dipun tindakaken Gusti Yesus ing wekdal antawisipun sedanipun kaliyan wungunipun. Mbokmanawi punika salah satunggal saking misteri ingkang badhe kita mangertosi ing wekdal kita saged nggayuh kabingahan.

---

### **[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Ing pundi Gusti Yesus sadangunipun tigang dinten antawis sedanipun lan wungunipun?

## **Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab dinosaurus? Punapa dinosaurus wonten ing Kitab Suci?**

---

### **Pitaken: Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab dinosaurus? Punapa dinosaurus wonten ing Kitab Suci?**

**Wangsulun:** Pokok pawicantenan bab dinosaurus ing Kitab Suci punika perangan saking bebantahan ingkang langkung ageng ingkang nembe lumampah ing salebeting masyarakat Kristen ing sadangunipun umuring jagad, tafsiran ingkang cocok kaliyan Purwaning Dumadi, lan kados pundi napsiraken pitedah sacara badaniah ingkang kita panggih ing sacelak kita. Sadaya tiyang ingkang pitados ing jaman purwa ing bumi condhong setuju bilih Kitab Suci boten nyebutaken bab dinosaurus. Awit miturut tafsiran tiyang punika, dinosaurus pejah langkung saking mayuta-yuta tahun saderengipun manungsa kawitan wonten ing bumi. Tiyang ingkang nyerat Kitab Suci boten saged ningali dinosaurus gesang.

Sadaya tiyang ingkang pitados ing jaman sasampunipun jaman purwa ing bumi condhong setuju bilih Kitab Suci nyebutaken dinosaurus sanadyan punika boten nate saestu migunakaken tembung “dinosaurus.” Minangka gantosipun, migunakaken tembung Ibrani tannlyn. Tannlyn dipun tafsiraken sawetawis cara ingkang berten ing Kitab Suci basa Inggris kita; kadang-kadang arupi “sato kewan aneh ing seganten,” kadang-kadang arupi “sawer raseksa.” Punika asring katapsiraken “naga.” Tannlyn muncul dados sawetawis warni kewan reptil raseksa. Titah punika kasebutaken nyelaki kaping tigangdasas ing Prajanjian Lawas lan pinanggih kekalihipun ing darat lan ing salebeting toya.

Kajawi nyebutaken kewan raseksa punika sacara umum nyelaki kaping tigangdasas sadayanipun ing Prajanjian Lawas, Kitab Suci nerangaken sajodho tumitah kados makaten, satemah sawetawis sarjana pitados bilih panyerat mbokmanawi sampun nerangaken bab dinosaurus. Behemoth kacariosaken ingkang paling kiat saking sadaya titahipun Gusti Allah, raseksa ingkang buntutipun kasamekaken kaliyan uwit cedar (Ayub 40:15ff). Sawetawis sarjana sampun nyobi niti-priksa bab Behemoth salah satunggalipun kados dene gajah utawi badhak lepen. Sanesipun nyebutaken bilih gajah lan badhak lepen gadhah buntut ingkang alit, boten bandhing kaliyan uwit cedar. Dinosaurus kados Brachiosaurus lan Diplodocus ingkang sanesipun gadhah buntut ingkang ageng sanget ingkang saged kabandhingaken kaliyan uwit cedar.

Meh saben kabudayan kina gadhah sawetawis warni seni nggambar titah kewan reptil raseksa. Petroglyphs, artifak (barang ingkang kadamel awit kapinteraning manungsa) lan malah reca alit saking lempung ingkang dipun panggihaken ing Amerika Ler memper gambaraning dinosaurus. Ukiran sela ing Amerika Kidul nggambaraken pria numpak titah kados Diplodokus sarta, anehipun, beruang asring dipun gambaraken kados Triseratop, Pterodaktil- lan Tiranosaurus Rex. Lempengan selo/mosaik Roma, grabah Maya lan tembok kitha Babilonia sadaya mbuktèkaken daya tarik kabudayan ingkang boten wonten tadhingipun saking titah punika. Cathetan sawontenipun saking Marco Polo kados II Millione punika kacampur kaliyan dongeng-dongeng ingkang boten pinanggih ing nalar bab pendeman-barang saking kewan-kewan. Lapuran paniti-priksa ing jaman samange tetep katindakaken sanadyan tiyang-tiyang biasanipun dipun segahi kaliyan raos mangu-mangu ingkang sakalangkung ageng.

Kajawi cacahing anthropic ingkang kathah sanget sarta bukti-bukti sejarah tumrap gesang sesarengan antawis dinosaurus lan manungsa, wonten bukti alamiah sanesipun, kados dene fosil tapak suku manungsa lan dinosaurus ingkang kapanggihaken sesarengan ing panggenan-panggenan ing Amerika Ler lan ing Asia perangan Kilen-Tengah.

Dados, punapa dinosaurus punika wonten ing Kitab Suci? Prakawisipun babarpisan boten katetepaken. Punika gumantung dhateng kadospundi panjenengan napsiraken bukti-bukti ingkang sumadiya lan kadospundi panjenengan mirsani jagad ing sacelak panjenengan. Ing mriki ing GotQuestion.org kita pitados dhumateng tafsiraning sarta nampi bilih dinosaurus lan manungsa gesang sesarengan. Kita pitados bilih dinosaurus musna sawetawis wekdal sasampunipun Banjir patopan awit saking bab ingkang gegandhengan kaliyan ewah-ewahaning lingkungan lan kanyatan bilih dinosaurus sami dipun buru tanpa raos welas supados musna dening manungsa.

---

**Wangsul ing lembaran basa Jawi**

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab dinosaurus? Punapa dinosaurus wonten ing Kitab Suci?



## Sinten semahipun Kain? Punapa semahipun Kain punika adik estrinipun?

---

### Pitaken: Sinten semahipun Kain? Punapa semahipun Kain punika adik estrinipun?

**Wangsulan:** Kitab Suci boten ngandika sacara rinci sinten semahipun Kain. Wangsulani ingkang boten mokal namung bilih semahipun Kain inggih punika adikipun utawi kepenakanipun utawi putu-kepenakanipun, lan sapanunggalanipun. Kitab Suci boten ngandika pinten umuripun Kain nalika piyambakipun mejahi Abil (Purwaning Dumadi 4:8). Awit kekalihipun tani, kekalihipun Kain lan Abil mbokmanawi sampun diwasa, mbokmanawi kaliyan kulawarganipun. Adam lan Hawa mesthi sampun gadhah anak-anak malih kajawi Kain lan Abil ing wekdal Abil dipun pejahi – Adam lan Hawa mesthi lajeng gadhah kathah anak malih (Purwaning Dumadi 5:4). Kasunyatan bilih Kain rumaos ajrih bab gesangipun sasampunipun mejahi Abil (Purwaning Dumadi 4:14) mratandhani bilih mbokmanawi wonten kathah lare sanes lan mbokmanawi malah putu utawi buyutipun Adam lan Hawa ing wekdal punika. Semahipun Kain (Purwaning Dumadi 4:17) inggih punika anak utawi putu estrinipun Adam lan Hawa.

Awit (namung) Adam lan Hawa tiyang-tiyang ingkang wiwitan, anak-anakipun boten gadhah pilihan sanes kajawi jejodhoan ing salebeting kulawarga. Gusti Allah boten ngawisi jejodhoan ing salebeting kulawarga ngantos mangke manawi sampun cekap kathah tiyang satemah pernikahan ing salebeting kulawarga boten perlu malih (Kaimaman 18: 6-18). Dasaripun pernikahan ing salebeting kulawarga asring nuwuhaken keturunan ingkang cacat tumrap lare-lare punika manawi tiyang kalih saking keturunan ingkang sami (contonipun sadherek jaler lan estri) gadhah anak – cacating keturunanipun mbokmanawi langkung kathah awit kekalih tiyang sepuhipun gadhah cacat piyambak-piyambak. Manawi tiyang saking kulawarga ingkang benten gadhah anak – sanget mokal bilih kekalih tiyang sepuhipun badhe gadhah cacat turunan ingkang sami. Ugeran keturunan manungsa sampun tansaya mindhak “dipun regedi” nglangkungi abad minangka cacat turunan ingkang makaping-kaping, katambahan, sarta kawarisaken mangandhap saking keturunan dhateng keturunan salajengipun. Adam lan Hawa boten gadhah cacat turunan supados Adam lan Hawa sarta turunan kapisan saking keturunanipun ndarbeni mutu ingkang langkung sae ing bab kasehatan katimbang ingkang kita alami ing wekdal punika. Anak-anakipun Adam lan Hawa gadhah sawetawis, manawi wonten, cacat turunan. Satemah, aman tumrap tiyang-tiyang kalawau kangge jejodhoan ing salebeting kulawarga. Mbokmanawi punika katingalipun aneh utawi malah njijiki manawi kamanah bilih semahipun Kain punika adikipun piyambak. Ing kawa wiwitan, awit Gusti Allah miwiti kaliyan satunggal tiyang jaler lan satunggal tiyang estri, keturunan kaping kalihipun badhe boten gadhah pilihan kajawi jejodhoan ing antawisipun tiyang-tiyang kalawau piyambak.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Sinten semahipun Kain? Punapa semahipun Kain punika adik estrinipun?

## **Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab tumindak jindik? Punapa jindik punika dosa?**

---

### **Pitaken: Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab tumindak jindik? Punapa jindik punika dosa?**

**Wangsulan:** Kitab Suci kanthi ajeg mratelakaken dhumateng kita bilih tumindak jindik punika dosa (Purwaning Dumadi 19:1-13; Kaimaman 18:22; Rum 1:26-27; 1 Korinta 6:9). Rum 1:26-27 mucal sacara teges bilih jindik punika lantaran nyelaki sarta nyidrani Gusti Allah. Manawi tiyang nglajengaken tumindak dosa lan boten pitados, Kitab Suci nyariosaken dhumateng kita bilih Gusti Allah “masrahaken dhateng tiyang kalawau” badhe tetep wonten ing salebeting dosa ingkang langkung jahat lan risak supados nedahaken dhateng tiyang-tiyang kalawau tanpa guna sarta boten gadhah pangajeng-ajeng dhateng Gusti Allah ing gesangipun. 1 Korinta 6:9 mratelakaken bilih “tiyang dosa” awit jindik boten badhe marisi kratoning Allah.

Gusti Allah boten nitahaken tiyang kalawan pepenginan tumindak jindik. Kitab Suci nyariosaken dhateng kita bilih tiyang dados jindik karena dosa (Rum 1:24-27), sarta wekasanipun awit saking pilihanipun piyambak. Tiyang mbokmanawi kalairaken klawan kaapesan ingkang langkung ageng ing bab jindik, kadosdene tiyang-tiyang ingkang lair klawan nyondhongi tumindak ambek siya sarta dosa-dosa sanesipun. Punika sanes alasan kenging punapa tiyang milih nglampahi dosa sarana pasrah dhateng pepenginan tumindak dosa. Manawi tiyang lair kanthi kakirangan ing bab kanepson/kamurkan ingkang langkung ageng, punapa punika badhe damel sadayanipun sae manawi lajeng pasrah dhateng pepenginan punika? Mesthi kemawon boten! Bab ingkang sami ugi makaten tumrap jindik.

Sanadyan makaten, Kitab Suci boten nerangaken bilih jindik punika dosa ingkang “langkung ageng” katimbang sanesipun. Sadaya dosa punika natoni panggalihipun Gusti Allah. Jindik punika namung salah satunggal saking kathah prakawis ingkang kasebat ing 1 Korinta 6:9-10 ingkang badhe ngalang-alangi tiyang saking kratoning Allah. Miturut Kitab Suci, pangapunten saking Gusti Allah kados ingkang kacawisaken tumrap para jindik punika ugi tumrap tiyang ingkang tumindak jina, panyembah brahala, tiyang ingkang mejahi, maling, lan sapanunggalanipun. Gusti Allah ugi paring prajanji maringi kakiyatan supados kita mimpang saking dosa, kalebet jindik, tumrap sok sintena ingkang pitados ing Yesus Kristus minangka juruwilujengipun (1 Korinta 6:11; 2 Korinta 5:17).

---

### **[Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)**

Punapa pangandikanipun Kitab Suci bab tumindak jindik? Punapa jindik punika dosa?

## Parancapan – punapa punika dosa miturut Kitab Suci?

---

### Pitaken: Parancapan – punapa punika dosa miturut Kitab Suci?

**Wangsulan:** Kitab Suci boten nate sacara teges nyebat parancapan utawi mratelakaken punapa parancapan punika satunggaling dosa. Boten wonten pitakenan, sanadyan, kados punapa tumindak ingkang tumuju dhateng parancapan punika dosa. Boten wonten pitaken, sanadyan, ngengingi punapa tumindak ingkang tumuju parancapan punika dosa. Parancapan punika angsal-angsalipun saking pikiran ingkang kebak ing napsu/birahi, rangsangan seks, sarta/utawi wewayanganing cecabulan. Punika sababipun ingkang perlu dipun sambetaken kaliyan dosa. Manawi dosa karena birahi sarta cecabulan dipun lirwakaken sarta dipun tanggulangi – bab parancapan badhe boten dados prakawis.

Kitab Suci mratelakaken dhumateng kita supados nebihi munculipun tumindak jina ingkang nerak kasusilan (Efesus 5:3). Kula boten ningali kadospundi parancapan saged nglangkungi ujian ingkang utami punika. Kadang kala ujian ingkang sae tumrap punapa satunggaling prakawis punika kalabet dosa punapa boten inggih punika punapa panjenengan badhe rumaos mongkog manawi nyariosaken dhumateng tiyang sanes bab punapa ingkang sampun panjenengan tindakaken. Manawi punika samukawis ingkang damel wirang panjenengan utawi isin manawi ngantos konangan, punika meh mesthi bilih punika dosa. Ujian ingkang sae sanesipun inggih punika kangge nemtokaken punapa kita saged kanthi jujur, kanthi saestu, nyuwun dhumateng Gusti Allah supados mberkahi sarta migunakaken bab ingkang kasengker kangge tujuan ingkang sae tumrap Gusti Allah piyambak. Kula boten rumaos bilih parancapan punika pantes kadosdene samukawis ingkang saged damel kita “mongkog” utawi saged kanthi saestu manawi kita ngaturaken panuwun dhumateng Gusti Allah.

Kitab Suci mucal dhumateng kita, “Wangsulanku mangkene: Dadia kowe mangan, dadia kowe ngombe, dadia nglakoni apa bae liyane, kabeh iku mau lakonana kagem kaluhurane Gusti Allah” (1 Korinta 10:31). Manawi wonten papan ing manah kita ingkang damel mangu-mangu kadosdene punapa punika ngremenaken Gusti Allah, punika ingkang paling sae ingkang kaaturaken. Wonten papan ingkang mesthi tumrap raos mangu-mangu ing bab parancapan. “Nanging sing sapa mangan kanthi mangu-mangu, iku ateges wis kaukum, awit anggone nindakake iku ora dilambari pracaya. Mangka samubarang kang ora kalambaran pracaya iku dosa” (Rum 14:23). Kula boten ningali kenging punapa, miturut Kitab Suci, parancapan saestu saged kanimbang ngluhuraken Gusti Allah. Langkung tebih, kita perlu ngenget-enget bilih badan kita, makaten ugi roh kita, sampun katebus lan dados kagunganipun Gusti Allah. “Apa kowe padha ora sumurup, yen badanmu iku dadi padalemane Sang Roh Suci kang ana ing kowe, Sang Roh Suci kang kaparingake marang kowe dening Gusti Allah, sarta yen awakmu iku dudu awakmu dhewe? Sabab kowe wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulane padha ngluhurna Gusti Allah sarana badanmu” (1 Korinta 6:19-20). Kaleresan ingkang mulya badhe mbekta kanyatan tumrap punapa ingkang kita tindakaken sarta ing pundi kita badhe mbekta badan kita. Mila, ing panganthining pepesthen punika, kula mesthi kedah nyariosaken bilih parancapan punika dosa miturut Kitab Suci. Kula boten pitados bilih parancapan punika ngremenaken Gusti Allah, nyingkiri munculipun tumindak ingkang nerak kasusilan punika, utawi nglangkungi ujian saking Gusti Allah ingkang kagungan badan kita.

---

### [Wangsul ing lembaran basa Jawi](#)

Parancapan – punapa punika dosa miturut Kitab Suci?